**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAĞÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

Qoljazba huqıqında
UDK 821.51

**MAGISTRATURA BÓLIMI**

**5A111301 – qaraqalpaq tili hám ádebiyatı**

**qánigeliginiń pitkeriwshisi**

**Jaqsılıqova Albina Sağınbaevna**

Magistr akademik dárejesin alıw ushın jazǵan

# DISSERTACIYASÍ

Tema: "Ǵárezsizlik dáwri qaraqalpaq prozasınıń janrlıq hám formalıq ózgesheligi"

Mámleketlik attestaciya komissiyasında
qorǵawǵa ruxsat berildi.

| | |
|---|---|
| Magistratura bólim baslığı: | doc. A.Embergenov |
| Magistrant: | A.Jaqsılıqova |
| Ilimiy basshı: | f.i.k., doc. M.Bekbergenova |
| Kafedra baslığı: | f.i.d., prof. K.Allambergenov |

Qaraqalpaq tili hám Qaraqalpaq ádebiyatı kafedraları qospa májlisiniń 2020-jıl 13-maydağı 4-bayanlaması menen qorǵawǵa ruxsat berildi.

Nókis – 2020

ǴÁREZSIZLIK DÁWIR QARAQALPAQ PROZASÍNÍŃ JANRLÍQ HÁM FORMALÍQ ÓZGESHELIGI

## MAZMUNI

**Kirisiw..**.......................................................................................3

**I BAP.** Ǵárezsilik dáwrindegi ádebiyatqa ulıwma sholıw

**II BAP.** Romanlardıń túrleri.

**III BAP** Memuarlıq janr.

**Juwmaq**

**Paydalanılǵan ádebiyatlar.**

## Jumıstıń ulıwma sıpatlaması

**Temanıń áhimiyetliligi:** Kórkem ádebiyat insanǵa estetikalıq zawıq berip qalmastan, ruwxıy jaqtan jetilistirip, tárbiyalap, keń pikirlewge, sana-sezimi ádewir dárejede joqarılawına, átiraptaǵı hár qıylı tábiyiy hám jasalma tosıqlarǵa shıdam menen qarsı tura alıwına, eń baslısı bir sóz benen aytqanda ómir sabaqların kitap, kórkem ádebiy shıǵarma arqalı alıwǵa erisedi.

Ózbekstan Respubliksınıń Birinshi Prezidenti I.Karimovtıń baslaması tiykarında alıp barılǵan tariyxımızdı jańa ilimiy rawajlanıwlar ruwxında úyreniw hám qayta kórip shıǵıw siyasatı óziniń unamlı jemislerin berdi. Bul baǵdarda kóplegen jańa tariyxıy izertlew jumısları alıp barılǵan bolsa, kórkem ádebiyatta bir qansha shıǵarmalar jazıldı. Bul jumıslar mámleketimiz, xalqımız tariyxın jańa hám obyektiv kózqaraslar tiykarında tanıwǵa, jas áwladtı milliy ǵárezsizlik hám demokratizm ruwxında tárbiyalawǵa belgili dárejede úles qospaqta. Atap aytqanda, «Joqarı mánáwiyat–jeńilmes kúsh» kitabında: «...xalıq awızeki ádebiyatınıń úlgilerinen baslap, búgingi kúni kitapxanlarımız ǵáziynesinde saqlanıp atırǵan mıńlap qol jazbalar, olarda jámlengen tariyx, ádebiyat, saniyat, siyasat, ádep-ikramlılıq, filosofiya,medicina, matematika, mieralogiya, ximiya, astronomiya, arxitektura, diyqanshılıq hám basqa tarawlarǵa tiyisli biybaha shıǵarmalar biziń ullı ruwxıy baylıǵımız bolıp tabıladı. Bunday úlken miyrasqa iye bolǵan xalıq dúnyada kem-kemnen tabıladı»[1]

Álbette bul bir jumıstın ishinde biz qaraqalpaq epikalıq janrınıń rawajlanıw tariyxıń tolıq qamtıp alıwımız qıyın. Sonıń ushında bul magistrilik dissertatsiyamızda kórkem ádebiyattaǵı epikalıq súwretlew usılınan kelip shıǵatuǵın proza janrınıń formaların analizge tarttıq. Onıń ishinde de XX ásir qaraqalpaq milliy prozasınıń qáliplesip, rawajlanıp, tolısıp barıwındaǵı, qaraqalpaq epikalıq janrınıń ózgesheligin sıpatlı belgilerine iye shıǵarmalardı tańlap aldıq. Qaraqalpaq proza janrı, onıń kishi hám iri rawajlanıw tariyxın akademik M.K. Nurmuxamedov «Qaraqalpaq sovet prozasınıń rawajlanıw jolları» degen temada

---

[1] Karimov.I.A .Joqarı mánawiyat - jeńilmes kúsh.– Tashkent. Mánawiyat, 2008,30-31-b.

doktorlıq dissertatsiya jaqladı, J.Narımbetov «Qaraqalpaq romanı: onıń qáliplesiwi hám ráwajlanıwı» degen temada kandidatlıq dissertatsiya, Á.Qojıqbaev «Qaraqalpaq romanında konflikt hám qaharman» degen temada kandidatlıq dissertatsiya, S.Bahadırova «Házirgi qaraqalpaq gúrrińleri» degen temada kandidatlıq dissertatsiya, K.Kamalov «Qaraqalpaq povesti: janrdıń evolyutsiyası» degen temasıda kandidatlıq dissertatsiya, K.Sultanov «Házirgi prozanıń rawajlanıw baǵdarları» degen temada doktorlıq dissertatsiya jumısların jaqlaǵan. Bunnan basqada qaraqalpaq epikalıq janrınıń mashqalaları boyınsha ádebiyatshı alımlar Á.Nasrullaev, K.Mámbetov, S.Axmetov, T.Mámbetniyazov, K.Allambergenov h.t.b. ilimiy monografiya hám maqalaların baspadan shıǵarǵan.

Ǵárezsilik dáwirinde qaraqalpa prozası aytarlıqday jetiskenliklerge eristi. Bul dáwirde proza baǵdarında qálem terbetken avtorlar turmıs haqıyqatlıǵın jańa baǵdarda sáwlelendiriwge hám sol tiykarda ádebiyatta janrdı hár tárepleme rawajlandırıwǵa umıtıldı.

**Mágistrlik dissertatsiyanıń maqseti hám wazıypaları:** Biziń dissertatsiyamızdıń tiykarǵı maqseti Ǵárezsilik dáwirindegi qaraqalpaq prozasınıń janrlıq qásiyetleri, ózgeshelikleri hámde rawajlanıw jolların úyreniw bolıp tabıladı. Bul maxsetke erisiw ushın biz tómendegi waziypalardı iske asırıwdı názerde tutamız:

-Ǵárezsilik dáwirindegi ádebiyattıń ulıwma sıpatlaması, proza janrınıń rawajlanıw baǵdarları;

-Romanlardıń túrleri, ǵárezsilik dáwirinde dóretilgen romanlardıń janrlıq hám formalıq ózgeshelikleri:

- Memuarlıq janr

**Magistrlik jumıstıń ilimiy metodikalıq tiykarları;** Magistrlik izertlew jumısımızdı iske asırıw processinde kóp ásirler dawamında qáliplesken ádebiy-estetikalıq, ádebiy-teoriyalıq, filosofiyalıq, etikalıq pikirler, juwmaqlar, házirgi zaman milliy ǵárezsilik ideologiyası kórinisleri bolǵan jańa gumanistlik, demokratiyalıq ideyalar tiykarǵı metodologiyalıq baǵdar bolıp xizmet etti. Izertlew

jumısımızdıń teoriyalıq tiykarları sıpatında XX ásir ádebiyattanıw iliminiń kórnekli wákilleri Izzat Sultan, M.Nurmuhammedov, S.Axmetov, J.Esenov, K.Kamalov, Q.Sultanov, S.Bahadirova hám bir qatar alımlardıń miynetlerinen paydalandıq.

**Magistrlik dissertatsiyanıń izertlew obyekti;** Ǵárezsilik dáwirinde kólemli miynetler dóretken bir qatar jazıwshılardıń, solar qatarında T.Qayıpbergenov, K.Karimov, M.Nızanov, A.Ábdiev S.Bahadirova hám t.b jazıwshılardıń baspadan shıqqan shıǵarmaları biziń jumısımızdıń izertlew obyekti esaplanadı.

**Magistrlik jumıstıń ámeliy áhmiyeti;** Izertlew jumısımızdıń nátiyjeleri qaraqalpaq prozasında hám sonday-aq ǵárezsilik dáwirindegi qaraqalpaq prozasınıń janrlıq formalıq ózgesheligin úyrengende mektep, licey hám joqarı oqıw orınlarında qaraqalpaq ádebiyatı pánin oqıtıwda paydalanıw múmkin.

**Magistrlik dissertatsiyanıń strukturası;** Izertlew jumısımız "Kirisiw", "Juwmaq", hám "Paydalanılǵan ádebiyatlardan" basqa úsh baptan turadı.

**I Bap** Ǵárezsilik dáwrindegi ádebiyatqa ulıwma sholıw

**II Bap.** Romanlardıń túrleri.

**III Bap** Memuarlıq janr.

Jumısımızdıń juwmaqlawshı bóliminde biz Ǵárezsilik dáwirindegi qaraqalpaq prozasınıń janrlıq hám formalıq ózgeshelgi boyınsha óz bahalawlarımızdı juwmaqlastırıp, olar haqqında oy pikirlerimizdi tártiplestiriwge hám qáliplestiriwge umıtıldıq.

Kirisiw

Ǵárezsizlik Ózbekstan Respublikasınıń siyasiy-ekonomikalıq turmısına qanday erkinlikler alıp kelse, ruwxıy turmısında da sonday unamlı ózgerislerdi qolǵa kirgizdi. Bul ózgeris birinshi gezekte ádebiyatta eski mafkuraviy kóz-qaraslardıń ornına jańa milliy ǵárezsizlik ideyalarınıń eniwinde, ádebiyattıń máńgilik dep kiyatırǵan metodı sotsialistlik realizmniń kún tártibinen alınıp taslanıwında, ádebiyattıń partiyalıǵı saplastırılıp, onıń ornına ulıwma insaniylıq, milliy ǵárezsizlik ideyalarınıń en jayıwında, burın qadaǵan etilip taslanǵan temalardıń jańadan sóz etiliwinde kórindi.

Haqıyqatında da, xalqımız óz ǵárezsizligin jeńip alǵannan keyingi dáwirde kórkem ádebiyatta unamlı ózgerisler júz berdi. Burın qadaǵan etilgen temalarǵa qol urıwǵa, aytıw múmkin bolmaǵan pikir, ideya, oylardı súwretlewge jol ashıldı. Jazıwshılarımızdıń oy-dúnyası, pikirlew álemi keńeydi. Olar ómir qubılısların haqıyqat túrde súwretlewge áste-áste bolsa da kirise basladı. Nátiyjede alıs hám jaqın ótmishimizdegi bolıp ótken waqıyalar, qaraqalpaqlardıń ótken ásirlerdegi urıs hám urıstan keyingi dáwirlerdegi, “tubalawshılıq”, “qayta qurıw” dep atalǵan dáwirlerdegi turmıs hádiyselerine haqıyqatlıq printsipleri menen jantasıw múmkinshiligi payda boldı.

Ǵárezsizlik jıllarında ekologiya hám Aral teması jáne de tereńletildi, ómirge filosofiyalıq kóz juwırtıw tendentsiyası kúsheydi (T.Qayıpbergenov “O dúńyadaǵı atama xatlar”, “Túrkiynama”, “Qálbimniń qamusı”, “Qaraqalpaqpan. Táwekelshimen” hám t.b. roman-esseleri, povest`leri hám publitsistikalıq maqalaları, K.Allambergenovtıń “Dár`ya tartılǵan jıllar” romanı, “Quslar qaytqan kún” povesti, Ó.Ótewlievtiń “Teńizdiń jini” povesti, B.Genjemuratovtıń “Assalawma áleykum Aral” dóretpesi hám t.b.), XVII ásirdiń aqırı XVIII ásirdiń birinshi sheregindegi qıyan-kesti waqıyalar (K.Mámbetovtıń “Turkstan” romanı), tarıyxıy tulǵalardıń iskerligine jańasha bir qatnastıń nátiyjesinde júzege kelgen ayırım dóretpeler (S.Bahadırovanıń “Tomaris hám Kir”, A.Paxratdinovtıń “Sóylenbegen tariyx” romanı, “Aydos biy haqqındaǵı ápsana” povesti), sonday-aq quwdalaw temasın qozǵaǵan shıǵarmalar (J.Aymurzaevtıń “Qara bultlar”,

T.Allanazarovtıń “Zaman gárdishi”, X.Seytovtıń “Izalı árman izleri” atlı memuarlıq shıǵarmaları, A.Sultanovtıń “Dóhmet” romanı), házirgi zaman kóz-qarasınan tariyxımızdıń burın qol urılmaǵan waqıyaların kórkem talqıǵa alǵan (G.Esemuratovanıń “Mıń da bir keshirim”, “Kim tańlaydı muńımdı”, E.Esenovtıń “Xan maqsım” povest`leri hám gúrrińleri) payda boldı.

Bunnan basqa ótken ásirimizdiń ekinshi yarımındaǵı qarama-qarsılıqlarǵa tolı, zorabanlıq, jeke húkimdarlıq siyasatınıń ala-sapıranlı waqıyaların súwretleytuǵın romanlar (Sh.Seytovtıń “Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba”, K.Raxmanovtıń “Aqıbet”, T.Xalmuratovtıń “Qırıqbuwın”, A.Ábdievtıń “Jin-jıpırlar uyası”), ómirdiń ókinishli tárepin súwretleytuǵın povest`ler (A.Álievtiń “Kórmegenimiz kóp eken”, “Orınbasar”, G.Esemuratovtıń “Jazmısh jazası”, G.Tájetdinovanıń “Ádiraspan” hám t.b. dóretpeler) payda boldı.

Ádebiyatımızda burın bolmaǵan janrlıq, stil`lik hám formalıq izlenislerdiń jemisi bolǵan roman hám povest`ler (A.Xalmuratovtıń “Táǵdirles”, “Jánnet baǵı”, S.Ismaylovtıń “Payǵambarlar hám shaytanlar”), gúrriń hám novellalar (G.Esemuratova, A.Turakeeva, G.Zaytova hám t.b. qálemine tiyisli) jarıqqa shıqtı. Olar keyingi dáwirdegi qaraqalpaq prozasın hár tárepleme bayıtıwda, kitapxannıń estetikalıq talmaǵın ósiriwde úlken áhmiyetke iye boldı.

P.Nurjanovtıń “Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq prozası” (Nókis-ǵ00q) arnawlı miynetleri menen K.Mámbetov, Q.Kamalov, S.Bahadırova, M.Bekbergenova, M.Mámbetova hám t.b.lardıń maqalalarında azlı-kópli sóz etildi.

## I bap Ǵárezsilik dáwrindegi ádebiyatqa ulıwma sholıw

Kórkem ádebiyat bul – insandı hár tárepleme kámillikke shaqırıwshı, tárbiyalawshı tiykarǵı qural. Kórkem shıǵarma arqalı insan estetikalıq zawıq alıp qalmastan, ruwxıy jaqtan jetilistirip, keń pikirlewge, oy-órisiniń ádewir dárejede joqarılawına, átiraptaǵı hár qıylı tábiyiy hám jasalma tosıqlarǵa shıdam menen qarsı tura alıwına, eń baslısı bir sóz benen aytqanda ómir sabaqların kitap, kórkem ádebiy shıǵarma arqalı alıwǵa erisedi. Kásip, qánigelik, lawazım hám taǵı basqalar da talaplar qoyılıwı múmkin, biraq ádebiyattıń ıqlaspentine emes. Mine, usınday kórkem ádebiyattıń jankúyer ıqlasbenti Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti SH.M.Mirziyoyev «Bazıda men ózim,eger irrigator bolmaǵanımda, balki shayır bolar ma edim, dep oylap ta qalaman. Mennen qanday shayır shıǵadı, bunı bilmeymen, lekin poeziyanıń, ádebiyattıń naǵız ıqlasbenti bolıw baxtı nesip etkeninen baxıtlıman.

Men kóbinese qaraqalpaq doslarımna, olardıń ózinen esitken «Ayt sen Ájiniyazdıń qosıqlarınan» dep iltimas eter edim hám olar bul iltimasımdı orınlar edi. Sol arqalı men J.Aymurzaev, X.Seytov, T.Jumamuratov, T.Najimov, S.Nurımbetov, A.Dabilov, keyin «Ózbekstan Qaharmanı» degen joqarı ataqqa erisken I.Yusupov, T.Qayıpbergenov kibi úlken shayır hám jazıwshılardıń dóretiwshileri menen tanısıp, qaraqalpaq xalqınıń úrp-ádet hám qádiryatların, dárt ármanların hám arzıw umtılısları haqqında bay túsinikke iye bolǵanman. Áne usınday ustazlardıń izinen barıp, búgingi kúnde mol dóretiwshilik etip atırǵan Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırları hám jazıwshıları J.Izbasqanov, K.Karimov, O.Ábdiraxmanov, G.Annaqilicheva, M.Nızanov hám basqa onlap dóretiwshilerdiń shıǵarmaların imkanım barınsha oqıp barıwǵa háreket etemen»,[2] dep atap ótken edi, Qaraqalpaqstan Respublikasında saylawshılar wákilleri menen ótkerilgen «Júregime jaqın adamlar» atlı saylaw aldı bayanatında.

Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq ádebiyatında bir qansha aytarlıqtay jańalıqlar, jańa temalar, ádebiy janrlarda óz ústinde islegen hám islep atırǵan jazıwshı,

---

[2] Мирзиёев Ш. Буюк келажагимизни мард ва олижанов халқимиз билан бирга қурамиз – Тошкент.:Ўзбекистон,2017-й, 208-209-б.

shayırlarımız  kópti quraydı. Ǵárezsizlik jıllarında qaraqalpaq ádebiyatında proza janrında T.Qayıpbergenov, J.Aymurzaev, Sh.Seytov, Á.Paxratdinov, A.Xalmuratov, G.Esemuratova, H.Ótemuratova, K.Mámbetov, Q.Mátmuratov, K.Allambergenov, J.Muratbaev, A.Sultanov, S.Ismaylov, A.Ábdiev, M.Nızanov, Ó.Ótewliev, M.Tawmuratov h.t.b dóretiwshilik penen shuǵıllandı.

Ásirese bul jılları dóretilgen shıǵarmalar ideya-tematikalıq jaqtan ayrıqsha kórkemlikke iye boldı. Onda uliwmainsaniylıq problemalardı kóteriwde mifologiyalıq súwretlewler hám jańasha usıllardan paydalanǵan jazıwshılar burınnan sıyqaǵı shıqqan dástúrden qashıwǵa umıtıldı. Bul jaǵday ádebiyattanıw iliminde kórkemlik, ideya-tematikalıq hámde formalıq jaqtan bayıwına kómek boldı. Proza janrında bunday kórkemlik izlenisler nátiyjesinde jazıwshılar tárepinen qunı joqarı shıǵarmalar payda boldı.

Mine, usınday izleniwshilerdıń biri, sońǵı jılları prozada  “tınıp-tınshmay” qálem terbetip kiyatırǵan Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Keńesbay Karimov lirikadan úlken burılıs jasap, epikanıń bir túri prozanıń kólemli janrlarınıń biri – romanshılıqqa qádem qoydı. Durıs, bir janrda, bir formada qálem terbetiw dóretiwshi insan ushın oǵada awır. Bunıń menen biz shayır hám jazıwshılardı tek bir janrda qálem terbetiwi kerek demekshi emesbiz. Bul XXI ásir jańalıqlar almasıwı, jańalıqlar “qaynawı”nda hasla tuwrı kelmeytuǵın sheklew bolıp qalmay ma eken. Tuwrıdan-tuwrı aytqanda, bile tura diywal menen dóretiwshini qorshaǵanday bolıp qaladı.  Bunday princip gárezsizlik dáwiri qaraqalpaq ádebiytına tuwrı kelmeytuǵınlıǵın hámmemiz jaqsı ańlaymız. Erkinlik, rawajlaniwshılıq, izleniwshenlik, talap hám tabıslı háreketler kórkem ádebiyatımızda da  óz sáwleleniwin tappaqta. Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamınıń baslıǵı K.Karimovtı xalqımız 2013-jılda jarıq kórgen “Aǵabiy” atlı tariyxıy romanın jazamanǵa deyin lirik shayır, kúshli , qálemi ótkir publicist, jurnalist dep tanıytuǵın edi. K.Karimov – talantlı lirik shayır. Onıń lirikası júreklerge jol tawıp bara alatuǵın, kewildıń názik tarların shertip, jan dúnyańdı qozǵay alatuǵın kórkem ǵáziyne desek, asırıp jibergen bolmaymız. Shayır ózin qızıqtırǵan úlken ideyalardı,tariyxıy-jámiyetlik kózqaraslardı, oy-pikirlerdi lirikada

keńnen sáwlelendiriw imkaniyatları sheklengen jaǵdayda romanǵa qol urdı. Biraq romanǵa qol urǵan shayırlardıń bári de tabıslarǵa erise bermeydi.[3]

Shayır “Aǵabiy”(2013-jılı) atlı tarıyxıy romanı menen keń jámiyetshilikkke jazıwshı sıpatında da tanıldı. Bul boyınıha ilimpaz, filologiya ilimleriniń doktorı, professor Qurbanbay Járimbetov [4] hám filologiya ilimleriniń kandidatı, docent Perdebay Nurjanovlardıń[5] “Ámiwdárya” jurnalınıń 2014-jıl 2-sanında “K.Karimovtıń “Aǵabiy” romanı haqqında oylar” atlı maqlasın járyaladı. K.Karimov belgili sóz sheberleri A.S.Pushkinniń, A.Bloktıń, Saadiydıń shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdardı.

K.Karimov kórkem ádebiyatımız benen baspasóz tarawına qosqan úlesleri ushın “Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen jurnalist”, “ Qaraqalpaqstan xalıq shayırı” húrmetli ataqların alıwǵa miyasar boldı.

Keńesbay Karimovtıń romanshılıqqa ayaq alısı joqarıda aytqanımızday 2013-jılı jarıq kórgen “Aǵabiy” romanı menen baslanǵan edi. “...Romannıń syujeti ótmish waqıyalarına qurılsa da ol jańa milliy ǵárezsizlik, milli rawajlanıw ideyaları menen tereń suwǵarılǵan” dep ilimpaz roman boyınsha pikirlerin bildirip, romannıń búgingi kún ushın áhimiyetin túsindirip ótedi.[6] P.Nurjanov, Ǵ.Allamuratovlar da ózleriniń sın pikirlerin bildirip ótken.

Jazıwshı tariyxıy romandı dóretiw ushın ózi sóz etpekshi, súwretlemekshi bolǵan tariyxıy dáwir menen tillesedi, tariyxıy faktlerge súyene otıra tariyxıy shınlıqtı obraz benen jetkerip beredi. *Tariyxıy shınlıqtı kórkem shınlıqqa aylandırıwda jazıwshı tariyx saqlap kelgen barlıq faktlerdi ala bermeydi, tańlap kirgizedi, zárúr emes dep tańlaǵan faktlerdi kórkem shınlıqqa engizbey taslap ketedi, geypara faktlardı waqıt hám orın boyınsha ózgerisler qosıw arqalı kórkem shınlıqqa endiredi usılar menen birge ózi kóp ǵana faktlar qosadı-qullası, óziniń*

---

[3] Жаримбетов Қ.//Лирикадан романға.// Әмиўдаря//, 2015, 3-сан,87-б.

[4] Жаримбетов Қ. Лирикадан романға//Әмиўдәря журналы//. 2015, 3-сан.
[5] Нуржанов П. К.Каримиовтың Ағабий романы ҳаққында ойлар. //Әмиўдәря журналы,// 2014, 2-сан.
[6] Жаримбетов Қ. //Лирикадан романға//Әмиўдәря журналы// 2015, 3-сан, 96-б.

*dóretpesinde ózi sóz etip atırǵan dáwir haqqında pútin, belgili bir juwmaqlar shıǵarılǵan shınlıqtı bayan qıladı.*

Ádebiyatshı ilimpazlar kórkem shınlıq haqqında ózleriniń izertlewlerinde, tájiriybelerinde hár tárepleme úyrenip shıǵa otıra pikirlerin aytqan. Ózbek alımı N Xudaybergenov , Qazaq alımı SH Elewkenov lar anıqlamar berip ótken.

«Ullı dasht bórileri» shıǵarması janrı jaǵınan tariyxıy roman, tiykarǵı waqıyalar biziń eramızdıń VII-VIII ásirleri haqqında sóz etilgen, jazıwshınıń ideyası – qaraqalpaq xalqınıń payda bolıw dáwirlerin ashıp beriw, maqseti – roman arqalı ósip kiyatırǵan jas áwladqa óz ata tegi, xalqınıń milliy mádeniyatı, úrp-ádeti, sonday-aq uzaq ótmishtegi ata-babalarınıń turmısı menen tanıstırıw.

Roman–sózi (francuz tilinen) turmıstı keńnen alıp súwretleytuǵın adam xarakterlerin tereń ashıp beretuǵın epikalıq janrdıń bir túri. Roman waqıyanı kútá uzaqtan alıp, sozıp, hádiyselerdi bir-birinen rawajlandırıp súwretleydi. Alınǵan waqıyalardıń mólsheri de soǵan baylanıslı kútá keń. Bılayınsha aytqanda, qulashtı keńnen sermep, erkin túrde turmıslıq fakttı sáwlelendiriw romannıń múmkinshiligine tiyisli. Jazıwshı romanda qısılıp, qımırılmaydı. Faktti kóp jıynap onnan keregin iriklep alıwǵa múmkinshiligi boladı. Biraq ta, romandaǵı waqıyalar, hárqanday kórkem shıǵarmanıń tiykarın quraǵan waqıya sıyaqlı, tásirli, qızıqlı hám tartımlı bolıwlı kerek.

Romanǵa jıynaqlılıq-ıqshamlılıq kerek. Ol óziniń súwretleytuǵın waqıyasınıń salmaqlılıǵı menen áhimiyetliligi menen parıq etedi.[25] Romannıń payda bolıwı hám rawajlanıwı haqqında biz Belinskiydıń miynetlerinen kóp maǵlıwmatlar tabamız. Belinskiydıń kórsetiwi boyınsha, roman – xalıqtıń milliy rawajlanıwınıń joqarǵı baqıshında payda boladı hám rawajlanadı.

Roman – Orta ásirlerde poema menen bir qatarda eposdaǵı kibi kóplep waqıyalardı óz ishine alǵan qaharamanlardıń basınan keshirgenlerin, qızıqlı islerin sáwlelendirgen túrli formadaǵı prozalıq shıǵarmalar maydanǵa keldi. Mine, usınday shıǵarmalardıń Batıs mámleketlerindegi eń áwelgi kórinislerinen biri bolıp

[25] Ахметов С. Әдебияттаныў терминлериниң қысқаша сөзлиги.– Нөкис.: Қарақалпақстан, 1971, 108-б.

ricarlıq romanları júzege keldi. Sol arqalı dúnyada birinshi márte “Roman” dep atalǵan shıǵarmalar júzege keldi. Bul at usı shıǵarmalardıń dáslepki roman xalıqları tillerinde jaratılǵanlıǵı menen baylanıslı. Ol tiller qatarına italyan, francuz, ispan, portugal, rumin, moldavan, provansal, sardin, qatalan tiller kiredi.

Ricarlıq romanları menen derlik bir dáwirde jaratılǵan avantyura romanlarında sırlı ózgeshelikke iye bolǵan hár qıylı waqıyalar jetekshilik etken.

Usı úlken shıǵarmalar tolıq mánidegi, roman dárejesine kóterilmegen edi, sebebi olarda qaharmanalrdıń ishki dúnyası ádewir dárejede sayız hám ádebiy dálillew bir qatar kúshsiz edi.[7]

Jazıwshı K.Karimovtıń “Ullı dasht bórileri” tariyxıy romanı menen gárezsizlik dáwiri qaraqalpaq ádebiyatına úlken ádebiy qubılsı bolıp enip, romanshılıǵımızdı kórkemlik jaqtan jáne de joqarı sheklerge kóterdi.

K.Karimovtıń “Ullı dasht bórileri” romanın usı kóz qarastan bahalasaq, bul shıǵarmanıń tek ǵana tariyxıy roman bolıp qalmastan, romanda tariyxıy waqıyalarda, hár qıylı ańız-áńgimelerde, ilimiy-publicistikalıq faktlerde, jazıwshınıń jeke filosofiyalıq oyları keńnen paydalanıladı.

Usı tárepinen esapqa alıp, bul tariyxıy romandı analiz jasaw arqalı biz tárepimizden tómendegsihe sintezlik sxemanı keltirip shıǵarıwǵa boladı:

1.Tariyxıy waqıyalar menen búgingi kún waqıyalardıń sintezi;

2.Jazba estelikler menen kórkem ádebiyat sintezi;

3.Folklorlıq dástúrler menen jazba ádebiyat dástúrleriniń sintezi;

4.Shıǵarmanıń kórkemlik qurılısındaǵı obyektiv-epikalıq hám subyektiv lirikalıq sıpatlardıń sintezi.

5.Romanda simvollıq detallardıń keń qollanılıwı

Álbette, bulardı bir-birinen ózgeshe dep ajıratıp qaratıw da tuwrı bola bermeydi. Bul sintez túrleriniń qaysı biri haqqında sóz etsekte, eń dáslep tariyxıy romandaǵı kórkem-estetikalıq bir pútinlikti dálilllewge tuwra keledi. Sebebi, “Ullı dasht bórileri”nde hár qıylı waqıyalar, syujetler bayanlaw formasında, izbe-iz

[7] Худойбердиев Е.Адабиётшуносликка кириш.–Тошкент.:Ўқитувчи.1995, 198-204.

berilgen, bul bolsa talabanı hasla zeriktirmeydi. Shıǵarmadaǵı tiykarǵı waqıyalar baslanbasınan aldın jazıwshı prolog berip ótken. Bul bolsa waqıyanı talaba tereń túsinip alıwına bir járdem beredi. Jazıwshınıń jáne bir ayrıqsha stili, ol shıǵarmada hár qaharmanǵa waqıya baslanbay turıp sıpatlama beredi. Bul jazıwshınıń jıynaqlılıǵınan derek berdi. Sonday-aq, ilimiy kóz qarasınıń da jetikliginen dep aytsaq asıra aytqan bolmaymız. Sebebi, kitap talaba uzaq ótmishke qaytıp, bunnan neshshe mıń jıllardı basınan ótkergen ata-babalarınıń turmısın kóz aldına keltirip oqıwı ushın hám de ózi jasaǵan dáwirden uzaq jıllarda kún keshirgen qaharmanlar menen tanısıw ushın berilgen bul túsinirme, bayanlaw, táriyplew formasındaǵı prozalıq qatarlar júdá orınlı berilgen dep oylaymız. Mısalı, Siyrek saqalı sheshek keseli óshpes daqlar qaldırǵan usqınsız júzine jaraspay turǵan, qır murınlı, dóńes hám keń mańlayına tereń jaylasqan kózleriniń reńki belgisiz, orta boylıdan pásirek, onı kelte dep atasa da bolar, biraq gewdesi mıqlı hám juwan edi, basına sheti suwsar terisi menen jiyeklengen, qozı terisinen tigilgen bórk kiygen, ústindegi qara shekpenniń sırtınan buwılǵan kámarında salbırap turǵan qanjar qını onı bir qaraǵanda qıtay hámeldarlarınan sál bolsa da ayırıp, áskerge jaqınıraq ekenligin bildirip turatuǵın, jası Qutlıbekten úlkenirek, eliwlerge shamalasqan – Tonıkók aqıllı hám hiyleker adam edi.[8] Bunnan soń da usılayınsha bayan etiw formasında jazılǵan.

Shıǵarmanıń jáne bir ózgesheligi, bul avtordıń kórkemlep jetkerip beriw sheberligi. Roman 3 bólimnen: 1. “Umtılıs”, 2. “Haqanlıq”, 3. “Háleket”lerden ibarat bolıp, hár bólimde óz aldına mayda temashalardan ibarat. Mısalı: Zıyarat hám qurbanlıq, Batıstan kelgen qonaq, Kanizek Ju – Tan pachası, Miy xanımnıń sırı, Hayal patshasınıń ilajsızlıǵı, Azat bolǵan túrk, Miy xanımnıń ashıqlıǵı, Jipek jolındaǵı kárwan, Túrgeshten kelgen qara bórikli, Tonıkóktiń túrgeshke atlanısı, Eltuwǵan Qara Bóriktiń saǵınıshı, Eltuwǵan Qara Túrgesh hám Sulıwxan Qara Túrgesh, Qulteginnıń ólimi, Sońǵı sawash h.t.b larda kórkem obrazlardı óz kámine jetkerip jazılǵan. Obraz arqalı jazıwshı óz zamanınıń xarakterli belgisin

[8] Каримов К. Уллы дашт бөрилери. –Нөкис.:Билим,2014. 57-б.

tipiklestirip beredi. Ádebiyatta dóretilgen obrazlardıń áhimiyeti sonnan ibarat, talabalar hár túrli konkret tariyxıy jaǵdayda hár túrli dáwirde qáliplesken, jarıqqa shıqqan álwan túrli adamlardıń tipleri menen tanısadı. Sol adamlardıń tiplerin túsiniw menen biz belgili bir dáwirdıń xarakteri menen, sol dáwirdegi adamlardıń úrip-ádeti, minez qulqı, psixologiyası menen tanısamız.[9]

Tariyxıy romanlardı dóretiw ushın tek tariyxıy dáwirdi, waqıyalardı kórkemlep beriw jetkilksiz boladı. Bunıń ushın romandaǵı syujetler, obrazlar, hár qıylı súwretlemeler tariyxıy kolorit penen suwǵarılıwı kerek. Atap aytqanda, tariyxıy dáwir psixologiyasın, tilin, tolıp atırǵan etnografiyalıq, geografiyalıq, toponomikalıq maǵlıwmatlardı tereń úyreniw hám olarǵa qaharmanlardıń is-háreketleri, júrek sezimleri, ruwxıy keshirmeleri menen jan beriw, yaǵınıy kórkemlew talap etiledi.[10] K.Karimov "Ullı dasht bórileri" romanında tariyxtı joqarıda aytıp ótilgen talaplarǵa say kórkemlep jetkerip beriwge itibar qaratqan. Qaharmanlardıń is-háreketlerin, sawash maydanındaǵı gúreslerin, ishki sezimlerin, portretlerin, peyzajlardı súwretlewde obrazlı etip jetkeriw tap lirikadaǵı sıyaqlı ótkirlilikti ushıratamız. Hárbir qaharmannıń portretin jasawda anıq hám ráńbáreń boyawlarǵa endirgen. Mısalı: Iri deneli, adıraq kózli, teńleslerine tán bolmaǵan qobaǵa murınlı, keń mańlaylı, saqalı qırılmaǵan júzindegi bulshıq etleri onıń ǵayratlı hám aytqanınan qaytpaytuǵın ójet ekenligin bildirip turatuǵın Qara alpteginniń haslı ashina urıwınan tarqaǵan aqsúyeklerden edi. Waqtında atası ózgelerden súyek alıwǵa qarsı bolǵan ashina tártiplerinen atlap, qarluq qızına úylengen, sol sebep qarluqtan tuwılǵan Qara alptegin náresteliginen haqanlıqqa ılayıq emes, dep tabılǵan eken.[1] Romanda simvollıq detallarddan únemli paydalanılǵan. Mısalı, bir ǵana I bólim Umtılıstın ózinde talay ǵana .

**Qoy júninen basılǵan aq kiyiz** ákelindi. Kiyizge Qutlıbekti otırǵızdı. Túrk, qıpshaq sır, keneges bekleri kiyizdi tórt múyeshin usladı. [2]

**Qara reńli jipek oramal** ákelindi.

---

[9] Ахметов С.Әдебияттаныў терминлериниң қысқаша сөзлиги.–Нөкис, Қарақалпақстан, 1972,94-б.
[10] Жарымбетов Қ. //Лирикадан романға//Әмиўдәря журналы// 2015, 3-сан, 96-б.
[1] Каримов К. Уллы дашт бөрилери.– Нөкис.:Билим,2014, 20-б.
[2] Каримов К. Уллы дашт бөрилери. –Нөкис.:Билим,2014.,20-б.

-Kók táńirim jer-suw, babalar ruwxı qollaygór!-gúbirlendi oramaldı Qutlıbektiń moynına salıp atırǵanda Budınlı Qariya. Sоń jasına say kelmeytuǵın shaqqan háreket penen oramaldıń eki ushınan tartıp, aq kiyizge otırǵan xannıń moynınan buwındırdı. Xan dem ala almay alqınıp, biyday reńli júzine **qan tewip qızarǵan payıtta soraw berdi.** Neshe jıl xan bolmaqshısań? Bul ashinalardıń ata – babalarınan kiyatırǵan xan qoyılǵanda orınlanatuǵın dásturi edi.[3]

At shaptırıp baratırıp biz gez **aq jipek matanı nayzasına baylap aldı**. Bul onıń kelisim ushın kiyatırǵanınan derek berer edi. [4]

“Ullı dasht bórileri” romanın oqıp tamamlaǵan talaba onıń sheber kompoziciyasına dıqqat awdarmay qalmaydı. Roman prolog, úsh bólim, epilogtan turadı. Prologta Orxon daryasınıń boyında kóktúrklerdıń sońǵı áwladı ashinalardıń saltanatlı húkimdarlıǵınıń qulawı haqqında sóz etken. Wayranagershilikler, xalıqtı qullıqqa alıwlar, aman qalǵan saraylardı órtep kúl etiwleri – bulardıń bári Orxan dáryasınıń shep jaǵasındaǵı dańqı álemge máshhur bolǵan paytaxt sháhárdi óz ǵalma-ǵalları basıp alıp atırǵan adamzat jámiyeti, tariyx pútkil umıtıp jibergen edi. kóktúrkler saltanatınıń qum astına kómilgen paytaxttıń qaldıqları, bárinen beter ótmish sırların jámlegen, tek giltin taba bilgen adam menen sóylesiwge meyil bolǵan qara tastı  ilimpazlardıń sóylesiwi arqalı áyyemgi kóktúrkler saltanatı haqqında ápsanalardıń dórelgenligi menen juwmaqlanadı. Bunday usıl talabanı qızıqtırmay qoymaydı. Kóktúrkler saltanatı haqqında sóylewshi qara tas hám onda aytılǵan ápsanalar haqqında qızıqsına baslaydı hám kitaptıń keyingi betlerin oqıwǵa qunt penen kirisip ketkenin sezbey de qaladı. Demek, bunday kompoziciyalıq usıldı qollanıwı da avtordıń romannıń bayanlaw poetikasınıń ózgesheligin durıs alǵanlıǵınan derek beredi. Al, epilogta  bolsa, avtor romannıń tiykarǵı úsh bólimine “sıymay” qalǵan waqıya hám hádiyseler tuwralı, máselen tuwısqanların alıp ordadan shıqqan Po Bek, Bilge haqqannıń jesiri Chananǵa elshi jiberip, Tan pachalıǵınan baspana sorap, óziniń táslim bolǵanlıǵın bildirgenligi, Qutbek túrk tarxan tabǵashlarǵa tutıq bolıp jallanıwı, sońılıǵında túrgeshlerdıń

---

[3] Каримов К. Уллы дашт бөрилери. –Нөкис.Билим,2014,20-б.

[4] Каримов К. Уллы дашт бөрилери.– Нөкис.Билим,2014, 45-б.

ekige bóliniwi, bir toparı uyǵırlarǵa bas iyip, bir toparı qarluqlarǵa qosılıwı, al Eltuwǵan qara bórk qara túresh islamdı qabıllap izine ergen mıńlaǵan qara bórkliler – qaraqalpaqlardı alıp tınıshsız mákanǵa aylanıp qalǵan Ile oypatınan qara túrgeshlerdıń ájdadı – abarlardıń jurtı – Ullı dárya (Ámiwdarya) menen Inju dáryasınıń quyar ayaǵına – Aral teńizi jaǵalawlarına, bijenekler menen qıpshaqlar ortasına barıwı, Ullı dasht perzentleri qıpshaqlar hám qańlı (qańǵar)lar menen birge kóship-qonıslanǵan olardıń atları sońǵı ásirlerde Edil, Jayıq, Don dáryası boylarında “qara atlı”lar, “qara bórikliler” (chernıe klobuki) bolıp esitilgen, rus jılnamalarına túskenligi, Qara alpteginniń teńlesi Jutan tarxannan zıyat at ala almay álemnnen ótkenligi, túrk haqanlıǵı ornında uyǵır xanlıǵı – Uyǵırkel, qarluqlar xanlıǵı Qarluqel dúziliwi, uyǵırlar Orxon boyındaǵı kóktúrkler paytaxtın, Qulteginge qoyılǵan tas eskertkishti jer menen jeksen etip qıyratıwı, biraq túrk haqanlıǵı hám túrki xalıqtıń tariyxı jazılǵan qara tastı sındıra almawı, uyǵırlar sońınan Kók táńrini umıtıp, basqa dindi qabıllawı, Kóktúrkler ullı daladan joq bolıwı, tabǵashlarǵa hám basqa qáwimlerge sińisip ketiwi, biraq izlerinde “Túrkiy xalıq”, “Túrkiy til” degen túsiniktiń qalıwı haqqında talabaǵa avtorlıq bayanlaw menen aytıp beriledi.

Romannıń kompoziciyası sheber qurılıp, tariyxıy waqıyalar, tariyxıy dereklerge tiykarlanıp poetikalıq til menen bayanlanǵan. Qaharman obrazların ashıp beriwde peyzaj, portret, dialog, monologlardı orınlı islete bilgen. Izertlewshiler monologtıń kólemine hám múmkinshiliklerine qaray awızeki sóz kóleminde degende sırtqı (hawazlı) monlogtı, ishki sóz kóleminde degende sırtqı (hawazlı) monologtı, ishki sóz kóleminde degende ishki sóz hám ishki (hawazsız) monologtı, jazba túrinde degende xat hám kúndelik dápter formasın názerde tutadı.[1] Monolog-(grekshe.monos-bir, logos-sóz)kórkem shıǵarmada qatnasıwshı qaharmanlardıń óz-ózine yaki basqalarǵa qaratılǵan sózi. Monolog dialogtan aytılıp atırǵan sózge basqa adamlardıń aralaspawı menen ajıralıp turadı.[2] «Ullı dasht bórileri» romanınıń II bóliminde Tonıkók Ótukandaǵı túrkler jurtınıń shetine

---

[1] Бекбергенова З. Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы.-Нөкис.:Билим,2016, 60-б.

[2] Хотфмов Н, Саримсоқов Б. Русское-узбекский толковый словарь литературоведческих терминов (на узбекском языке ). –Т.:Укитувчи.1983.-с.201

tigilgen Budınlı qaryanıń otawın sorastıradı. Sorastıra-sorastıra Tonıkók Budınlınıń qonıs shetinde úyin taptı... Tonıkók esikte irkilip, sorawın qaytaladı.

–Kim bar? Átiraptı kózden ótkerdi. Dıqqattı tartqanday derlik hesh náre joq edi. Jalǵız baslı qariyada ne náre bolsın?

«...Tastaǵı belgiler qızıqtırıp qalǵan hám bunday súwretlerdi me, sızıqlardı ma qaysı bir jerde kórgenligin esledi, biraq qay jerdeligin yadlay almadı. Bul ne boldı ózi? Súwretler me? Ierogilifler me? Joq, tabǵash ierogliflerine uqsamaydı. Jazıwlar ma? Jazıwlarǵa uqsaydı? Bul túrkshe jazıwlar...»[3]

Kórkem shıǵarma qaharmanları biri ekinshisinen oy-órisi, is-háreketi, minez-qulqı, sóylegen sózi menen parıqlanadı, usınday ózgeshelikti ayırıp alıwımızǵa keń múmkinshilik tuwdıratuǵın tiykarǵı komponentlerdiń biri shıǵarma qaharmanlarınıń dialogları esaplanadı.

Dialoglar shıǵarma tiliniń tartımlılıǵın támiyinlep, bayanlaw stilin túrlendirip, janlandırıp barıwǵa xızmet etedi.[4]

«Ullı dasht bórileri» romanı «Umtılıs», «Haqanlıq», «Háleket» atlı bólimlerge ajıratılıp, hárbir bólimge temashalar kirgizilip, roman kompoziciyalıq jaqtan sheber qurılǵan. Bólimlerde berilgen gúrrińler dialogı, avtordıń bayanlawı, qaharmanlardıń eske túsiriwi, súwretlew usılları menen shılıp baradı. Syujetlik waqıyalar  bir baǵdarda, bir ideyaǵa qurılǵan. Shıǵarma kórkem sóz poetikası menen júdá bay. Dialoglar sheber qollanılǵan.

Jawınger jol basshıǵa shekem ádewir aralıq qalǵanda atınıń basın tarttı.

–Arıslanbek, ne sóz? At qıstap keleseń? Jolbasshı qıyıq kózlerin jigitke tikti.

–Alısta shań kórindi. Jaqınlap qarasaq atlılar toparı. Kimler ekenin, dos pa, dushpan ba bile almadıq.

–Tuwrı kórinbedi me? Bul jer teleler jeri, solar emes pe?

–Ózimizdi sezdirmelik uhın alıstan baqladıq.[1] Mine, bul dialog, janlı (real) dialog tipine kiredi.

---

[3] Каримов К. Уллы дашт бөрилери. –Нөкис.:Билим,2014,. 170-б.

[4] Бекбергенова З. Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы.–Нөкис.:Билим,2016, 7-б.

[1] Каримов К. Уллы дашт бөрилери. –Нөкис.:Билим,2014, 5-6-б.

Ózbek ádebiyatı wákili I.Solijanov dialog sóz tipiniń 1)xarakteristikalıq dialog; 2)dramalıq dialog sıyaqlı eki túriniń keń tarqalǵanlıǵın, óz gezeginde usı dialog tipleriniń 1)janlı (real) dialoglar, 2)qıyalıy (qayta elesletiw) dialoglar, 3)ishki dialoglar[2] sıyaqlı úsh túrli aktiv formaları bar ekenligin sońǵı jıllardaǵı ózbek romanlarınıń kórkem sóz poetikasın izertlewinde mısallardıń járdeminde anıqlap beredi.

–Budınlı ata, arbalar nege irkildi? Uǵızlar haqqında ayttı. Dushpan jaqın jerde me? Uǵılar kim?

–Sál sabır qıl, Qultegin... Qariya uzaq jóteldi...

...–Toǵız uǵız xalqı túrk haqanınıń dushpanı,– dedi qariya teri qapshıqtıń ústine jaylasıp otırǵannan keyin. Házir dógerektegilerdiń barlıǵı túrk budınınıń dushpanı.

–Olar ne ushın dushpan boladı,– dedi bala shıdamsızlanıp.

–Bárine tabǵashlar sebepker.

–Tabǵashlar kimler? [1]

Mine, bunday dialoglardı xarakteristikalıq dialog tipine kirgizsek boladı. Onda uǵızlar haqqında budınlı atanıń aytıp beriwleri xarakteristikalıq sıpatlamalar beriledi.

Jazıwshı K.Karimovtıń «Ullı dasht bórileri» tariyxıy romanı jaslardı ana watandı qásterlep asırap-abaylawǵa shaqırıwshı, ulıwma insanıylıq paziyletlerge tárbiyalawshı, milliy xalıqlıq ideyalar jámlengen keń kólemli shıǵarma bolıp, kórkem ádebiyatımızdı janrlıq, formalıq hám ideyalıq baǵdarın bayıtıwshı ǵárezsizlik dáwirindegi elewli dóretpelerdıń biri. Roman ele de tereńnen úyrenilip hám tallıqlaw jasawlıwı lazım bolıp turǵan shıǵarmalardıń biri.

[2] Солижанов И. Нутқ ва услуб,–Тошкент. Чўлпон.,2002, 66,69-бб.
[1] Каримов К. Уллы дашт бөрилери. -Нөкис.:Билим,2014, 6-б.

## II Bap Romanlardıń túrleri

Romanlardıń tematikasına qaray bóliniwi kózge taslanadı. Máselen, Dyuma - avantyuralıq roman, Val`ter Skott – tariyxıy roman, Onore de Bal`zak – psixologiyalıq roman, Jul` Vern – fantastikalıq roman jazgan. Qaraqalpaq romanları boyınsha J.Narımbetov, S.Bahadırova, Q.Sultanov, Á.Qojiqbaev hám basqalar jumıs alıp bardı. Qaraqalpaq romanı 1958-jılı payda boldı. Bul dáwirde birden úsh roman, Asan Begimovtın «Balıqshının qızı», Jolmurza Aymurzaevtın «Ámiwdár`ya boyında», O`tegen Ayjanovtın «Aral qushaǵında» romanları shıqtı. Roman ómirdiń eń háwijli táreplerin qálemge aladı. Máselen balıqshılıq qaraqalpaq xalqınıń milliy kásipleriniń biri. Bunnan tısqarı hayal-qızlarıda miynetkesh eń dáslepki romanlar bunday temanı tańlawǵa haqılı edi. Sonıń ushında A.Begimovtıń «Balıqshınıń qızı» romanı tosınnan payda bolǵan emes. Ekinshiden qaraqalpaq xalqı Ámiwdáryanı jaǵalap ósken diyxan xalıq. Xalıq paxtashılıǵı tariyxında Ámiwdár`yanıń atqarǵan ornı úlken. J.Aymurzaevtıń «Ámiwdár`ya boyında» romanı usınday jaǵdaylar tiykarında jazıldı. Bunnan tısqarı qaraqalpaq ádebiyatında K.Sultanov «Aq dár`ya», «Ájiniyaz», O`tegen Ayjanovtın «Aral qushaǵında», A.Bekimbetovtıń «Dawıl», Q.Ermanovtıń «Shımbay», S.Arsanovtıń «Qońırat», J.Saparovtın «Jupargúl», T.Najimovtıń «Qızıl qum qoynında», J.Aymurzaevtıń «Qızketken», T.Qayıpbergenovtıń «Kózdiń qarashıǵı», O.Ábdiraxmanovtıń «Bosaǵa», X.Seytovtıń «Jol ernegindeg kábirge tájim et», Sh.Seytovtıń «Shırashılar», «Aqtuba», S.Salievtıń «Tırnaq», O.Bekbaulovtıń «Beruniy», A.Sadıkovtıń «Sónbeytuǵın juldız», «Berdaq», K.Allambergenovtıń «Jaǵasın joǵaltqan dár`ya» romanları payda boldı. Tariyxıy psixologiyalıq hám publitsistikalıq romanlardan tısqarı roman – esse de payda boldı. Esse negizi memuarlıq janr dep esaplaydı V.Kojinov. Biraq tariyxıy filosofiyalıq, psixologiyalıq hám publitsistikalıq pikirlerdi jámlestirip roman dárejesine jetkizgenler bar. T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaqnama» essesi sol tiykarda jazılgan. Bunnan tısqarı eki kitaptan ibarat roman – dilogiya, máselen T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq qızı», S.Bahadırovanın «Táǵdir», I.Qurbanbaevtın «Altın masaq» úsh kitaptan ibarat roman-trilogiya. Máselen

T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq dástanı», tórt hám onnan da kóp kitaplardan ibarat romanlar tsikli – tetralogiya. Máselen Sh.Seytovtıń «Xalqabad», K.Mámbetovtıń «Posqan el» hám t.b. U`lken sheberlik penen jazılıp xalıq ómirin tutas bayanlaǵan tórt kitaptan kem bolmaǵan shıǵarmalar epopeya - dep ataladı. Máselen Lev Tolstoydıń «Urıs hám paraxatshılıq», M.Sholoxovtıń «Tınıq Don», M.Áwezovtıń «Abay jolı» romanları. T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq dástanı», K.Mámbetovtıń «Posqan el» kóp kitaptıń ibarat romanları epopeyaǵa bir qansha jaqın keledi. Sebebi bul romanlarda XVI-XVIII ásir hám XVIII – XIX ásirdegi qaraqalpaq xalqınıń tirishilik ómiri tutas sáwlelengen. K.Mámbetovtıń pikiri boıynsha «romannıń qosıq penen jazılǵan túrleri de bar». Mısalı deydi ol, «Berdaqtıń «Aqmaq patsha», T.Jumamuratovtıń «Makar`ya sulıw» romanların kórsetiwin múmkin. Lekin . Bulardı romans dep ataw kerekpe? Yaki dástan – dep ataw kerekpe? – dep aytılǵanda ayırım pikirler bolıp júr. Tartıs bul shıǵarmalardıń kóleminiń azlıǵı yaki qaharmanlar háreketiniń kemisiginde emes, bálki ondaǵı qaharmanlardıń fol`klor qaharmanlarına ussap ketkenliginde bolıp otır. Sonda bular xalıq shayırları jazǵan roman ulıwma qaraqalpaq ádebiyatında epikalıq janrdıń tutqan ornı ulken. Ole rte dáwirlerden baslap hár tárpleme rawajlandı. Onıń prozalıq bólekleri bizde ádewir kesh payda bolıwına qaramastan tez ósti[11].

XX ásirdiń 60-80-jıllarі qaraqalpaq ádebiyatınıń ideyalıq-kórkemlik dárejesiniń joqarı sheklerdi iyelegen, janrlıq, formalıq jaqtan bayıp tolısqan jańadan jańa ádebiy qubılıslar jaratılǵan, jańa realistlik qaharmanlar obrazınıń ráńbáreń dóretilgen, ádebiyatqa jańa kórkem sóz sheberleriniń kóplep kirip kelgen dáwiri boldı.30-jıllarda dáslepki povest`leri, 50-jıllarda dáslepki romanları payda bola baslaǵan qaraqalpaq prozası 60-80-jıllarda ádebiyattıń jetekshi janrına aylanıp, aldıńǵı qatarǵa shıǵıp aldı. Prozada tariyxıy romanshılıq keń qulash jayıp rawajlandı, dáslepki tariyxıy roman-epopeya payda boldı, satiralıq, fantastikalıq proza wákilleri ósip shıqtı, burın tájiriybede sınap kórilmegen memuarlıq proza, sonday-aq esse, epifaniya janrları júz berdi. Usı jıllarda payda bolǵan gúrriń, povest`, romanlarda zamanagóylik sıpat kúsheydi.

[11] К.Мәмбетов. Әдебият теориясы. Нөкис. Билим. 1995. 199 б.

T.Qayıpbergenov, K.Sultanov, Sh.Seytov, U.Pirjanov, O.Bekbawlov, A.Áliev, ".Seytnazarov, G.Esemuratova sıyaqlı jazıwshılar qaraqalpaq prozasın jańa sheklerge kóterdi, proza sannan sapa ózgerisine ótti, qaraqalpaq prozasınıń milliy dástúri usı jazıwshılar arqalı tuwısqan xalıqlar hám jáhan ádebiyatı prozasınıń unamlı dástúrleri menen bayıp tolıstı.

Ǵárezsizlik jıllarında da qaraqalpaq ádebiyatında prozanıń bul jetekshilik dástúri dawam etti. Prozamız san hám sapa jaǵınan da bayıp tolıstı. Atap aytsaq, hár qıylı tematikada, hár qıylı janrlıq formalarda dóregen T.Qayıpbergenovtıń "Qamusnama", "O dúńyadaǵı atama xatlar" shıǵarmaları, "Qaraqalpaqnama" roman-essesiniń qayta islengen variantı, J.Aymurzaevtıń "Qara bultlar", Á.Paxratdinovtıń "Sóylenbegen tariyx" romanı menen "Aydos biy haqqında ápsana" povesti, K.Allambergenovtıń "Dár`ya tartılǵan jıllar", J.Muratbaevtıń "Dıǵırıq", S.Ismayılov-tıń "Júrek galaktikası", Yu.Alimbetovtıń "Perzenttiń ájeli" romanları, G.Esemuratovanıń "Dúdendegi dápter", "Bir shańaraq waqıyası" povestleri, K.Mámbetovtıń "Túrkstan" romanı hám "Muhabbat hám ájel" povesti, M.Tawmuratovtıń "Aq túnniń kóleńkesi" povestleri, K.Karimovtıń "Aǵabiy I II " tom "Aqqapshıq", "Qısıwmet", "Zardusht" M.Nızanovtıń "Aqshagúl", "Aqıret uyqısı" povestleri sonday-aq "Muhabbat qosıǵı", "Sońǵı tilek", "Dushpan", "Eki ananıń qızı" S.Ismayılovtıń "Ashshı miyweler" detektiv povesti, balalarǵa arnalǵan Q.Jumaniyazovtıń "Tayınshaqlı eki bala", Á.Xalmuratovtıń "Qara tawıq" povest` hám gúrrińleri, Ó.Ótewlievtiń "Adamlarǵa sırlas bolsań" ocherk, publitsistika hám gúrrińler toplamı, "Teńizdiń jini" povesti sıyaqlı bir neshshe prozalıq shıǵarmalar payda boldı.

Bul shıǵarmalar ǵárezsizlik dáwirinde jazılǵanı menen, barlıǵı derlik ǵárezsizlik ruwxında juwap bererlik ideyalıq-kórkemlik sapaǵa jetispegen edi. Atı atalǵan shıǵarmalardıń ishinde tek J.Aymurzaevtıń "Qara bultlar", A.Paxratdinovtıń "Sóylenbegen tariyx" romanı menen G.Esemuratovanıń "Gónergen súrenler", A.Qudabaevtıń "Jasaw baxtı" povest`leri ǵana tikkeley ǵárezsizlik temasına baǵısh etip jazıldı. Al, T.Qayıpbergenov, K.Allambergenov, Ó.Ótewliev, K.Mámbetov, Q.Jumaniyazov, J.Muratbaevlardıń shıǵarmaları

Ǵárezsizlik temasına tikkeley arnalmaǵanı menen, bul shıǵarmalar ideyalıq-kórkemlik dárejesi boyınsha milliy ǵárezsizlik ideologiyası talaplarına juwap beretuǵın shıǵarmalar boldı.

T.Qayıpbergenovtıń "Qálbimniń qamusı" shıǵarması ǵárezsizlik ruwxında xalqımızdıń ótmishi menen búginin jańasha pikirleytuǵın shıǵarma bolıp esaplanadı.

Qamusiy-entsiklopediyalıq shıǵarmalar jazıw túrkiy xalıqlar ádebiyatında XI ásirlerden berli ómir súrip kiyatırǵan dástúr edi. Koy-Kobustıń "Qobusnaması", Yusup Xas Xajibtiń "Qudatǵu bilik", Nawayınıń "Hamsa" dástanı usınday entsiklopediyalıq sıpattaǵı shıǵarmalar boldı.

T.Qayıpbergenov bul dástúrdi ózinshe jańartıp, qaraqalpaq prozasında birinshilerden bolıp realistlik-didaktikalıq, diniy-filosofiyalıq elementlerge iye qamuslıq sıpattaǵı roman dóretti.

T.Qayıpbergenov óz tvorchestvosında turaqlı tema bolıp qáliplesken ekologiya temasına da jańa dáwir-Ǵárezsizlik dáwiri kóz-qarasınan baha bere basladı. Usı kóz-qarastan "O dúńyadaǵı atama xatlar" kitabın dóretti. Jazıwshı bul shıǵarmada o dúńyadaǵı atasına xat arqalı múrajat etiw formasınan puxta paydalanıp, XX ásirdiń eń baslı ekologiyalıq apatshılıǵı bolǵan Aral daǵdarısların, onıń kelip shıǵıw sebeplerin, turǵınlıq dáwirindegi basshılıqtıń nadurıs siyasatın, qaraqalpaq xalqınıń búgingi menen erteńin jan túrshiktirerlik dárejede isenimli hám kórkem etip súwretlep beredi.

Jazıwshınıń "O dúńyaǵa atama xatlar" roman-essesi haqqında ózbek ilimpazı F. Nasratdinov óziniń "Orol bong uradi" atlı maqalasında bılayınsha pikir bildiredi: "Bobomga xatlar" kitobini oqib, unda T.Qoyipberganovning bolalik davridan to payǵambor eshigacha bosib wtgan haet sarguzashtlari, kwrgan-kechganlari twǵrisidagi wy-fikirlari juda ravon til bilan talqin etilganliliga guvoh boldim".

Rasında da, jazıwshı bul dóretpesinde tákirarlanbas kórkem formanı tańlaydı-Aral tragediyasınıń aqıbetleri haqqındaǵı avtordıń qayǵılı gúrrińin bul

dúńyadaǵı tiri, jer basıp júrgen adamlar tıńlamaǵanlıqtan, o dúńyadaǵı atasına murajat etiwge májbúr boladı.

Demek, biziń zamanlasımız-jazıwshı menen onıń marhum atası arasındaǵı sáwbet-óz aldına bir kórkem usıl, bul nárse dáwirdiń, totalitar jámiyettiń adamlar basına salǵan tragediyalıq aqıbetlerin súwretlewge xızmet etedi, sonlıqtan da, avtorlıq ideyanı oqıwshıǵa dál, ashshı haqıyqatlıǵı menen qosa jetkeriwge úlken áhmiyetke iye.

Ǵárezsizlik dáwiri prozası haqqında sóz etkenimizde, usı janrda óziniń bir qansha kórkem shıǵarmaların dóretken hám keń jámiyetshilikke tanılǵan ádebiyatshı alım, Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı K.Mámbetovtıń dóretpelerin atap ótiw orınlı. Ilimpaz hám jazıwshı óziniń ǵárezsiz dáwirde dóretken bir qatar shıǵarmaları menen milliy ádebiyatımızdı rawajlandırıwǵa tabıslı úles qostı. Onıń "Hujdan" atlı romanı xalqımız tárepinen qızǵın kútip alındı.

Ilimpaz S.Bahadırova avtordıń bul shıǵarmasına "Hujdan" romanında, óziniń atına ılayıq qayta qurıw dáwirindegi adamlar arasında qatnas, biziń turmısımızdaǵı tubalawshılıq dáwiriniń úlken "awırıwlarınıń" biri retinde usı hujdannıń zamanlaslarımızdıń júreginen kete baslawı sóz etiledi. Romanda waqıya keselxana turmısınan alınıp jazılǵan. Keselxana simvolikalıq obraz retinde berilgen" degen pikirlerin bildirip ótedi.

Haqıyqatında da, jazıwshı bul shıǵarmada dáwir haqıyqatlıǵın sáwlelendiriwde biraz jetiskenliklerge erisedi. Romannıń bas qaharmanı-tariyx ilimleriniń doktorı, professor Qasım Seytnazarov. Ol awırıp keselxanaǵa túsip qaladı hám sol jerde tubalawshılıq dáwiriniń qaharmanları bolǵan hár salanıń wákilleri menen ushırasıp qaladı. Shıǵarmada bir sóylese qoymaytuǵıń, suwday laqıldap sala beretuǵıń, dúńya kuwıp ketken nápsiqaw Dúysenbay obrazı berilse, kóp nárselerdi aqıl-násiyat penen jeńemen deytuǵıń Asan obrazı, sonday-aq sawda tarawınıń xızmetkeri Ótemis obrazı júdá sheber beriledi. Romanda adamlardıń sırtqı pishimleri hám olardıń is-háreketleri júdá sheberlik penen súwretlenedi. Avtor bul shıǵarmasın, insannıń júregindegi iláhiy sezim-hujdan haqqında dóretedi. Bul hujdan sonday bir ádil sud`ya onıń aldında basqınshı basın iyip,

qaraqshılar qaltırap turadı. “Hujdan-bul júrek hámiri”. Ol jaqsılıq penen jamanlıqtıń tóreshisi.

Ulıwma, bul shıǵarmalar boyınsha ilimpazlarımız keleshekte ózleriniń izertlewlerinde keń túrde ilimiy pikirler bildiriwi kerek.

Jáne bir jazıwshı-ilimpaz Á.Paxratdinov 1996-jılı ǵárezsizlik temasına baǵısh etip “Sóylenbegen tariyx” romanın járiyaladı.

Roman ótken ásirde kommunistlik ideologiya tusında qadaǵan etilgen temalardıń biri-milletlerdiń ózin-ózi tanıwı, milliy qádiriyatlardıń qádirleniwi, ullı allamalar ruwxaniy ata-babalarımızdıń ómirine baǵısh etilip, onda qaraqalpaq xalqınıń Abdulla axunnıń basshılıǵında óz ǵárezsizligine erisiwi, qaraqalpaq jigit-qızlarınıń Buxara, Xiywa medreselerine ózleri barıp bilim alıwları, sawatlılıq, kóp tillerdi biliwi, elde xalıqtı sawatlandırıw ushın etken xızmetleri gáp boladı.

Biraq romanda Qızıl imperiyanıń basıp alıwı menen xalıqtıń bul erkinlikten ayırılıwı, iyshan-mollalardıń quwdalanıwı, meshit, medreselerdiń qıyralıwı, xalıqtıń neshshe ásirlik jazba esteliikleriniń ayaq astı bolıwı usaǵan ashshı haqıyqatlıqlar sheberlik penen súwretlenedi.

Romanda shıǵarmanıń bas qaharmanı Nurılla axun obrazı jaqsı ashıladı. Onıń sawatlılıǵı, Xiywa medreseleriniń birinde bas iymam bolıp islewi, Xorezm tili, Xorezm jazıwların, Eski Turan, Túrkstan, Maverennaxrde jasawshı xalıqlar tariyxın úyreniw, medresede mudaris bolıp islewi, xan menen onıń aytısları, sońınan qaraqalpaqlar tariyxın jazıwı máselelesi onıń obrazında isenimli ashıp beriledi.

Ulıwma, A.Paxratdinovtıń bul roman-essesinde qaraqalpaq xalqınıń ayırım bólekleriniń Túrkstannan eski ata mákanı bolǵan Xorezm oypatlıǵına kóship-qonıslanıw tariyxın, Xiywa xanlıǵı menen qarım-qatnasları, ilim-hikmettiń rawajla-nıwında Xiywanıń tutqan roli, soń sovetlik dúzimniń ornawı arqalı eski menen jańa siyasat arasındaǵı keskin gúresler, mádeniy miyraslarǵa bolǵan badıraqlıq kóz-qaraslar kórkem-ádebiy boyawlar tiykarında ashıp beriledi.

80-jıllarda bir qatar romanları menen kózge túsip qalǵan jazıwshı Keńesbay Allambergenov 1991-jılı “Dárya tartılǵan jıllar” romanın járiyaladı. Roman

temasınan kórinip turǵanınday ekologiya temasına baǵısh etilgen. Jazıwshı bul shıǵarmasında dár`yanıń suwınıń qaytıw, tartılıw detalına úlken rámziy maǵana, poetikalıq máni júklegen. Bul arqalı ol ótken ásirdiń sońǵı 30-40 jılı ishindegi xojalıqtı basqarıwdaǵı buyrıqpazlıq, óziboladılıq, jónsiz jobalastırıwshılıq illetleriniń saldarınan ekologiyalıq halattıń buzılıwın, adamlar sanasınıń ózgeriwin, yaǵnıy ekologiyalıq-ruwxıy ómirimizdegi daǵdarıslardı ashıp kórsetiwdi niyet etken. Avtordıń bul niyeti bas qaharman Jalǵas Nazarovtıń obrazı arqalı ashıp beriledi.

Romanda jamanlıq órtin óshiriwge qanatı menen suw tamızǵan, jaqsılıqtıń tınıp-tınshımas, kúygelek jan ashırı Jalǵas Nazarov obrazı menen birgelikte biyparıq basshılar hám hámelparaz, jaǵımpaz "balalar"dıń minez-qulıq halatı, aqıl-oy, sanası, dárejesi hesh asıra siltewsiz-aq, qara boyawdı hádden tıs jaǵıwsız-aq ápiwayı sózler menen táriplenip, isenimli gewdeleniw tapqan.

Ǵárezsizlik dáwiri prozasınıń sońǵı jıllarında qaraqalpaq prozası ádewir tabıslardı qolǵa kirgizdi. Usı jıllardaǵı basılımlardı bayqap qarasaq, prozalıq shıǵarmalardıń kópshiligi gazeta-jurnallarda jariyalanǵan gúrriń-povest`ler, sonday-aq jańa dáwir talabına juwap beriwshi romanlar ekenligin kóremiz. T.Qayıpbergenovtıń "Qaraqalpaqpan. Táwekelshimen", A.Ábdievtiń "Jin jıpırlar uyası" , K.Karimovtıń "Aǵabiy I II" tom, "Aqqapshıq", "Qısıwmet", "Zardúsht", M.Nızanovtıń bir qatar povestleri hámde "Muhabbat qosıǵı", "Sońǵı tilek" romanları jarıq kórdi.

2001-jılı Á.Paxratdinovtıń "Aydos biy haqqında ápsana" povesti baspa kórdi. Bul povest`te avtor Aydos biy obrazın jaratıwda milliy qádiriyatlarımızdı maqtanısh etiw, ózligimizdi ańlaw, el-jurt ushın gúresken patriot baba-kalanlarımızdıń xızmetin qayta bahalawday milliy ǵárezsizlik ideyaları kóz-qarasınan qatnas jasap, Aydos biydi satqın dep kelgen ayırım kertartpa kóz-qaraslarǵa qattı soqqı beredi.

Jazıwshı xalıq ápsanaların óziniń kórkem oy eleginen qayta ótkize otırıp, Aydostıń el-jurt ushın, ǵárezsizlik ushın, milliy mámleket dúziw ushın islegen patriotlıq xızmetlerin dástiyarlı dáliller menen kórkem etip súwretlep bere alǵan.

XX ásir qaraqalpaq prozasındaǵı jáne bir elewli waqıyalardıń biri - bul tınıp-tınshımas jazıwshımız T.Qayıpbergenovtıń “Qaraqalpaqpan. Táwekelshimen.” (Nókis` “Bilim”,2003-jıl) kitabınıń joqarı sapada basılıp shıǵıwı boldı.

Kitaptıń birinshi bólimi “Jol-jónekey ushırasqanlar-dıń házirshe tek 999 sorawına juwaplar” dep ataladı. Bunda avtordıń óz watanında yamasa sırt ellerde bolǵan payıtlarında kóshede jónekey ushırasqan adamlar tárepinen berilgen sorawlarǵa asıǵıs qaytarǵan juwapları beriledi.

Kitaptıń ekinshi bolimi “Interv`yuler, oylar” dep atalıp, onda jazıwshının jáhánge belgili ádebiy tulǵalar bolǵan L.Tolstoy, Sh.Aytmatov, sonday-aq Berdaq shayırdıń qut jıllıǵına baylanıslı oyları, belgili jazıwshı, shayır, ilimpaz hám jurnalistler bolǵan N.Baqıy, M.Mırza, Sh.Botaev, R.Musurman, R.Ataulı hám taǵı basqalar menen sáwbetleri berilgen.

Úshinshi bólim “XXI ásirdiń bosaǵasında tuwılǵan adasıma 99 keńes” dep atalıp, onda Shıǵıs ádebiyatınıń didaktikalıq usıllarına súyengen halda jazıwshınıń jańa ásirge baylanıslı oyları jaratılǵan.

Kitaptıń tórtinshi bólimi T.Qayıpbergenovtıń ayırım shıǵarmaları tuwralı atı dúńyaǵa málim rus akademigi, marhum Andrey Saxarovtıń, dúńya ádebiyatınıń biyik shoqqılarınıń biri Sh.Aytmatovtıń, búgingi ózbek ádebiyatınıń ayırım sóz sheberlerinen Ózbekstan Qaharmanı A.Aripovtıń, Ózbekstan xalıq jazıwshıları H.Ǵulamnıń, Á.Yakubovtıń, ádebiyatshı-ilimpaz F.Nasretdinovtıń pikirlerinen turadı.

Sonı aytıp ótiwimiz kerek, T.Qayıpbergenovtın jańadan basılǵan bul kitabı da onıń tek ózine tán, tákirarlanbas usılınıń, dóretiwshilik laboratoriyasınıń, kórkem mazmun hám forma uyǵınlıǵınıń milliy kórinisiniń belgilerin ózlerinde jámlegen dóretpe bolıp tabıladı.

Jazıwshı bul kitabında jáhan ádebiyatındaǵı dástúriy romannıń ómirdi súwretlew dástúriniń izinen barmastan, kóbinese Batıs hám Shıǵıs ádebiyatında keń tarqalǵan sáwbet, pikirlesiw, óz ideyasın ashıqtan-ashıq aytıw, dramatizimge

tolı sharayattıń kelip shıǵıw sebeplerin hám aqıbetlerin hesh qıpsalamay, kópshilikke járiya etiwdiń óz aldına maqset etip qoyadı.

Bunıń ushın qaharman xarakterleriniń logikalıq rawajlanıwına qurılǵan Evropa romanlarınıń dástúri sáykes kelmes edi. Sonıń ushında jazıwshı óziniń kórkem qurılısına qaharmannıń monologin, ilimiy maǵlıwmatlardı, ráwiyat, mif, hár qıylı zamanlarda jasaǵan adamzattıń belgili wákilleri pikirlerinen úzindilerdi, qullası, hár qıylı oy-pikirler, motivler, gipotezalardı sińdire alatuǵın, tragediyalıq mazmundı sáwlelendiriwge jaramlı kórkem formanı izlegen, onı tabıwǵa da erisken, nátiyjede pútkil Oraylıq Aziya, hátteki pútkil burıngı awqam, onnan da beter jáhan ádebiyatı masshtabında tákirarlanbas kórkem usıldı sheber túrde paydalanǵan.

Sol nárseni atap ótiw kerek, T. Qayıpbergenov qaraqalpaq xalqınıń qıyan-kesti dramatizimge tolı ómir táǵdirin, Aral regionınıń ayanıshlı sharayatın súwretlewde "ulıwma insanıylıq dárejede pikirlew" shıńına kóterilgen jazıwshı. Belgili shayır, Ózbekstan qaharmanı A.Aripov óziniń "Qaraqalpaq dástanı" maqalasında durıs atap ótkenindey A.Qadiriy-ózbek xalqınıń, M.Áwezov qazaq xalqınıń,  Sh.Aytmatov-qırǵız xalqınıń mańlayına quday jarılqap bergen juldızları bolsa, T.Qayıpbergenov óziniń uzaq tariyxına iye áyyemgi Qaraqalpaq xalqınıń keń peshanasına búgingi kúnde tań juldızınday jarasıp turǵan jazıwshı.

Shınında da, T.Qayıpbergenovtıń hár qıylı stillik baǵdardaǵı romanları, publitsistikalıq maqalaları, interv`yuları hám dramalıq shıǵarmalarısız búgingi qaraqalpaq ádebiyatın, ulıwma milliy kórkem sóz dúńyasın kóz aldımızǵa keltiriw qıyın. Sonıń ushında onıń dóretiwshiligi kópshilik tárepinen moyınlanǵan, meyli, burıngı totalitar dúzimde bolsın, meyli, ǵáresizlik dáwirde bolsın, oqıwshılardıń júregine jol taba bilgen. Sonlıqtanda óz aldına kitap retinde o0-ǵa shamalas kitabın járiyalaw baxtına miyasar bolǵan.

T.Qayıpbergenov dóretiwshiligi dúńyaǵa belgili iri wakiller tárepinen moyınlanıp úlgerdi. Mısalı A. Saxarovtıń jazıwshınıń Moskva tribunasınan Aral haqqındaǵı shınlıq tuwralı pikirin akademik A.Saxarovtıń qollap-quwatlawı bul sózimizdiń dálili.

Ǵárezsizlik dáwirinde jas jazıwshılar da roman janrında batıl qádem terbete basladı. Atap aytqanda, Allanazar Ábdievtıń 2004-jılı óz aldına kitap bolıp basılıp shıqqan "Jın jıpırlar uyası" romanı bunıń ayqın mısalı.

Bul roman tragediyalıq sıpatqa iye. Onda ómirde haqıyqatlıq, ádalatlıq ushın gúresip, biraq ta kúshli bir kimselerdiń sebebinen mayırılǵan, den sawlıǵınan ayırılıp, jinli halına jetken Sayımbettiń ómir tariyxı óziniń kórkem sáwlesin tapqan.

Barlıq waqıyalar Sayımbettiń bunday halatqa qalay jetkenliginiń sebebin, onıń ayıpkerlerin, aqıbetin súwretlep beriwge xızmet etedi. Roman waqıyaları tiykarınan bayanlawshınıń sózi hám ádalatlıq ushın gúresip tyur`maǵa túsken Qayıptıń ishki keshirmeleri arqalı beriledi. Bunıń ústine avtordıń ishki monolog penen dialoglardı sheber qollanıwı sol dáwirdiń ashshı haqıyqatlıǵın isenimli túrde ashıp beriwge múmkinshilik jaratqan.

Bunda ápiwayı syujet hám fabuladaǵıday waqıyalar izli-izinen qatarlastırılıp, birewiniń ishinen ekinshisi kelip shıǵatuǵınday halda jaylastırılmastan, Sayımbet hám Qayıptıń táǵdirlerine baylanıslı syujetlik liniyalar bir-biri menen paralel` túrde rawajlanadı.

Romanda waqıyalar qurǵaq túrde avtor tárepinen bayanlabastan, al, personajlardıń eske túsiriwleri, túsleri, ishki monologları, xatları, sonday-aq, dialogları arqalı beriledi. Bunın ústine "tubalawshılıq dáwiri"niń absurd sharayatın hám onıń aǵzalarınıń, olardıń bir-biri menen qatnasın, adamlardıń ierarxiyalıq bóliniwiniń zorabanlıqqa tiykarlanǵan hasıl kelbetin beriw ushın avtor Batıs ádebiyatınıń belgili wakili Djonatan Svifttiń "Lemyuel` Gulliverdiń sayaxatları" atlı dóretpesinen úzindiler keltiredi hám bul úzindiler súwretlenip otırǵan sharayattıń haslı tábiyatına júdá mas keletuǵınlıǵı menen oqıwshını tańlandıradı.

Demek, avtordıń kórkem parallelizm usılın tańlawı-Gulliver gúwası bolǵan haywanattan da tómen maqluq-exulardıń hám tubalawshılıq dáwiriniń kelbetin

ózinde jámlestirgen. Mırzamurat, Álimbay, Ótemis, Marat qusaǵanlardıń háreketlerin, minez-qulqın salıstırıwı súwretlenip otırǵan dáwirdiń haqıyqıy kelbetin ashıp beriwge xızmet etedi.

Roman haqqındaǵı pikirimizdi juwmaqlap aytqanda, bunnan burın da bir qansha sátli jazılǵan gúrrinlerdi, "Eren saqıy" povestin dóretken A.Ábdievtiń bul romanı onıń qáleminin táwir-aq ısılǵanlıǵınan, kórkem shekberliktiń tájriybesin bunnan bılay da kóbirek iyelewge umtılıp atırǵanlıǵınan dárek beredi.

Tubalawshılıq dáwiriniń haqıyqatlıǵın-absurd zamannıń hám sharayattıń biymáni waqıyaları menen hádiyselerin súwretlewde T.Xalmuratovtıń "Qırıqbuwın" romanı, Ya.Ájimovtıń "Jazmısh jazası", G.Tájetdinovanıń "Ádiraspan", J.Serjanovtıń "Dóhmet" povest`leri dıqqatqa ılayıq. Ásirese, bulardıń ishinde Ya.Ájimov penen G.Tájetdinovanıń dóretpeleri kótergen problemaları hám oǵan sátli forma tabıwı, ıqshamlıǵı, sheber kórkem tili boyınsha oqıwshınıń dıqqatına sazawar bolǵanlıǵın atap ótiwimiz kerek.

Ǵárezsilik jıllarında tabıslı miynetler jaratıwda óziniń salmaqlı úlesin qosqan jazıwshılarımızdıń biri Muratbay Nızanov sanaladı. Onıń dóretiwshilik jolı ǵárezsilik jıllarına kelip tez pát penen rawajlana basladı. Ásirese onıń shıǵarmalarında búgingi kúnniń aktual máseleleri keń túrde bayanlandı. Mine usınday shıǵarmaları qatarında jazıwshınıń "Sońǵı tilek" romanın ayrıqsha atap ótiw orınlı. Shıǵarmada kóterilgen máseleler jazıwshınıń sheberligi, jámiyetlik shınlıqtıń qarama-qarsılıqların ashıp beriwdegi sezgirligi, shınlıqtıń batıllıǵı, psixologizmniń tereńligi, bayanlaw hám súwretlew usıllarınıń ráń-bereńligi menen jámiyetshilik, kitap oqıwshılarınıń kewilge qonımlı shıǵarmaları qatarınan keń orın iyeleydi.

"Sońǵı tilek" romanınıń bas qaharmanı ápiwayı jigit Arzıwbay . Onıń ómiri, turmısı belgili waqıtlarǵa deyin aytarlıqtay ózgerissiz óte beredi. Hámmesi óz ornında, shańaraǵı tınısh tatıw edi. Jumıs ornında, jámiyetlik ortaqlıqta óz abıroyına iye, óz boyında insaniylıq páziyletlerdi tolıq jámlegen insan sıpatında sawlelenedi. Arzıwbay dáslep óziniń kásibi boyınsha jumıs islep júrip, kópshilik jaqsı insanlardıń itabarında boladı. Bıraq ol jaslıqtaǵı muhabbat sebepli dúziw

soqpaǵınıń qıysıq bolıwına alıp keledi. Óziniń ómirlik joldası hámde perzenti kózine kórinbeydi. Kewlin biylep alǵan ishqı muhabbat onı pútkilliy óz dúnyasın umıtıwǵa alıp keledi. Kútilmegende onıń basına esap-sanaqsız sheshiliwi múshkil bolǵan tashwishler tústi. Ol rus qızı Oksananı jaqsı kórip qaladı. Bul munabbat onı óz elin taslap, alıs jurtlarǵa bas alıp ketiwge alıp keledi. Arzıwbay dáslep bul aspirant qızǵa kewil qoyıw niyeti bolmaydı. Olardıń kún dawamında birge bolıp, Oksananı hár túrli rayonlarǵa aparıp júrip sırlas bolıp qaladı. Bul unamsız háreketin sezgen Biybisara onı qiyanette ayıplap úyinen ketip qaladı. Arzıwbay bolsa bolıp atırǵan waqıyalardıń sheshilmes dárejede shiyinleskenin bilsede óz júregin jaralap ketken rus qızı Oksanaǵa qaray talpına beredi. Sol sebepten Oksananıń izinen ketip baxıtlı turmıs keshiremen dep oylaydı. Mısalı: Bul xattı kókiregime basıp uzaq turdım. Ol meniń júregime Oksana bolıp jıllılıq baǵıshlaǵanday boldı. Ol meniń saǵınıshımdı bir máwritke bolsa da basqanday edi. Onıń ózi menen diydarlasqanday, kópten berli birinshi márte júzimde quwanısh sezimleri oyandı. Men Odessaǵa ketiwge qarar ettim.

Bul qatarlar yaǵniy Arzıwbaydıń ózge jurtqa ketiw qararı watanınan ayra jasawǵa alıp keledi. Qaharman ózge júrtta hámme jaqınlarınan jaqın kórgen insanı Oksana menen baxıtlı turmıs keshiredi. Bıraq bul baxıt ómiriniń aqırına shekem dawam etpeydi. Qolınıń dimarı ketken waqıtlarda onı baxıtsızlıq kútip turar edi. Kewlindegi watanǵa bolǵan saǵınısh sezimi, Oksananıń dunyadan ótiwi, perzentleriniń de atasınıń xabar almawı, ulıwma bul awır turmıs onı jenship tasladı. Bıraq ol qasarısqan turmısqa qayraslıq penen qarsı turıp aldı. Kúnin ótkeriw ushın birese bazarǵa, birese hár kimniń esiginiń aldına juwırdı.

Álbette bul jaǵday Arzıwbay ushın júdá kewilsiz jaǵday edi. Íshqı muhabbattıń qulına aylanǵan bul insan aqır sońında kóshede tamaq izlep júriwshi Bomjǵa aylanıp qaladı. Ózine uqsaǵan dosları menen júda awır qıyınshılıqlar kóredi. Mısalı: Qullası inim, basıńdı awırtıp ne qılayın on úsh jıl tap keshegi kúnge shekem Jenya, Vasiyalardıń izine erip gá cherdak, gá podval, gá qurılıs basındaǵı aǵash budkalarda kún keshirdik. Iri qurılıs obyektlerindegi budkalar biz ushın arqayınlaw edi... Olar waqtı-waqtı murnın jalap dem alıp aladı. Bunday waqıtta

men bir tonnalıq kartinanı, jaz bolsa ishine túsip, qıstıń kúnleri bolsa sırtınan aylanıp júrip, topıraqqa, suwǵa toltıraman. Soń kempirlerdiń tarı quwırǵanınday tındırmay qarıyman.

Mine usınday jaǵdaylar Arzıwbaydı tolıq shóktiredi. Awır kesellikke shalınadı. Tek ǵana óz elinde sultan bola alatuǵınlıǵın túsinip, ólimin óz elinde kútiwdi qáleydi. Neshe jıllardan soń óz eline qaytqan Arzıwbay watanınıń jıllı qushaǵına toyıp jan tapsıradı. Jazıwshı Arzıwbay obrazı arqalı tán qumarlıq sebepli óz elinen ayra jasap júrgen, ómirde durıs joldı tańlay almaǵan insanlar obrazın sáwlelendiriwge háreket etedi.

Shıǵarmadaǵı Oksana obrazı kewilshek, miyirman, shaqqan, ziyrek qız sıpatında sáwlelenedi. Oksana insan sıptında adamgershilkli, miyirman insan. Bárshe adamlarǵa jaqsılıq islewge talpınadı. Onıń shıǵarmada qáte-kemshiligi kóbirek ushırassa da, bıraq ol jıllı júzligi menen kózge taslanadı. Oksananıń qátesi Arzıwbaydı shın júregin jaqsı kórip qalıwı. Onıń bul ayıbı Arzıwbaydıń watan gedayı bolıp qalıwına alıp keledi. Oksana shıǵarmada insaniylıq páziyletlerdi tolıq jámlegen insan sıpatında bayanlanadı.

Romandaǵı bunnan basqada qaharmanlar Arzıwbaydıń anası, hayalı Biybisara, kásiplesleri, inisi Qanatbay obrazların ashıp beriwde jazıwshı kórkem súwretlew usılların paydalanıp tolıq ashıp bergen.

Ulıwma M. Nızanov bul shıǵarmasınıń janrlıq hám ideya-tematikalıq jaqtan kórkemligi hámde úylesimligi, obrazlardıń jasalıw ózgesheligi jaǵınan ajıralıp turadı. Jazıwshınıń bul “Sońǵı tilek” romanı tán qumarlıǵına berilgen, óziniń tuwılǵan jurtınan alısta júrip ótkergen ómiri, qartayǵan shaǵında basınan keshirgen azap-aqıbetleri, óz watanınıń qádir-qımbatın kesh túsingen insannıń tágdiri qızıqlı syujetler menen bayanlanǵan hám zamanagóyligi, kórkemligi sapası hám jazıwshınıń búgingi kúnniń mashqalaların tereń túsiniwi, zamanlaslarınıń psixologiyasında júz berip atırǵan ózgerislerdi kóre biliwi hám olarǵa óz múnasebetin ashıq bildiriwi menen kitap oqıwshıları jámáátı arsında ayrıqsha orınǵa iye

Jazıwshınıń sońǵı jılları dórettilgen “Muhabbat qosıǵı” romanında janrlıq hám formalıq jaqtın ózgeshelikke iye. Jazıwshı bul dóretpesinde insan kewliniń názik kelbetin, bir muhabbat tariyxın bayan etedi. Sonday-aq jazıwshı insannıń kewil keshirmelerin, ishki dunyasın kórkem detallar, monolog, dialog, polliloglar menen mazmundı tolıq ashıp bergen.

Diolog –grekshe diologs eki adam arasındaǵı sáwbet degen. Shıǵarmadaǵı Mambetnazar ham Nigar arasındaǵı diologlar kórkem bayanlangan.Júregindegi jalındı jetkeriwge iybe saqlagan Nigar, sóyler sózinde sırlı mánini jetkerip beriwge háreket qıladı. Mambetnazar bolsa súygen yarınıń dawısın esitiw ushın onı sawbetke tartıwga urınadı. Eki jastıń sezimleri diologlarda kórkem kórinisin tapqan. Mısalı:

-Ne dediń, Nigar?

-Neni?

-Bir maydan otırayıq dep edim.

-Qoyıń, gáp sóz bolamız, kupa-kundiz.

-Onda keshqurın.

-Keshqurın ózim qasıńda bolaman. [2.48]

Monolog –( grekshe monos- bir, logos-soz gap)-korkem shıǵarma qaharmanlarinin óz-ózine ham basqalarǵa qaratılǵan gápi. [1.138]

Shıǵarmada monologlardiń beriliwi qaharmannıń qandayda bir nársege óz munasabetin bildiriwi, ishki kewil keshirmeleriniń tilge kiriw halatı súwretlenedi. Mambetnazar kewil darti, Nigardiń muhabbatı. Ol ishki keshirmelerin hesh kim menen sırlaspaydı, kewilindegi oyı menen sáwbetlesip júregindegi dártti jeńiwge urınadı. Romanda Mambetnazardıń monologları ónimli qollanılgan. Mısalı: Meniń ishim tıǵılıp atır, júregime uyalap alǵan sol haqıyqatlıqtı Nigardan sır tutqanıma hujdanım qıynaladı. Óytpese qıyınshılıq penen qolıma qondıra baslaǵan qusımdı pir ettirip ushırıp jiberiwim mumkinligin ish-ishimnen sezer edim. Bir ushsa qaytıp qonbaydı. Qaywaqıtdur bul haqıyqatlıqtı bir aytaman. Qaywaqıtta? Keyin... Ol menıń muxabbatıma tolıq isengennen keyin. Jaqsısı, júrekler tabısıp, baxıt bosaǵasınan atlaǵannan soń.....

Polilog- (grekshe polylogs kóp sóz) shıǵarmada úsh hám onnanda kóp adamlardıń sóylesiwi hám soraw-juwapları. Kórkem shıǵarmada dialog, monolog qansheli áhmiyetke iye bolsa poliloglarda óz ornına iye. Mısalı:

Qáne, jiynań, jiynań!- Gulshira jol boyı palatadaǵılarǵa tártip beriw menen qolındaǵı shıranı meniń tumbamnıń ustıne qoydı.

-Oyandıń ba, Álip dáw!-dedi ol uyqı aralas shala ashılıp turǵan kózlerime qarap.

-Awa,- dep áste ǵana maqulladım.

-Qattıraq sóylese jigit qusap!

-Qızǵa qarap qattı soylewge bolama?!- Palatadaǵılardıń biri meniń tárepimdi alǵan boldı.

-Háy, Jiyenǵaliy! Bul jigit sennen gáp uyrenbiydi. Ashılsıp úyrenisip alsın.

-Urtlam suw beriń dári iship alsın......[2.18]

Juwmaqlap aytqanda jazıwshı bul romanında da M.Nızanov qaharman obrazın jaratıw usılların sheber qollanılǵan hámde óz gezede insaniylıq tuǵılardı turmıs penen tolıq baylanıstırp obrazlı bayanlanıwına turtki bolǵan.

## III Bap Memuar janrı

Memuar degen sóz frantsuz tilinen alinǵan eske túsiriw ma`nini ańlatadi. Yaǵniy adamlardiń burińǵi waqiyalari haqqinda qatnasqani jazǵanlari. Bularǵa ómir bayanlar, kúndelikler kiredi. Memuar janriniń tiykarǵi sha`rti avtorlar turmisti obrazli súwretleydi, ocherk siyaqli kórkem memuarlarda tipizatsiya boladi, turmistaǵi tipiklik qubilislardan xarakter waqiyalardan olardiń obrazlardi aniq súwretleniw sha`rti menen kópshilik faktlerdiń ishinen memuarist, sol da`wirge xarakterli konkret formasinda aship beriwi kerek. Memuarda ocherkke qaraǵanda detal`ler aniq ha`m haqiyqat boliwi kerek. Bul janrda poetikaliq kórkem qiyal tariyxiy waqiyalardi ha`m iskerlerdi súwretlewge bolmaydi. Ha`tteki hújjetli faktlerden azǵana bosada qashiq boliwi memuarlardiń kórkemlik bahaliǵin kemeytedi. Bul janrdaǵi ulli shiǵarmalar K.Gol`doniydiń «Memuarlar», Gyoteniń «Poeziya ha`m haqiyqatliq», Gertsenniń «O`tmish ha`m oylar» dóretpeleri kiredi. Kompozitsiyaliq ha`m kórkem til ózgesheligi jaǵinan kórkem memuarlar avtobiagrafiyaliq povest`ge jaqinlasadi. Bul eki janrdi geyde ayriwǵa mumkinshilik bolmaydi biraq povest`te oydan toqilǵan waqiyalar ha`m qaharmanlar qatnasadi.

Ocherk - óziniń kólemi ha`m waqiyani súwretlewi jaǵinan gúrrińge jaqin prozaliq shiǵarmalardiń bir túri. Biraqta, oniń gúrrińnen ayirmasi minada: ocherk faktke tiykarlanadi ha`m fakt tańlawda kúta` úlken juwmaqlawshiliq orin aladi, waqiyalar, adamlar turmisinda bolǵan faktlerden alinadi. Sonliqtan da qaharmanda joq belgilerdi shiǵarmada jasirip súwretlewge bolmaydi. Ocherk a`debiyattiń eń operativ janri, ol kúta` ha`reketshil, kúndelikli turmistiń waqiyalari oniń tiykarin qurawi kerek. Ocherkist kúndelikli turmistiń belgili faktlerin burmalamastan, da`lme-da`l sheberlik penen, ótkirlik penen súwretlep beriwi kerek.

Qaraqalpaq a`debiyatinda ocherk XX-a`sirdiń 30-jillarinan payda boldi, ayriqsha Ekinshi ja`ha`n urisinan soń kúshli rawajlandi. D.Na`zbergenov, M.Da`ribaev, O`.Xojaniyazov, K.Sultanov, A.Bekimbetov, S.Saliev, I.Qurbanbaevlar bul janrda belgili jaziwshilar bolip esaplanadi.

Ocherkti izertlewshiler oniń dokumentalizm menen publitsistikaliq baǵitin ayriqsha atap ótedi. Sonday-aq, ocherkke turmis haqiyqatliǵiniń barliq ta`repi tema bola beredi. Mine, usi jaǵinan, ocherk ha`mme na`rse haqqinda maǵliwmat beriwge kúta` ińǵayli janr. Ol a`det-úrpti, siyasiy, ekonomikaliq, sotsialliq ómirdiń kartinalarin súwretley beredi. Ocherkte avtorliq bayanlaw kúshli, soǵan baylanisli sub`ektivlik ayqin bayqaladi. Ocherk sintetikaliq janr dep te ataladi, óytkeni, Gor`kiydiń aytqaninday-aq, ol ilimiy izertlew menen kórkem shiǵarmaniń araliǵindaǵi janr dep qaraydi.

Ocherk rus a`debiyatinda Gor`kiydiń Ekinshi ja`ha`n uris jillarinda I.Erenburg, N.Tixonov, M.Sholoxov, uristan soń V.Ovechkin, V.Shukshinlerdiń dóretiwshiliginde keń rawajlandi.[12]

Uristan keyingi da`wirlerde qaraqalpaq a`debiyatinda proza janri tez pa`t penen rawajlaniw jolina tústi. Bul jónelis uliwma milliy a`debiyattiń rawajlaniw da`wirlerin basinan keshirip atirǵanliǵinan kórseter edi. Kórkem a`debiyat xaliq ómiriniń ruwxiy kúsh-qúdiretlilikleri bolǵanliqtan da`wirge xarakterli bolǵan waqiyalar a`debiy janrlardiń barliǵinda kóriniwi ta`biyǵiy qubilis edi. Ma`selen, ekinshi jer júzlik uristiń jeńis penen tamamlaniwi, bul waqiyalarǵa bolǵan xaliqlar quwanishi, ótken uristaǵi qaharmanliqlar, endi tinishliq ómirlerdegi qaharmanliqlar da poeziyada qalay kóringen bolsa, ol ha`diyseler prozada da solay ga`p boliwi, sa`wleleniwi ta`biyǵiy qubilis edi. Sebebi, ótken uris jillari haqiyqatliqlari, xaliqtiń ha`zirgi tinishliq turmisqa keshiriwi xaliqlar ómirlerindegi eń bir a`jayip umitilmas waqiyalar bolǵanliǵi sózsiz. Bul waqiyalar da proza janriniń tiykarǵi ga`p etetuǵin waqiyalari bolip qaldi. O`ytkeni, ha`mme da`wirlerdegidey XX a`sirdiń 40-50-jillarinda xalqimizdiń ómirleri tariyxiy waqiyalarǵa toli ha`m bay boldi. Bul ha`diyselerdi jaziw, xaliq quwanishlarin, el xaliq ma`rtliklerin jirlaw, a`sirese, bul jillarda adamlar kewillerine jol tabiw, olardiń jan dúńyasi menen sirlasiw, olardaǵi jańa sezimlerdi, jańa estetikaliq bayliqlardi, gózzalliqlardi tawip ga`p etiw prozaniń payina tiyisli bolatuǵinliǵi nizamli qubilis ekenligi dawsiz. Soniń ushin eń a`weli bul waziypalardi prozaniń operativ janrlari basladi. Eń da`slep bul ocherk janriniń

[12] S.Axmetov, Q.Sultanov. A`debiyattaniw. No`kis. Qaraqalpaqstan. 1987. 184-191-betler.

waziypasi boldi. Haqiyqattan da, solay boliwi, solay kóriniwi nizamli qubilis edi. Oniń da sebebi bar. O`ytkeni, ocherkte kóbirek janli, ha`r kúni el, xaliq ómirlerinde bolip atirǵan janli faktlikler syujetlik tiykar etip alinip, olardi milliy a`debiy obrazlar arqali isenimli, adam ha`wes etkendey qilip janli súwretlep kórsetiw prozada bul janrdiń tiykarǵi xarakterli belgisi edi. Rasinda da, uristan keyingi da`wirlerde xalqimiz ómirleri bunday janli faktlerge bay boldi. Sol sebepli ocherk janriniń bul ma`selelerge diqqat awdariwi nizamli qubilis boldi. Sol sebepli, bul jillarda qaraqalpaq prozasinda ocherk eń basli janr bolǵanliǵi menen ajiralip turdi.

Bul jillardaǵi a`debiyattaǵi ocherk janrinda Q.Ayimbetovtiń «Qazaq korpusiniń marshi», «Yugoslaviyada» atli jol ocherkleri, I.Yusupovtiń «O`rnekshiler», A.Begimovtiń «Ol nege súydi», «Ol Watan ushin gúresti», S.Xojaniyazovtiń «Namis», K.Sultanovtiń «Tolqinli teńizde», R.Ma`jitovtiń «Qutli ba`ha`r», «Jeńer miynet» atli ocherkleri a`debiyatimizda kóp diqqatqa ilayiq shiǵarmalar bolǵanliǵi sózsiz. Bulardiń ishindegi adamniń kewillerin ózine tartarliqlari A.Begimovtiń «Ol nege súydi», K.Sultanovtiń «Tolqinli teńizde» ocherklerin kórsetiw múmkin.

Ma`selen, A.Begimovtiń «Ol nege súydi» degen ocherkinde Chordjow-Qońirat temir jol qurilisi da`wirlerindegi Xorezm - Qaraqalpaq xaliqlariniń dosliǵi, eki xaliqtiń awir ta`biyatti boysindiriwi. Bul miynet erliklerine xaliq artisti Tamaraxanimniń kelip kontsert qoyiwi, awir sahraniń qosiqli, sazli, gúlistanli ma`kanǵa aylanip baratirǵanliǵi isenimli jazilǵan. Al, K.Sultanovtiń «Tolqinli teńizde» ocherkinde qaynawitlaǵan asaw teńizde erler menen teńdey qaraqalpaq hayal-qizlariniń qaharmanliqlari súwretlengen.

Bas Túrkmen kanali qurilisiniń baslaniwi da ol jillarda xalqimiz tariyxinda a`jayip waqiyalardan biri bolǵanliǵi sózsiz. Onda jańa jollar saliniwi, jańa qalalardiń boy kóteriwleri, A`miwda`r`yani júwenlew ushinǵi ma`mleketlik qa`wli qararlar bul tek bir qaraqalpaq xalqin emes, pútkil dúńyani hayran qaldirǵan waqiyalardan bolǵanliǵi sózsiz. Usiǵan baylanisli J.Aymurzaev, S.Nurimbetov, I.Yusupov usaǵan úlken shayirlarimiz kóp-kóp ocherkler, publitsistikaliq shiǵarmalar jazdi. Bular da bul jillarda a`debiyatimizdi jańa temalar menen bayitti.

Tinishliq miynet xaliq xojaliǵiniń ha`mme tarawlarinda qizip ketken bir ma`ha`llerde jaziwshilarimiz mudami miynet qaharmanlariniń arasinda boldi. Miynetkesh xaliqtiń oylarin, jobalarin, maqset ideallarin, tabislarin tinbay jazdi. Ma`selen, J.Aymurzaev, T.Jumamuratov, Q.Dosanov, T.Na`jimov, J.Seytnazarov, A`.Shamuratov, X.Seytov, O`.Xojaniyazov, G`.Seytnazarov usaǵan talantli jaziwshilarimizdiń qa`lemlerinen baspa sóz betlerinde ómir shinliqlarin jirlaǵan ocherkler izli-izinen payda boldi. A`debiyatimizda ocherk janri bul jillarda prozaniń jetilisken janri sipatinda kózge taslandi.

Ekinshi jer júzlik uristan keyingi da`wirlerde qaraqalpaq a`debiyatinda ocherk janri menen gúrrińlik shiǵarmalar da teńdey jazildi. A`debiyatimizda gúrriń janriniń payda boliwina, a`sirese, jaziliw usillarina kóp jaziwshilarimiz burinnan-aq qaniq edi. Sebebi, proza burinnan a`debiyatimizda júda` rawajlanbaǵan menen, 20-jillardiń aqirlarinda, 30-jillarda jańa waqiyalarina óz kóz-qaraslarin bergen, bolmasa ótken xaliq ómirlerin qaralap jazǵan geypara gúrrińlik shiǵarmalar milliy a`debiyatimizda payda bola baslaǵan edi. Ma`selen, M.Da`ribaevtiń «Allaniń siri» (1934), R.Majitovtiń «Dushpan siri ashildi» (1935), X.Seytovtiń «Miynet erleri» (1940), A`.Shamuratovtiń «Ana quwanishi» (1940), ja`ne de R.Ma`jitovtiń «Húrmet ha`m dańq!», «Raxmet saǵan», «O`kinish» (1941), S.Xojaniyazovtiń «Shayir Shirikbay» (1941) ha`m t.b. a`debiyatimizdaǵi usi janrdiń úlgileri boldi. Biraq, bular milliy a`debiyatta ele haqiyqiy ma`nisindegi gúrrińlik qa`siyetlerdi ańlata almaytuǵin shiǵarmalar edi. Sebebi, bulardiń kóbi ocherklik shiǵarmalarǵa usap ketedi. Al, kóbisi waqiyalardan qurǵaq bayanlap beriwler menen sheklenetuǵin shiǵarmalar boldi. Sol sebepli ol gúrrińlik shiǵarmalardi ol da`wirdegi a`debiyatta jańa payda bolip kiyatirǵan milliy a`debiyattiń haqiyqiy jemisi dep qaramadiq.

Ocherk-turmista jasaǵan ha`m ha`zirde jasap atirgan qaharmanlar ómirinen alip jazilgan hújjetli gúrrińniń bir túri - dep aniqlama bergen f.i.d. prof. Q.Ma`mbetov[13]. Gúrrin turmista boliw múmkin bolǵan ha`diyselerdi jiynaqlap

[13] Q.Ma`mbetov. A`debiyat teoriyasi. No`kis. Bilim. 1995. 194-b.

jazsa, ocherkte jaziwshi sol qaharmandi óz kózi menen kórip, oniń is-ha`reketi menen portretin aniq súwretleydi. Lekin ocherkte de ayrim jaziwshi fantaziyasina ta`n bolǵan ha`diyseler boladi. Ma`selen bas qaharmanniń jaman ha`reketlerin jasirip oniń jaqsi ta`replerin ha`m isshenligin asirinqirap súwretlew. Solay bolsada ocherk ushin júda` a`piwayi qaharman tańla bermeydi. Sebebi oniń xaliqqa úlgi etip kórsetkendey ta`repleri boliwi sha`rt. Soniń ushinda ocherk qaharmanlari aqilli, parasatli, is bilermen, miynetkesh ha`m batir bolip keledi. Ocherk óz xarakterine qaray qaharmanniń úlgi ta`replerin alǵislaytuǵin janr. Sońliqtan da onda kritikaliq sipatlamalar júda` kem ushiraydi. Maqtaw basli orinǵa kóteriledi.

Ocherk qaharman portretin júda` aniq súwretlewi lazim. Ma`selen V.Ovechkin bir taz adamdi «ol qoyiw qara shashlarin jelkesine silkip tasladi»- dep jazip basi ba`lege qalǵan sebebi bul ocherk basilip shiqqannan keyin ol jigittiń joralariniń ha`mmesi taraq sawǵa ete baslaǵan eken. Qaraqalpaq ocherkleri 30-jillarda payda bolǵan. Oniń baslawshilari A.Begimov, N.Dawqaraev, M.Da`ribaev, D.Nazbergenov ha`m R.Majitov bolip esaplanadi. Sońǵi da`wirlerde S.Sa`liev, A.A`liev, I.Qurbanbaev, Q.Nazbergenov ha`m A.Xalmuratovlar birneshe ocherkler jazdi. Bul janrdiń  kórkem ocherk, jol ocherki, ilimiy ocherk – dep atalǵan birneshe túrleri bar. Biraq bulardiń atqaratuǵin xizmeti bir qiyli emes. Ma`selen ilimiy ocherkler bir jaziwshiniń dóretiwshilik dúńyasin yaki bolmasa ilimniń  bir bólegin sóz etiwi múmkin.

Ocherkti sol waqiyalar yaki qaharmanlar turmisi menen a`bden tanis bolǵan adamlar ǵana  jaza aladi. Soniń ushin da ocherkistler ómiri kóbirek gazetalar ha`m saparlar menen baylanisadi.

Saparbay Sa`liev shóldi ózlestiriwshiler haqqinda ocherk jazbaqshi bolip eki jil Mirzashólde bolip, alti ay dawaminda U`stirt keńisiliklerinde sayaxat jasaǵan. Soniń ushinda oniń ocherkleri basqalardan ayriqshalaw bolip keledi.

XX a`sirdiń 60-80-jillari qaraqalpaq a`debiyatiniń ideyaliq-kórkemlik da`rejesiniń joqari sheklerdi iyelegen, janrliq, formaliq jaqtan bayip tolisqan

jańadan jańa a`debiy qubilislar jaratilǵan, jańa realistlik qaharmanlar obraziniń ra`ńba`reń dóretilgen, a`debiyatqa jańa kórkem sóz sheberleriniń kóplep kirip kelgen da`wiri boldi.

A`debiy ómirdegi bul ózgerisler, a`lbette, 50-jillardiń ekinshi yarimindaǵi siyasiy-ekonomikaliq ha`m ma`deniy turmis sharayatlarindaǵi azǵantay da bolsa alǵa ilgerilewshilik ta`sirlerinen kelip shiǵip otirǵan ósiwshilik edi. Bul jillarda az da bolsa demokratiyaliq jónelislerge jol berilip, ma`lim da`rejede erkinlik samali ese baslap, 50-jillardiń ekinshi yariminda ja`miyettegi progressiv kúshler ta`repinen repressiya, zorabanliq siyasatina qarsi gúres jónelisi haqiyqiy tús aldi. Soniń sebebinen, nahaqtan jala jabilip, xaliq dushpani sipatinda biygúna qamalip ketken geypara a`debiyat, ma`deniyat ǵayratkerleri haqlanip, olardiń dóretpeleri qayta tikleniwge múmkinshilik aldi. Misali, qaraqalpaq a`debiyatinda 1956-jillardan keyin usinday nahaqtan jala jabilǵan S.Ma`jiytov, Q.A`wezovlardiń dóretpeleri milliy a`debiyatimizdiń bayliǵi sipatinda kórkem sóz dúńyamizǵa qayta kelip qosildi.

60-jillardaǵi a`debiyattiń tez pa`t penen rawajlaniwina 50-jillardaǵi qaraqalpaq a`debiyatiniń qolǵa kirgizgen tabislari da ma`lim da`rejede ta`sir etiwshi estetikaliq-ruwxiy derek boldi. Sebebi, bul jillarda a`debiyattiń bayip-tolisqanliǵinan da`rek beriwshi ha`m bunnan bilay rawajlaniwina tiykar saliwshi J.Aymurzaevtiń «A`miwda`r`ya boyinda» (1958), A.Begimovtiń «Baliqshiniń qizi» (1958) siyaqli da`slepki romanlar payda bolǵan edi. Sonday-aq 1950-57-jillarda A.Dabilovtiń «Bahadir» da`staniniń a`debiyatta payda boliwi da poeziyaǵa úlken kóterińkilik ruwx baǵish etti.

Uliwma, 1956-jillardan keyingi ja`miyette payda bolǵan demokratiyaliq epkinler a`debiy-kórkem dóretpelerdiń bunnan bilay rawajlaniwina az da bolsa jol ashіp berdi. Ekinshi dúńya júzlik uris aqibetlerinen jabilip qalǵan respublikamizdaǵi birden-bir a`debiy-kórkem jurnal «A`miwda`r`ya» jaziwshilarimiz ushin jańadan xizmet qila basladi. Respublikaliq balalar gazetasi «Jetkinshek» te qaytadan óz iskerligine kiristi.

T.Qayipbergenov, K.Sultanov, Sh.Seytov, U.Pirjanov, O.Bekbawlov, A.A`liev, G`.Seytnazarov, G.Esemuratova siyaqli jaziwshilar qaraqalpaq prozasin jańa sheklerge kóterdi, proza sannan sapa ózgerisine ótti, qaraqalpaq prozasiniń milliy da`stúri usi jaziwshilar arqali tuwisqan xaliqlar ha`m ja`han a`debiyati prozasiniń unamli da`stúrleri menen bayip tolisti. Dúńyaliq a`debiyat altin fondi ǵa`ziynesiniń esigin ashiwǵa soqpaq saldi. Sebebi, XX a`sirdiń 60-80-jillar prozasi zamanlaslarimiz turmisin súwretleytuǵin shiǵarmalar menen bir qatarda tutas bir xaliqtiń tariyxiy ta`ǵdirin sa`wlelendiretuǵin saldamli kórkem dóretpeler berdi.

50-jillardiń ekinshi yarimindaǵi prozaniń romanshiliǵinda erisilgen tabislar 60-jillar prozasiniń rawajlaniwina túrtki bolip xizmet etti. Usi jillarda «A`miwda`r`ya boyinda» tuńǵish romani menen satiraliq prozani bayitqan J.Aymurzaev 1967-jili «Jetimniń júregi» avtobiografiyaliq poves`tin daǵazalap, qaraqalpaq povestiniń formaliq jaqtan bayiwina ja`ne bir salmaqli úles qosti. Povest`te avtor turmis shinliǵin buringi «A`miwda`r`ya boyinda» romanina salistirip qaraǵanda isenimlirek súwretlep beriwi menen kózge taslanadi. Avtor povest`te óz ómiriniń jeti jasinan jigirma bes jasina deyingi da`wirin, basip ótken turmisliq waqiyalarin zaman, da`wir kórinisleri menen baylanista, ja`miyettegi adamlar qarim-qatnasi misalinda sheber aship beredi.

60-jillar povest`lerinde tematikaliq ósiwshilikten góre formaliq jańashilliq kóbirek kózge taslanadi. Povest`lerdegi formaliq bul sipatlardi da`slepki avtobiografiyaliq, memuarliq, tariyxiy povest`lerdiń payda boliwi, liro-epikaliq, liro-psixologiyaliq sipatlardiń kirip keliwi dep qisqasha bahalasaq boladi. Misali, O.Bekbawlovtiń «Taras Aralda» povesti da`slepki tariyxiy-biografiyaliq povest`tiń úlgisi bolsa, T.Qayipbergenov, Sh.Seytov óz povest`leri menen prozaǵa liro-epikaliq, liro-psixologiyaliq sipatlar baǵish etti.

Bul da`wir prozasinda ocherk ha`m gúrrińshilikte de ósiwshilik bayqaldi. Ocherk, gúrrińshilikte a`dewir kózge kóringen S.Saliev, A`.Atajanov, A.Xalmuratov, G.Esemuratova, S.Bahadirovalar qatari A.Sadiqov, A.Sultanov, K.Allambergenov, O.Abdiraxmanov, G.Tursinova, M.Nizanov, S.Jumaǵulov,

O`.O`tewliev usaǵan jas avtorlar menen tolisti. Jas jaziwshilardiń gúrrińderinde qaharman xarakterin jaratiwdaǵi realistlik sipat tereńlesti.

Qullasi, 70-jillar qaraqalpaq prozasi ushin úlken ósiw-órkenlew jillari boldi. Proza burin kórilmegen da`rejede jańa janrlar menen bayip-tolisti, prozada tariyxiy roman jaziw ta`jiriybesi roman-epopeyaǵa deyin barip jetti. Povest`ler massalliq tús alip rawajlana basladi. Povest` janriniń sheberleri jańa jas jaziwshilar menen kem-kemnen tolisip, olar ózleriniń tvorchestvoliq kúshin prozaniń burin kórilmegen tiń tarawlarina qaray baǵdarladi. Na`tiyjede 70-jillardiń ortalarina qaray burin ayirim elementleri ǵana bar satiraliq, fantastikaliq prozaǵa qaray kúshli bet buris kórine basladi.

XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatiniń payda boliwi, qa`liplesiwi ha`m rawajlaniw jollari haqqinda sóz etkenimizde, eń birinshi gezekte O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan xaliq jaziwshisi, QR Berdaq atindaǵi ma`mleketlik siyliqtiń laureati Jolmurza Aymurzaevtiń ómiri ha`m dóretiwshiligi kóz aldimizǵa keledi. Sebebi, J.Aymurzaev XX a`sirdegi jańa tiptegi realistlik qaraqalpaq jazba a`debiyatiniń tirnaq tasin qalawǵa, oni qa`liplestiriwge ha`m barliq basqishlarindaǵi rawajlaniwina (XX a`sir aqirlarina deyin) ómiri menen de, dóretiwshilik miyneti menen de úles qosqan kórnekli jaziwshilardiń biri bolip tabiladi. Sonliqtan da XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatiniń rawajlaniwi basqishlarin J.Aymurzaev dóretiwshiligisiz túsiniw qiyin. XX a`sirde rus a`debiyati ushin M.Gor`kiy, ózbek a`debiyati ushin G`afur G`ulam, Aybek, qazaq a`debiyati ushin Sa`ken Seyfulin, Sabit Muxanov, ta`jik a`debiyati ushin Mirza Tursinzada, azerbayjan a`debiyati ushin Samed Burgun, túrkmen a`debiyati ushin Berdi Kerbabaevlar qanday xizmetler islegen bolsa, qaraqalpaq a`debiyati ushin Jolmurza Aymurzaev ta sonday xizmet etti. Atap aytsaq, ol XX a`sir qaraqalpaq a`debiyati jańa qa`liplese baslaǵan 30-jillarda Q.A`wezov, A.Begimov, A.Matyakupov, N.Da`wqaraev, I.Fazilov penen teń qatar dóretiwshilik miynet etip, usi a`debiyattiń irge tasin qaladi, óz poeziyasi menen xaliqqa da`wir na`pesin, zaman ruxin duris túsindirdi, turmis shinliǵin tastiyiqlawshi gúressheń ruxtaǵi jańa

lirik qaharmanlar obrazin jaratti, XX a`sir qaraqalpaq poeziyasina da`wir ruxina say jańa tema, jańa formalar alip kirdi.

J.Aymurzaev dóretiwshiligi 50-jillardiń ortalarinan arnawli ilim izertlew jumislariniń tiykarǵi ob`ektleriniń biri sipatinda úyrenile basladi. Atap aytsaq, professor S.Axmetov XX a`sir qaraqalpaq poeziyasi tariyxina baylanisli kandidatliq (1955), doktorliq (1966) dissertatsiya jumislarinda oniń poeziyasi haqqinda kólemli izertlewler júrgizse, akademik M.Nurmuxamedov qaraqalpaq prozasina baylanisli doktorliq (1965) dissertatsiyasinda J.Aymurzaevtiń 60-jillardiń ortalarina deyingi prozasi («Kelin», «Quwat», «A`miwda`r`ya boyinda») tuwrali keń túrde talqi jasaydi. Al, Q.Ayimbetovtiń qaraqalpaq dramaturgiyasi (1956), T.Allanazarovtiń qaraqalpaq teatri (1961) tariyxina baylanisli kandidatliq dissertatsiyalarinda bolsa jaziwshi-dramaturgtiń 60-jillardiń ortalarina deyingi dramaliq shiǵarmalarina toliq baha berildi. Olardiń sońǵi jillarda jariq kórgen kólemli ilimiy miynetlerinde de J.Aymurzaev dóretiwshiligine keń orin berilgen.

70-80 jillarda J.Aymurzaev ómir ha`m dóretiwshiligi boyinsha arnawli ha`m kólemli izertlew jumislarin alip barǵan ilimpaz A`bdirayim Nasrullaev boldi. Ol óziniń 1965-jili baspa kórgen «Zaman ha`m liro-epikaliq poeziya» monografiyasinda shayirdiń poemalari haqqinda sóz etken bolsa, 1977-jili ja`riyalaǵan «J.Aymurzaev dramaturgiyasi» atli kólemli miynetinde oniń dramaturgiyasin arnawli izertleydi. Al, 1985-jilda «Qaraqalpaqstan» baspasi ta`repinen ja`riyalanǵan monografiyasinda bolsa J.Aymurzaev dóretiwshiligi boyinsha tutas túrde pikirler bildiriledi.

Uliwma, joqarida biz atap ótken miynetlerdiń barliǵinda derlik J.Aymurzaev XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatiniń tirnaq tasin qalaǵan, oniń XXI a`sirge deyingi rawajlaniwina salmaqli úles qosqan úlken tariyxiy a`debiy tulǵa sipatinda ta`n alinadi.

J.Aymurzaev, A`.Shamuratov, M.Da`ribaev menen bir qatarda qaraqalpaq prozasiniń payda bolip, qa`liplesiwine de salmaqli úles qosti. Ol prozaǵa 30-

jillardiń basinda bir qatar publitsistikaliq maqalalari, ocherkleri, feleton ha`m gúrrińleri menen kirip keldi. Oniń da`slepki «Traktor kelgende», (1931), «Miynet eri Nuratdin», «Kolxoz eri» (1933) siyaqli gúrrińlerinde qaraqalpaq awillarinda júz berip atirǵan jańaliqlar menen diyqanlar sanasinda payda bolip atirgan jańa ózgerisler, hadal miynetke bolǵan jańasha qatnasta súwretlenip beriledi. Bul gúrrińlerdiń ayirimlari janrliq ózgesheligi boyinsha gazeta ocherklerine usasa, «Jilǵilǵanǵa judiriq» atli satiraliq gúrrińi kórkemlik formasi jaǵinan fel`etondi esletedi.

Jaziwshiniń «Jetimniń júregi» povesti avtobiografiyaliq memuarliq shiǵarma bolip tabiladi. Povest` kitap halinda 1967-jili «Qaraqalpaqstan» baspasi ta`repinen, soń 1993-jili «Bilim» baspasinan ayirim ózgerisler ha`m toliqtiriwlar menen eki kitabi tutas basilip shiqti. Shiǵarma syujeti jaziwshiniń jeke ómirinen alinip jazilǵan, yaǵniy povest`tiń birinshi kitabinda jaziwshiniń jeti jasinan jigirma bes jasi araliǵina deyingi jaslayinan jetim qalip, turmistiń kóp awirmanliqlarin bastan keshiriwi, biraz adamlardan jamanliq kórip, ómirdiń ashshi-dushshisin tatiwi, ayirim mehriban adamlardiń ayali alaqaninda bolip, ómirge, keleshekke umtilip jasawi, oniń aǵayin-tuwǵan, dos-yaranlari, ustazlari menen jaqin baylanista boliwi, ilim-bilimge, kórkem dóretiwshilik penen shuǵillaniwǵa umtilisi waqiyalari jaslayinan ata-anasinan jetim qalǵan haq kewil, biraq za`berdes, shaqqan kishkene qara bala tilinen keń túrde sheber etip súwretlenedi.

Povest` memuarliq sipati boyinsha Q.Ayimbetovtiń «O`tken kúnlerden elesler», Q.Sultanovtiń «O`mir da`pteri», T.Allanazarovtiń «Zaman ga`rdishi», X.Seytovtiń «O`mir soqpaqlari» shiǵarmalari menen bir qansha únles keledi. Bul shiǵarma haqqinda waqtinda M.Nurmuxamedov, Q.Sultanovlar unamli pikirler bildirdi.

Haqiyqatinda da, povest` qaraqalpaq prozasindaǵi memuar janrinda dóregen shiǵarmalardiń eń sa`tlilerinen esaplanadi.

Povest`te bolajaq jaziwshi Jolmurza Aymurzaevtiń ómir joli isenimli ha`m kórkem etip aship berilgen. Povest`tiń da`slepki baplarinda ata-anasinan jurday

jetim bolip qalǵan jas balaniń a`tirapinda júz berip atirǵan ha`diyselerge kóz-qarasi, jamannan jiyirkenip, jaqsiǵa jantasiwlari, anasiniń ornina ana bolip, uwiz sútin berip emizgen, Ja`nigúldiń oǵan islegen jaqsiliqlari, awil adamlariniń ha`r qiyli is-ha`reketleri, balaniń nahaq, na`kas adamlarǵa degen jek kóriwshilik sezimleri, ha`tte narazi bolip olarǵa qarsi pikir aytiwlari, mine, usi waqiyalardi baqlap ha`m bahalap barǵan bolajaq jaziwshiniń ómirge degen kóz qarasiniń qa`liplesiwi, oy-órisiniiń kem-kem jetilisip bariwi, aqil ha`m adamgershilik paziyletleriniń rawajlaniw sebepleri, aqir ayaǵinda qiyinshiliqtan qoriqpaytuǵin ótkir zeyinli, jan-dúńyasi gózzal, mudami jaqsiliq, nurli keleshek dep talpinatuǵin úlken maqsetli insan bolip qa`liplesiwiniń baslamasi haqqinda keń túrde sóz baradi.

Shiǵarmaniń keyingi baplarinda usinday ómir ótkellerinen ótken jas balaniń jaziwshiliqqa, kórkem dóretiwshilikke kelip kiriw jollari isenimli turmisliq materiallar tiykarinda keń túrde súwretleniw tabadi. Bul baplarda avtor ózin a`debiyatqa qiziqtirǵan jiraw-baqsilar, qissaqan shayirlar repertuarlari, da`slepki ustazi Ka`rimulla A`bishev, haqiyqiy jaziwshi bolip qa`liplesiwinde tiykarǵi xizmet atqarǵan ja`miyetlik tariyxiy-a`debiy ortaliq, sol ortaliqta dóretiwshilik qarim-qatnasta bolǵan aǵa-úke, ustaz sha`kirt, dos-yaranlari A`met Shamuratov, Qalli Ayimbetov, Genjebay Ubaydullaev, Omar Bóleshov, Turdimurat Bekimbetov, Aytbay Mat`yakupov, Izbasar Fazilov, Xojamet Axmetov, A`bdiraman O`tepov, Ayapbergen Muwsaev, Seyfulǵa`biyt Ma`jiytov, Qasim A`wezovlar haqqinda óz pikirlerin ortaǵa taslap, oqiwshi kóz aldina XX a`sirdiń 20-30-jillarindaǵi a`debiy-ma`deniy ómirden sabaq beretuǵin kórkem-publitsistikaliq kórinisti keltiredi.

Povest`tiń bul baplarinda jaziwshiniń 1934-1937-jillarda Moskvadaǵi GITISte oqiǵan da`wiri ayriqsha bir zawiq penen sóz etiledi. Jaziwshi bul jillardi óziniń úlken a`debiyat esigine eniw da`wiri sipatinda kórsetedi. Biz bul baplarda jas bala Jolmurza Aymurzaevtiń belgili jaziwshi, ja`miyetlik isker da`rejesindegi jetilisken obrazin kóre otirip, A.Tolstoy, A.Fadeev, N.Tixonov, S.Seyfullin, I.Jansugirov, S.Muxanov, «.Músiretov, A.Toqmaǵambetov, S.Vurgun,

A.Toqambaev siyaqli «MDA xaliqlariniń XX a`sirdegi kórnekli sóz sheberleri haqqinda da keń maǵliwmat alamiz.

Oniń ómir bayanliq povesti jeti jasinan baslap XX-a`sirdiń 30-jillariniń ortalarina deyingi basinan ótken ómirlerinen turmisliq waqiyalardi, ha`diyselerdi, qatar qurbilarinin basinan ótken ayrim waqiyalardi sóz etedi. Jaziwshiniń basinan ótken waqiyalari úlkemizde ma`deniyattiń rawajlaniw barisi menen baylanisli kórsetilgen. «Miń toǵiz júz onjetinshi jil. Jazdiń jaynagan avgust ayi. Men jeti jasta edim»,- dep baslanadi bul avtobiagrafiyaliq povest`[14]

«1934-jil. Moskva. A`diwli, aǵamiz bawirlas basshimis Begimov Asan Izimovich SSSR jaziwshilar soyuziniń delegati boldi. Ol Moskvadan A`met Shamuratov ekewmizdi barǵan kúni-aq tawip alǵan edi. Asan aga A`met ekewimizdi s`ezdge shaqiriw bileti menen ertip bardi…» Aleksey Maksimovichtiń mehriybanliq qushaqlaǵandaǵi bawirmanliq júregi, ashiq iqlasi, mehriyban muhabbati júregime, sana-sezimime ma`ńgi súyiwshilik qaldirdi. Berilgen taqiya, bolǵan húrmet, usi tuwisqanliq húrmetli dańq penen kótergen xaliqlar dosliǵi maǵan ma`ngi da`rman berdi. Jurday bolǵan jetimniń júregi jer júzine jar salǵan dawilpazdiń qanatina qosildi. Aleksey Maksimovich Gor`kiydiń qushaǵina kirip, kókke pa`rwaz etti».[15]

«Jigirma segizinshi may kúni. Kúndizgi saat úsh… «Erkin Qaraqalpaq» gazetasiniń redaktsiyasi aldinda qos at jegilgen faeton arba kelip toqtadi… Bizlerdi Qasim aǵa A`wezov benen Kóptilew aǵa Nurmuxamedov kútip turǵan eken… Sarisimaq murtli, biyday ireńli kúle shiray bergen, jilli júzli kisiniń sa`lembergenine hayran qalsamda quwanip kettim. – Waleykum assalam assalawma a`leykum,-dep shaltliq benen barip, qolinan alǵanimdi bilmey qaldim. Ol kisi qolimdi, jumsaq alaqanlari menen sipaǵanday uslap, kos qollap sa`lemlesip, xal-awhal sorasti. – Bul jigit keshegi Qasim A`wezov joldastiń aytqan jaziwshisima?-dep soradi ol Kóptilew aǵadan. – Awa. Jolmurza Aymurzaev degen

---

[14] J.Aymurzaev. Jetimnin` ju`regi. No`kis. Qaraqalpaqstan. 1983, 5-bet.
[15] J.Aymurzaev. Jetimnin` ju`regi. No`kis. Qaraqalpaqstan. 1983, 316-bet.

shayir, - dedi Kóptilew aǵa kúle shiray bergen qa`lip benen. – Meni Yuldash Axunbabaev dep ataydi,- deydi Mehman kúle shiray bergen jilli júzden. Men sol ma`ha`lde jol boyim oylanip toqip kiyatirǵan eki sa`tir qosiǵimdi yadtan aytip jiberdim».

Keshki saat alti da baǵqa Alliyar Dosnazarov, A`biw Qudabaev, Kóptilew Nurmuxamedov, Qasim A`wezov, Qazaqbay Allabergenov, Seyfulǵabit Majittov, Abdiraman O`tepov, Izbasar Fazilov, Xojaxmet Axmetov, Palwan Seytmuratov, Súyinshaliyev, Xojan Abdiqaliyqov, Da`wletiyar Eshimbetov, Da`wlet Muwsaev, Bekman Tajiev taǵi basqa da joldaslar birden kelip qaldi. Olardi Yuldash Axunbabaev qabil etti. Barliǵida birim-birim ózleriniń tiykarǵi jumislarina baylanisli ma`seleler haqqnda bayanlama jasadi.

Yuldash Axunbabaev Qaraqalpaqstanniń keleshegi haqqinda kóp ǵana ma`selelerdi aytip ha`m olardi iske asiriw jollarin kórsetti. Sóylep bolǵannan keyin barliǵimiz birden Yuldash Axunbabaevtiń ruxsati menen ornimizdan turdiq, oniń menen xoshlastiq. Qabil qilǵani ushin alǵislar ayttiq…[16]

- A`welgi jazǵan qosiǵim minaday edi: Moynaq rayoninda Maqatay Orazimbetov degen hiyleker, quyańqi, xaliqti aldap-arbap, sorip bayiǵan, baliqshilardiń ústinen húkimdarliq súrgen jawiz adam boldi. Ol eń a`weli júz eliw baliqshiǵa «xan» boldi. Baliqshilardi qanap isletip, tez jillar ishinde bayidi. O`z aldina sholan dúzdi. Sholanda tonna-tonna baliqlardi saqlatti, tayarlatti. Baliqshilar azap benen teńiz gezip, baliq awladi. Azabin baliqshilar kórdi, rahatin Maqatay kórdi. Orenburg, Tomsk, Makariyaǵa (ha`zirgi Gor`kiy qalasi) uliwma aytqanda Orisiyatqa aparip baliq satti. Ol jaqtan xaliqqa muta`j na`rselerdi alip kelip, payda ústine payda kórdi. Al el ishinde gedeylerdi soridi.Soytip kimseń – Maqatay, Maqataydiń sholańi bolip ketti. Shaǵirli kólinen Aral teńizine deyingi jerlerde qonis basqan xaliqti awzina qaratti.

[16] J.Aymurzaev. Jetimnin` ju`regi. No`kis. Qaraqalpaqstan. 1983, 312-bet.

Bir kúnleri Maqatay sawatli, xat jazalatuǵin shaqqan jigitler kerek depti… Men de jańa jigit bolip kiyatirǵan edim. A`kem Nurimbat oǵada jarli adam edi. Men kún kóriske irisqi tabayin, talap isleyin desem, a`keme bul sóz maqul tústi ha`m «tez Maqataydiń sholańina bar» dedi.

Men qorqińqirap Maqataydiń aldina kirdim. Sa`lem berdim.

- Kimniń balasisiń? – dep soradi tum-tusima qaraǵan Maqatay.

- Nurimbettiń balasiman – dedim –jumis izlep keldim.

- Nurimbet emes, Nurmuxamed dep ayt – dedi ol . – Sawatiń barinan xabardarman . Nurmuxamed uli…

- Yaqshi, Nurmuxamed bolsa Nurmuxamed bolsin,-dedim.

- Sol kúnnen baslap men Nurmuxamed uli Kóptilew boldim. Jumisqa aldi…

Maqataydiń sholańindaǵi jumis oǵada awir edi. Maqatay baliqshilardiń haqisin da toliq tólemeydi, qa`legen waqta haqi beredi, qa`lemegen waqta bermeydi. Baliqshilar tek kún kóristi ǵana biledi. Buniń sirin baliqtiń esabin alǵan men bilemen… Aytsam kún kóristen quwilaman, aytpayin desem ishim janadi, baliqshilardi ayayman. Usi debdiwim ishime siymay, minaday qosiq jazdim. Eń da`slepki jazǵanim edi, tińlaniz:

Tinbay shuwlap qis kúniniń borani,

Qamistan dúzetip aldiq qorani,

Tórt ma`wsimde baliq benen toladi,

Maqataydiń tubi tereń sholańi.

Bizler qansha azap-aqiret kórsekte,

Bul awhaldi hasla almas esepke,

Bizler jatsaq qista qamis qorada,

Maqatay shalqiydi kepiren tósekte…

Izi kóp … Baliqshilar buni esitip:

- Ayapbergen aǵa awzińa tukirgen eken, shayirsań ǵoy, - dedi.

Awillas bolǵannan son juqqan shigar, - dedi taǵi birew.

- Buni Maqatay esitbesin! – dedim, men aytarin aytsam da izinen qorqip.

- Esitse, bunida úkige tiǵadi! – dedi bir qara da`peń baliqshi.

-Mine usinnan jaza bergende, mende Sizlerdey shayir bolar edim, - dep ókindi Kóptilew aǵa ha`m arbashiǵa atlardi tejewdi buyirdi.[17]

Ta`jikstan. Dúyshembi qalasi. Ta`jikstan jaziwshilari soyuziniń birinshi s`ezdi. Usi s`ezdge mende Qaraqalpaqstannan miyman bolip shaqirilip barǵan edim. Basqa jaziwshilar qatarinda G`afur aǵa menen tanistim. Burin G`afur G`ulam dep esitsemde, oniń menen birinshi ret ushirasawim edi. G`afur aǵaniń ashiq minezi, mehribanliq kewili maǵan oǵada unap qaldi. Men oni bir sóylesiwden-aq ózime jaqin adamday sezdim. Meniń bul quwanishima qosilǵan taǵi bir na`rse - G`afur aǵa usaǵan ataqli shayirlar menen bir jayda jatqanim boldi. Burin diydarin kóriwge qushtar bolip júrgen kewil-kók teńizdiń tolqininday shalqaydi.[18]

«Janr»-sózi frantsuzsha bolip, bizińshe «taraw, túr» degen ma`nilerdi ańlatadi. Ha`zirgi da`wir a`debiyattaniw iliminde «janr» sózi joqaridaǵi eki terminniń orinda da qollaniladi. Bul janr termininiń birinshi sipatli belgisi, atqaratuǵin xizmeti.

Ekinshiden, a`debiy janrlar aldin burin turmistaǵi waqiyalardiń súwretleniwine, olardiń arasindaǵi baylanislardiń qalay a`melge asiriliwi arqali

[17] J.Aymurzaev. Jetimnin` ju`regi. No`kis. Qaraqalpaqstan. 1983, 308-309-bet
[18] J.Aymurzaev. Jetimnin` ju`regi. No`kis. Qaraqalpaqstan. 1983, 313-bet

júzege keledi. Sonliqtan janrlardi belgilewde shiǵarmaniń kompozitsiya qurilisi basli xizmet atqaradi.

U`shinshiden, ha`r qanday shiǵarmaniń janrin aniqlawda ja`miyetlik turmistaǵi waqiyalardiń súwretleniw usillari arqali belgilenedi. Turmis haqiyqatliǵin súwretlewdiń tolip atirǵan usillari bar, olardiń eń baslilari; lirikaliq, epikaliq, dramaliq súwretlew usillari. Al olardiń ha`r birindegi ja`miyetlik turmisti súwretlewdiń túrlerin aniqlap qaraǵanimizda, júda` kóp túrleriniń bar ekenligin kóremiz. Misali, povest` janriniń ózinde tolip atirǵan súwretlew usillari bar. Misali, birewleri biografiyaliq, birewleri lirikaliq planda dóretilgen, úshinshileri; lirodramaliq, bayanlaw, taǵi basqa túrlerge bólinip kete beredi. Bul tariyxiy turmistań súwretleniwine, oniń qanday ekenligine baylanisli júzege keledi. Sonliqtan turmis haqiyqatliǵin súwretlewdiń usillari ha`r bir shiǵarmaniń janrin aniqlawda basli printsip bolip tabiladi.

Tórtinshiden, ha`r bir shiǵarmaniń janrin aniqlawda sol shiǵarmada súwretlengen qaharmanniń xarakteriniń ashiliwi negiz bolip jatadi. Xarakter arqali sharayat ashiladi, kerisinshe sharayat xarakterdi qa`liplestiredi. Eger qaharmanniń is ha`reketlerin, umitiliwlarin súwretlew basli xizmet atqarsa, ya epikaliq, ya dramaliq shiǵarma boladi, al qaharmanniń sezimlerin súwretlese, lirikaliq shiǵarma boladi.

Uliwma alǵanda, janr tariyxiy qubilis. Tariyxiy ha`diyselerge baylanisli biri óziniń ómir súriwin jolǵaltip otirsa, ekinshileri olardiń ornina payda bolip turadi. Misali, a`debiyatimizdaǵi salt-da`stúr jirlariniń ayrimlari ha`zirgi da`wirdiń a`debiy tvorchestvosinda óziniń a`hmiyetin joyiltip baratir. Al olardiń ornina drama, roman, povest`, kinostsenariya siyaqli janrlar payda bolip atir.

Demek, a`debiy protsessti tariyxiy printsip arqali, belgili bir da`wirdegi tematikaliq ózgesheliklerdi esapqa aliw arqali, qaharman obraziniń jasaliwi, a`debiyattiń tegi ha`m janrlari arasindaǵi ózgesheliklerdi aniqlawdan, solay etip,

súwretlew usillarindaǵi jańaliqlardi belgilewden baslanadi. Usinday jollar arqali a`debiy protsesstiń sipatli ózgeshelikleri ashiladi.

A`yyemgi ja`miyette kórkem ónerdiń túrli ha`zirgi túsiniktey bólek-bólek jasaǵan emes, al tutas túrinde ómir súredi. Biz buni poetikaliq sinkretizm dep ataymiz. Ma`selen, grek a`debiyatinda keń orin alǵan xorlardaǵi ayrim waqiyalar eposliq sipatta, jeke atqariwshilardiń ishki sezimleri lirikaliq sipatta, al xordi baslaw menen xoshlasiwlarindagi aytis-dialoglar dramaliq sipatta boldi. Usilar menen bir qatarda xorǵa qatnasiwshilardiń qiymil-ha`reketleri, ayaq oyinlar júz qubilislari saxna ónerine uqsadi. Akademik A.N. Veselovskiy óziniń «Tariyxiy poetikasinda» bunday sinkretizmniń uzaq shiǵis xaliqlariniń kórkem ónerinde keńnen kóringenligin bayanlaydi.

Erte zamanlardaǵi qaraqalpaq a`debiyatinda da usi belgini bayqaw qiyin emes. Xaliq qosiqlariniń namaǵa saliwǵa ińgayliliǵi, da`stanlardaǵi proza menen poeziyaniń aralas keliwi, olardaǵi aytis, betashar, ha`wjarlarda a`debiyattiń birqansha elementleri bar. Qaraqalpaq aytislari ayriqsha quramali sinkretizm, bularda dramaliq momentler kúshli bayqaladi. Da`wirdiń ótiwi menen ónerinde túrleriniń óz-ara kirisiwi joyilip, ayrimlana basladi. Poetikaliq sinkretizmdegi liro-epikaliq qosiqlardan eposlar bólinip shiǵip, rawajlandi, oniń mazmunin xaliqtiń ómirindegi belgili waqiyalar qurap, ańiz a`ńgimeler, qiyaliy obrazlar payda boldi. Xor bolip aytilatuǵin shiǵarmalardaǵi adamniń kewil kúyin bildiretuǵin qosiqlardan lirika bólinip shiqti. Al, ayaq oyinlari menen mimikaliq (júz qubilislari, dene qiymili) ha`reketlerden drama júzege keldi.

A`debiyattiń úlken usi úsh túriniń shiǵisi jaǵinan bóliniwi haqqinda, a`sirese, olardiń waqittiń ótiwi arqali ózgerislerge ushirawi jóninde elege shekem úzildi-kesildi aytilǵan pikir joq, al boljawlar, shamalawlar kóp. Sonday-aq joqarida aytilǵan a`debiyattiń úsh túriniń ózin bólek-bólek qarastiriwǵa boladi. Ma`selen, epos degende oniń roman, poema, ballada, povest` t.b. tarawlari bar.

A`debiyatti túrge ajiratqanda Aristotel` olardiń shinliq turmisti súwretlew usilina diqqat awdardi. Oniń aytiwi boyinsha belgili haqiyqatliqti jaziwshi ózinshe bayanlap beriwi múmkin yamasa adamlardi tikkeley ha`rekette korsetiwi itimal. Al, nemets filosofi Gegel`diń bóliniwine kelsek, ol a`debiyatti súwretlegen lirika-adamniń kewil kúyin beredi, drama-ha`reketti aship beredi. Soń usi bóliwdi Belinskiy dawam ettirdi ha`m jańasha rawajlandirdi. Soniń menen birge, Belinskiy a`debiyattiń bul úsh túriniń aralas kele beriwi múmkin ekenligin kórsetti. Ma`selen, jańa da`wirdiń eposlarinda dramaliq elementtiń aralasip kele beretuǵininday, epikaliq element drama da bola beredi. Qalay degen menen usi joqaridaǵi bóliwlerge súyensek bir na`rse aniq: eposta adam ha`m ja`miyet arasindaǵi qatnas dramada xarakterlerdiń soqliǵisiwi, lirikada adamniń keshirmelerinen kelip shiǵatuǵin kúyinnish-súyinishler orin aladi.

Xa`zirgi rus a`debiyatinda rod, vid, (tur) ha`m janr degen úsh túsinik bar. Biraqta usilardiń shegarasin ayiriwda, joqarida aytqanimizday, belgili sheshim joq. Birewler rod degendi sózdiń tórtkinine qarap janr ma`nisinde túsinse, olardiń qollaniliwin túr dep túsindiredi.

Haqiyqatinda oqiwshini shatastirmaw ushin bulardiń ba`rin janrliq túr dep aliw qolayli. A`debiyat shiǵisi jaǵinan úlken úsh tekke bólinedi: epos, lirika, drama. Al, janrliq jaqtan roman, povest`, poema, komediya t.b. dep bóliw múmkin. O`z gezeginde romandi birneshe túrge jiklewge boladi.

60-jillarda Q.Ayimbetov óziniń «O`tken kúnlerden elesler» kitabi menen memuarliq prozaǵa tiykar saliw menen bir qatarda ocherk, kórkem publitsistika, satira-yumor janriniń rawajlaniwina da ma`lim da`rejede óz úlesin qosti.

Prozadaǵi bul úyreniw, izlenisler, aqir ayaǵinda oni 70-jillardiń basinda «O`tken kúnlerden elesler» atli kólemli memuarliq shiǵarma jaziwǵa alip keldi[19]...

Eske túsiriw formasindaǵi bul shiǵarma úlken segiz bólimnen ibarat bolip, onda qaraqalpaq xalqiniń tónkeristen aldińǵi jillardan tartip tap ekinshi ja`ha`n

[19] Q.Ayimbetov. O`tken ku`nlerden elesler. No`kis. Qaraqalpaqstan. 1972.

uristan keyingi jillarǵa deyingi a`hmiyetli waqiyalar da`wir ha`m adam foninda keń planda súwretlenedi. Avtordiń súwretlew usili eske túsiriw bolǵani menen, ne bolsa, soni kóshirip jaza bermeydi, da`wir ushin, waqit ushin, xaliq ushin a`hmiyetli bolǵan na`rselerdi ǵana tańlap alip jazadi. Ma`selen, «Qaraqalpaq awillari» degen bóliminde qaraqalpaq xalqiniń kún-kóris, turmis ta`rizine, da`stúr-saltina ta`n bolǵan qislaw-jazlaw, suwǵa talas, aqqula, pitir, kewsen, úsir, tútin puli, qudaliq, qaliń mal, kúyew qa`de, neke qiyiw, qiz uzatiw usaǵan a`hmiyetli turmisliq-xaliqliq etnografiyaliq milliy da`stúrler haqqinda túsinik beriledi. «Shimbay qalasinda», «Túrli ka`sip adamlari», «Ka`sipsiz adamlar» bólimlerinde bolsa, qaraqalpaq xalqiniń ka`sip-ónerleri haqqinda qiziqli maǵliwmatlar keltiriledi. Al, «Alaǵat zaman» bólimi tikkeley xalqimiz tariyxinda belgili iz qaldirǵan asharshiliq jillar tariyxina baǵishlanǵan. Memuardiń bunnan keyingi baplari XX a`sirdiń 10-30-jillarindaǵi ilim, a`debiyat, ma`deniyat tariyxindaǵi jańa bet burilislarǵa, xalqimizdiń ma`deniyat tariyxinda elewli orni bar ilim-bilim, ma`deniyat ǵayratkerleriniń ómirin, islegen xizmetlerin súwretlewge arnaladi.

Memuardiń barliq baplari tariyxiy-xronologiyaliq baylanisqa túsken. Avtor a`hmiyetli tariyxiy waqiyalardi, belgili tariyxiy adamlardiń ómirin súwretlew arqali, tutas bir xaliqtiń yarim a`sirlik ómir kartinasin, basip ótken uzaq ómir jolin isenimli kórsetip beredi. Bundaǵi tiykarǵi-obrazlar - xaliq obrazi menen avtor obrazi. Avtor shiǵarmada waqiyalardi jay bayanlawshi ǵana bolip qoymastan, qaraqalpaq ma`deniyatiniń, ilim-biliminiń, baqsi jirawlar ta`ǵdiriniń úlken jan ashiri sipatinda kózge taslanadi.

60-jillar povest`lerinde tematikaliq ósiwshilikten góre formaliq jańashilliq kóbirek kózge taslanadi. Povest`lerdegi formaliq bul sipatlardi da`slepki avtobiografiyaliq, memuarliq, tariyxiy povest`lerdiń payda boliwi, liro-epikaliq, liro-psixologiyaliq sipatlardiń kirip keliwi dep qisqasha bahalasaq boladi. Misali, O.Bekbawlovtiń «Taras Aralda» povesti da`slepki tariyxiy-biografiyaliq povest`tiń úlgisi bolsa, T.Qayipbergenov, Sh.Seytov óz povest`leri menen prozaǵa liro-epikaliq, liro-psixologiyaliq sipatlar baǵish etti.

Bul da`wir prozasinda ocherk ha`m gúrrińshilikte de ósiwshilik bayqaldi. Ocherk, gúrrińshilikte a`dewir kózge kóringen S.Saliev, A`.Atajanov, A.Xalmuratov, G.Esemuratova, S.Bahadirovalar qatari A.Sadiqov, A.Sultanov, K.Allambergenov, O.Abdiraxmanov, G.Tursinova, M.Nizanov, S.Jumaǵulov, O`.O`tewliev usaǵan jas avtorlar menen tolisti. Jas jaziwshilardiń gúrrińderinde qaharman xarakterin jaratiwdaǵi realistlik sipat tereńlesti.

Qullasi, 70-jillar qaraqalpaq prozasi ushin úlken ósiw-órkenlew jillari boldi. Proza burin kórilmegen da`rejede jańa janrlar menen bayip-tolisti, prozada tariyxiy roman jaziw ta`jiriybesi roman-epopeyaǵa deyin barip jetti. Povest`ler massalliq tús alip rawajlana basladi. Povest` janriniń sheberleri jańa jas jaziwshilar menen kem-kemnen tolisip, olar ózleriniń dóretiwshilik kúshin prozaniń burin kórilmegen tiń tarawlarina qaray baǵdarladi. Na`tiyjede 70-jillardiń ortalarina qaray burin ayirim elementleri ǵana bar satiraliq, fantastikaliq prozaǵa qaray kúshli bet buris kórine basladi.

Povest`lerdegi bunday ósiwshilik, a`sirese, oniń tematikaliq jaqtan rawajlaniwinda kórindi. «Qaraqalpaq povesti» monografiyasiniń avtori Q.Kamalov povest`lerdegi bul tematikaliq keńlikke toqtay kelip, oni tómendegishe qarastiradi: «O`tkendegi tariyxiy ómirimiz, ekinshi ja`ha`n uris da`wirindegi jawingerlerimizdiń fashizmge qarsi gúresi, uris da`wirindegi tildaǵi jas qizlar ta`ǵdiri, uristan qaytqan jarali jawingerlerdiń ta`ǵdiri, búgingi zamanlaslarimiz turmisi, shinliqti túsinbey turmistiń kóp qirli tar jollarinan aljasip qa`dem basqan adamlar ta`ǵdiri, búgingi a`sker turmisi, urisqa qatnaspasa da qayǵisin shegip atirgan jaslardiń ómiri, tuwisqan xaliqlar jaslariniń muhabbati, jasliq muhabbatiniń jalinli da`rti, sawashta nabit bolǵan a`kesiniń qa`birin qarastiriwshi jaslar turmisi[20]».

Kórip otirǵanimizday, 70-jillar povest`leri tematikaliq jaqtan ha`r qiyli. Biraq, bul da`wir a`debiy jónelisinde olardiń sóz etiliw masshtabi bir qiyli bolǵan emes.

---

[20] Roman milliy g`a`rezsizlik ideyalari ruxinda qayta islenip, 1998-jili toliqtirilg`an halda qayta bastirilip shiqti. Biz usi son`g`i basilimdi tiykarinda talqi islep otirmiz.

Olardiń bir qanshalari júda` az sóz etiliwin tapsa, bir qanshalari búgingi prozamizdiń da basli bağdarlarina aylanip baratir.

Qaraqalpaqstan xaliq jaziwshisi, QR Berdaq atindaği ma`mleketlik siyliqtiń laureati Karamatdin Sultanov 1934-jili 5-sentyabr`de Moynaq rayoniniń «Aq da`r`ya» awilinda dúńyağa keldi. 1941-jili Shimbay pedagogikaliq uchilishesin tamamlağan ol bir neshshe jil dawaminda awilliq mektepte muğallim bolip isleydi. 1947-jildan baslap jurnalistlik xizmetke aralasa baslaydi. Rayonliq, respublikaliq gazetalarda gazeta xabarshisi, a`debiy xizmetker, bólim basliği lawazimlarin atqaradi. Usi ka`siplerdi minsiz islep kiyatirğan ol 1942-jili Tashkentke joqari partiya mektebine oqiwğa jiberiledi. K.Sultanov bul oqiwdi tabisli tamamlağannan soń 1953-1974-jillarda Qaraqalpaqstan radioesittiriw ha`m telekórsetiw komitetinde redaktor, «Sovet Qaraqalpaqstani» (ha`zirgi «Erkin Qaraqalpaqstan») gazetasinda bólim basliği lawazimlarin atqaradi. Sońği jillarda bolsa baspúkil jumisti qoyip, erkin dóretiwshilik miynet penen ba`nt boladi.

K.Sultanov usi xizmetlerde islep júrgen jillarinan baslap jurnalistlik iskerlik penen bir qatarda kórkem dóretiwshilik penen de shintlap shuğillanip, 60-jillarğa kelgende kórkem publitsistika, poeziya, proza tarawlarinda xalqimizğa keńnen ma`lim úlken talant iyesi bolip jetilisti. Ol derlik yarim a`sir dawaminda usi tarawlarda tinbay qa`lem terbetip, jurtshiliqqa óziniń «Waqit qosiqlari» (1949), «Aldińği sawinshi» (1956), «Meniń doslarim» (1956), «Awillaslarim» (1960), «Ağalardiń a`ńgimesi» (1968), «Da`wir ta`riypi» (1969), «O`tken kúnler» (1975), «Altin da`wir» (1983) siyaqli bir qansha qosiqlar, ocherk ha`m gúrrińler, gúrrińler ha`m povest`ler toplamlari menen bir qatarda «Aqda`r`ya» (1962), «A`jiniyaz» (1967) romanlarin, sonday-aq «O`mir da`pteri» (1989) roman-memuarin inam etti.

K.Sultanov 70-80-jillarda da proza tarawinda tabisli miynet etti. «Ağalardiń a`ńgimesi», «O`tken kúnler qissasi» povestleri menen bir qatarda «O`mir da`pteri» roman-memuarin dóretti.

Oniń da`slepki ocherk ha`m gúrrińleri de «Meniń awilim» (1956) «Awillaslarim» (1960) toplamlari, «Biziń zamanimizdiń qaharmanlari» atli

ocherkler tsikli, «Aldińǵi sawinshi» (1956), «Baxit» (1957) atli ocherkleri sol da`wirdegi kúndelikli ómir jańaliqlarin, zamanlaslari-mizdiń miynettegi ma`rtlik obrazin sheberlik penen aship bere alǵanliǵi seziledi.

«Awillaslarim» toplamindaǵi «Aral awiliniń adamlari», «Meniń awillasim», «Paxtakeshtiń balasi», «Sirli oramal» atli gúrriń ha`m ocherklerinde kúndelikli ómirdi tereń baqlawlari, qaharmanlardiń ishki oy-dúńyasi, jeke figurasi ayqin aship berilgen.

## G`a`rezsizlik da`wirindegi memuar janriniń rawajlaniwi:

Geypara shiǵarmalarda burin qadaǵan etilip taslanǵan temalarǵa qol uriw, xaliq tariyxina jańasha kóz juwirtiw baǵiti ayqin sezilip turdi. Zamanagóy temada payda bolǵan shiǵarmalardi da jańa da`wirdiń epkini ma`lim da`rejede kórinis tapti. Poeziya ha`m publitsistika janrlari ǵa`rezsizlik temasin sóz etiwge birden teperishlik penen kiristi. Bul ma`seleler dramaturgiya janrinda da ma`lim da`rejede sa`wleleniw taba basladi. Atap aytsaq, proza tarawinda T.Qayipbergenovtiń «Kewlimniń qamusi», «Qaraqalpaqpan. Ta`wekelshimen», «O dúńyadaǵi atama xatlar», A`.Paxratdinovtiń «Sóylenbegen tariyx», «Sheyitler ta`ǵdiri», «O`tken a`sir a`wladlari», K.Allambergenovtiń «Da`r`ya tartilǵan jillar», A.Abdievtiń «Jin-jipirlar uyasi», S.Ismayilovtiń «Júrek galaktikasi» romanlari, G.Esemuratovaniń «Bir shańaraq waqiyasi», «Qizim, saǵan aytaman», «Dúdendegi da`pter», M.Nizanovtiń «Jat jurttaǵi jeti kún», «Aqshagúl», A.Sultanovtiń «O`mir ótkelleri», I.O`tewlievtiń «Teńizdiń jini» povest`leri, X.Seytovtiń «O`mir soqpaqlari», T.Allanazarovtiń «Zaman ga`rdishi» memuarliq dóretpeleri, lirika ha`m poemashiliqta B.Qayipnazarovtiń «Tań gúli» qosiqlar toplami, I.Yusupovtiń «Ma`melek oy», «Watan topiraǵi» poemalari menen «Begligińdi buzba sen» toplamina engizilgen qosiqlari, K.Raxmanovtiń «Watan tuyǵisi» qosiqlar toplami, J.Izbasqanovtiń «Qamal» dramaliq poemasi, Sh.Ayapovtiń «Jan halati» poemasi menen «Ta`biyat ha`m ta`ǵdir» balladasi, B.Genjemuratovtiń «Mogixan sózi, yaki Qitay jipegine jazilǵan bitig» tariyxiy poemasi, N.Tóreshova, M.Jumanazarovaniń qosiqlari,

dramaturgiyada T.Qayipbergenovtiń «Aydos baba» («Miń tillaǵa tigilgen gelle») tragediyasi, «Sahra búlbili» dramasi, K.Raxmanovtiń «Injiqtiń muhabbati», B.Baymurzaevtiń «Ba`ddiwa», «Pa`lektiń ga`rdishi», A.Sultanovtiń «Nahaqtan tógilgen qan» dramasi, M.Nizanovtiń «Eki dúńyaniń a`weresi», S.Jumaǵulovtiń «Adamlar nege buzilǵanW», «Kúyewińdi berip tur», «Ekstrasens» komediyalari menen a`debiyat izertlew ilimi menen a`debiy sin tarawinda A`.Paxratdinov, K.Ma`mbetov, S.Bahadirova, Q.Kamalov, Q.Bayniyazov, Q.Ja`rimbetov, K.Allambergenov, Q.Orazimbetov, P.Nurjanov ha`m t.b maqalalari usinday ruwxta jazilǵan shiǵarmalar boldi.

Esse degen sóz latin tilinen alinǵan bolip - ólshew degen ma`nisti bildirgen, anglichan ha`m frantsuz tilinde – ocherk, maqala - a`debiy sin, a`debiyattaniwdiń janri bolip, qanday-da bir mashqalaniń erkin túsindiriliwi menen xarakterlengen. Esseniń avtori tańlap alinǵan ma`seleni, ol a`debiy, yamasa estetikaliq, filosofiyaliq ha`m t.b. bolsin, bayanlawdiń sistemali boliwina, juwmaqlardiń a`lilligine, ma`seleniń uliwmaliǵina qaramastan taliqlaydi.

Esse janriniń tiykarin saliwshisi frantsuz jaziwshisi – gumanist ha`m filosof M.Monteń boldi. Ol 1580 jili esse jazip, bunda ja`miyettiń ha`m insanniń ta`ǵdiri haqqinda óz oy-pikirlerin bildirgen. 1597 jili anglichan filosofi ha`m jaziwshi Frensis Bekon óziniń essesin jazadi. Keyinrek barip bul janrda jaziwshilar D.Lokk, D.Addison, G.Filding, O.Goldsmit qa`lem terbetken. Olardiń dóretiwshiliginde esse janri transformatsiya ózgeriske ushiraydi. Bul jaziwshilar esseni - belgili bir mashqalani sheshiwdegi avtordiń ta`jiriybesi dep túsinedi. XX a`sirde esse janirinda Batis Evropa a`debiyatinda B.Shou, Dj.Golouorsi, A.Frans, R.Rollan ha`m basqalar jazǵan.

Esse termini Batista keń túrde taralip ketti, a`sirese Angliyada, Frantsiyada, Pol`shada ha`m basqa ma`mleketlerde.

Biraq oǵan tariyxiy, filosofiyaliq, psixologiyaliq ha`m publistikaliq pikirlerdi ja`mlestirip roman da`rejesine jetkizgenler bar. T.Qayipbergenovtiń «Qaraqalpaqnama» essesi sol tiykarda jazilǵan.

Rossiyada bul termin onsha kollanilmadi. Ha`tteki Monteńniń «A`ssesinde» Rossiyada «Ta`jiriybeler» dep awdarǵan.

Ha`zirgi zaman a`debiyattaniw iliminde esse termini – teoriyaliq, filosofiyaliq oy-pikirlerge toli ocherk yamasa maqala degen ma`nisti bildiredi, -dep esaplaydi a`debiyatshi-ilimpaz L.I.Timofeev.

Rus a`debiyatshisi V.Kojinov esse negizi memuarliq janr dep esaplaydi.

Biziń milliy qaraqalpaq a`debiyatimizda esse janri tariyxiy, filosofiyaliq, psixologiyaliq ha`m publistikaliq pikirlerdi ja`mlestirip roman da`rejesine jetkizgen jaziwshi T.Qayipbergenov.

Avtordiń «Qaraqalpaqnama» essesi sol tiykarda jazilǵan. Bunnan basqa biziń milliy a`debiyatimizda esse-janrin rawajlandirǵan jaziwshi ha`m alim A`.Paxratdinov.

Jaziwshiniń «Qaraqalpaqnama» roman-essesi de 80-jillar qaraqalpaq prozasina úlken a`debiy qubilis bolip enip, romanshiliǵimizdi formaliq, kórkemlik jaqtan ja`ne de joqari sheklerge kóterdi. Roman, haqiyqatinda da, qaraqalpaq prozasina formaliq jaqtan úlken jańaliq alip keldi.

T.Qayipbergenovtiń «Qaraqalpaqnama» roman-essesin usi kóz-qarastan shiǵa otirip bahalasaq, bul shiǵarmaniń tek ǵana fol`klor menen jazba a`debiyat traditsiyalariniń sintezinen turmaytuǵinin kóremiz. Sebebi, roman-essede tariyxiy waqiyalar da, búgingi kún waqiyalari da, ha`r qiyli ańiz-a`ńgimeler de, a`psanalar da, ilimiy-publitsistikaliq materiallar da, jaziwshiniń jeke filosofiyaliq oylari da keńnen paydalaniladi.

Usi ta`replerin esapqa alip, bul roman-esseden tómendegishe sintezlik sxemani keltirip shiǵariwǵa boladi:

1. Tariyxiy waqiyalar menen búgingi kún waqiyalariniń sintezi;

2. Publitsistika menen kórkem a`debiyat sintezi;

3. Fol`klorliq traditsiyalar menen jazba a`debiyat traditsiyalariniń sintezi;

4. Shiǵarmaniń kórkemlik qurilisindaǵi ob`ektiv-epikaliq ha`m sub`ektiv-lirikaliq sipatlardiń sintezi.

A`lbette, bulardi bir-birinen ajiratip qarastiriw da onsha aqilǵa muwapiq kele bermeydi. Bul sintez túrleriniń qaysi biri haqqinda sóz etpeyik, eń da`slep roman-essedegi kórkem-estetikaliq bir pútinlikti da`lillewge tuwra keledi. Sebebi, «Qaraqalpaqnama»da ha`r qiyli formalar a`psanalar, dialog, monolog, kúndelikler bir pútin kórkem quyilma dene sipatinda júyi bilinbeslik da`rejede biriktirilip berilgenlikten, olardiń birde-birin bólip aliw, yamasa qosiw múmkin emes. Shiǵarma «da`neshelerine» bunday miytindey birlikti endirip turǵan na`rse-turaqli avtorliq pozitsiya, jaziwshidaǵi úlken sheberlik.

Sirttan qaraǵanda, bul avtor-ilimpazdiń (aniǵiraq aytqanda, filosof-ilimpazdiń) traktatlarina usaydi. Ilimpaz óz tilinde belgili bir mashqala haqqinda pikir júritip atirǵanday, a`psanalar, sóylesikler, tariyxiy derekler, interv`yuler, monologlar bolsa oniń pikirin da`lillew ushin keltirilip atirǵan da`lil-misallarday... Bul, a`lbette, esse janriniń ta`biyatinan deyik, avtor a`debiyat haqqinda pikir júrgiziwdi maqset etken deyik. Biraq, buni bir ǵana a`debiyat haqqinda pikirler dep qarawǵa bola ma? Birinshi bólimde xaliqtiń ha`r qiyli milliylik sipatlari gúrriń etilmey me? Nege birinshi bólim tikkeley xaliq tariyxi haqqinda, nege ekinshi bólim tutasi menen a`debiyat haqqinda? Bul ómir haqqinda pikir júrgiziw emes pe?

Da`slepki qoyilǵan eki soraw da orinsiz dey otirip, biz buni a`lbette, ómir haqqinda der edik. Sebebi, a`debiyat penen xaliq tariyxin bólip qaraw hesh múmkin emes... A`debiyat xaliqtiń ruwxiy aziǵi bolatuǵin bolsa, sol ruwxiy aziq haqqinda sóz etiwden aldin oni keltirip shiǵarǵan jaǵday, tariyxiy sharayat, sol

sharayatta ómir súrip atirǵan xaliq haqqinda gúrriń etiw kerek emes pe? Bulardi bir-birinen ajiralǵan halda alip súwretlew, a`lbette, a`nteklik bolar edi.

Bizińshe, avtor a`debiyat haqqinda pikir júrite otirip xaliq haqqinda pikir júrite otirip a`debiyat haqqinda gúrriń etip júda` duris islegen. Bunnan shiǵatuǵin juwmaq, avtor qanday waqiya haqqinda pikir júritpesin, kórkem sintezlestiriw usilinan puxta paydalanip, barliq waqiyalardi uliwma bir maqsetke baǵdarlap, logikaliq jaqtan bekkem baylanisqan halda alip súwretleydi.

Bul shiǵarma stili, kompozitsiyaliq formasi jaǵinan esse bolǵani menen, súwretlegen da`wiri, obrazlar sistemasi, epikaliq keń masshtabli ha`m taǵi basqa ózgeshelikleri boyinsha roman, haqiyqiy kórkem shiǵarma. Sebebi, bunda bir xaliqtiń payda bolǵan da`wirinen baslap tap búgingi kúnge deyingi uzaq ómir joli súwretlenedi. Al, bunday keń masshtabliliq, kóp mashqalaliq sintezlestiriw ónerisiz beriliwi múmkin emes.

Usi jerde roman-esse tutasi menen ótmish haqqindaǵi a`psanalardan, tariyxiy dereklerden ibarat eken, soǵan qaraǵanda, bul tariyxiy roman bolmay ma, nabada roman-a`psana emes pe, degen soraw tuwiwi múmkin. Biz buǵan «joq» dey otirip, bul juwap penen da`slepki qoyilǵan sorawimizdi toliǵiraq sheshiw ushin da ha`reket etemiz.

Romanda tiykarinan eki obraz-xaliq obrazi menen avtor obrazi sheshiwshi rol` atqaradi. A`psanalar bolsa usi xaliqliq xarakterdi ha`r qirinan kórsetiw ushin qollaniladi, yaǵniy fol`klorliq motivlerden, fol`klorliq syujetlerden (a`psana ha`m taǵi basqa formasindaǵi) paydalaniw, paydalaniw bolǵanda da poetikaliq maqset ushin paydalaniw fol`klorǵa jaqinlasiwdan emes, kerisinshe onnan uzaqlasiwdan, jańa realistlik estetikaliq sistema - roman-esse payda bolǵanliǵinan derek beredi.

Ekinshiden, roman-essedegi qollanilǵan ha`r bir a`psana jay a`piwayi aytila bermeydi, avtor ha`r bir a`psanaǵa óziniń pozitsiyasin sińdiredi, onnan konkret juwmaq jasaydi, yaǵniy ha`r bir a`psana bayanlawshi qaharmanniń sana-seziminiń rawajlaniwina belgili da`rejede ta`sirin tiygizedi. A`psanalar arqali avtordiń

xarakteriniń ósiw-ózgeriw logikasi aniqlanip bariladi. Avtor obrazi bunda belgili bir xaliqtiń ja`miyetlik kelbetin kórsetiwshi dara tip, xaliqtiń aldińģi qatar wa`kili jeke adam sipatinda kózge taslanadi.

Usi jerde a`psanalar haqqinda ja`ne orinli eki soraw tuwadi. Duris, kópshilik a`psanalar xaliqtiń jaqsi sipatlarin kórsetiw ushin xizmet etken, biraq bulardiń kópshiligi quday, Adam-ata atlari menen baylanisli bolip keledi ģoy. Bular shiģarmaģa diniy-mistikaliq sipat baģish etip turģan joq pa eken?

Ekinshiden, geypara a`psanalar (misali, alaawizliqti kórsetiwshi) xaliqtiń namisina tiyiwshilik, oni jerge uriwshiliq a`lamatlari sipatinda kózge taslanbay ma?

Biz bul eki sorawģa da «joq» dep juwap beremiz. Birinshi da`lil, romanda Muxammedtiń qalay payģambar bolģanliģi ha`m t.b. usiģan usaģan dinge baylanisli a`psanalar qollanilģanda, jeke adamniń da, xaliqtiń da ulliliqqa jetiw joliniń tiykari - ruwxiy tazaliq, keńpeyillik, haqgóylik usaģan sipatlardi da`lillep kórsetiw ushin maqsetli paydalaniladi. Avtor usinday a`psanalar misalinda qaraqalpaq xalqiniń ruwxiy taza, pa`k niyetli, gúressheń xaliq ekenligin kórsetken.

Ekinshiden, avtor xaliqtiń sawatsizliģin, awizbirshiligi bolmaģanliģin kórsetiwshi a`psanalardi qollanģanda, xaliqtiń namisina tiyiwdi emes, al, kerisinshe namisin qorģawdi na`zerde tutqan. Avtor bul arqali xaliqti awizbirshilikke, sawatliliqqa shaqirmaqshi bolģan. Buni ele de ayqiniraq túsindiriw ushin Gavrovo ha`zillerin yadqa túsireyik. Sirttan qarasań, bul ha`zillerde Gavrovolilardi siqmarliģi ushin jerge urip qoyģanday. Haqiyqatinda da, solay ma? Yaq, kerisinshe usi siqmarliqti siqaq etiw arqali isirapgóylikke qatti soqqi berilip turģan joq pa?!

Uliwma, T.Qayipbergenov bul roman-essede ne haqqinda jazbasin, birinshi gezekte óz xalqin shin súygen patriot sipatinda kózge taslanadi. Roman-esse patriotizm ideyalari menen tereń suwģarilģan, avtor óz xalqi, óz a`debiyati

haqqinda sóz etkende, oni uliwma adamzat tariyxi, uliwma jer júzlik a`debiyat tariyxi menen tiǵiz baylanista alip súwretleydi. Al, ótmish waqiyalarina bolsa, buringi tariyxiy romanlardaǵiday usillar menen qatnas jasap, olardiń búgingi adamzatqa da`neker bolatuǵin «paydali qazilmalarin» ǵana tańlap aladi, olardi búgingi kúnniń waqiyalari menen júyi bilinbestey da`rejede biriktirip jiberedi.

A,Paxratdinovtıń 2008-jili ja`riyalanǵan «Sheyitler ta`ǵdiri» romaninda XX a`sirdiń birinshi sheregindegi ja`ne bir haqiyqatliq - usi a`sirdegi qizil imperiyaniń eziwshilik siyasatina qarsi alip barilǵan xaliq azatliq gúresleri qurbanlariniń ayanishli ta`ǵdirleri sóz etiledi. Memuarliq shiǵarma.

Qaraqalpaqstanniń belgili aqsaqallariniń biri ma`mleketlik ha`m ja`miyetlik ǵayratker Q.Kamalovtiń eske túsiriwlerden «El xizmetinde» dep atalǵan kitabinda ol el basqarǵan 60-80-jillardaǵi waqiyalardi óz ishine aladi. Kitapta Qaraqalpaqstanniń ekonomikaliq, sotsialliq ha`m ma`deniy rawajlaniwina baylanisli kóp tariyxiy waqiyalar, faktler, sonday-aq bir qatar turmisliq problemalarǵa solardiń ishinde til, a`debiyat ha`m tariyx ilimlerine baylanisli oy-pikirleri berilgen. Jas a`wladlardi ta`rbiyalaw ma`seleleri boyinsha avtor óz pikirleri menen ortaqlasadi, jaslarǵa óziniń jas úlkenlik na`siyatlarin aytadi. Bul kitaptiń mazmunina kórinip turǵaninday «O`zbek xalqi menen birge», «Qaraqalpaqtiń úsh bayteregi», «Diyqan jerdi toydirsa, jer eldi toydirar», «Qollasqan júk jolda qalmas», «Qaraqalpaq hayal-qizlari», «Qurilis rawajlanbay el rawajlanbaydi», «Sanaattaǵi burilislar», «Diplomatiyaliq jumista», «Keńesli el azbas», «Bilim-aqil shiraǵi», «Universitetti ashiwǵa baylanisli maqalalar», «Ilimli elge nur jawar», «Densawliq-tereń bayliq», «Kórkem óner eldiń kelbeti», «Til ha`m a`debiyat», «Tariyx haqqinda pikirlerim», «Biz miymandos xaliqpiz», «Elimizdiń jaslarina tilek-na`siyatlarim».

Bul shiǵarma memuar xarakterge iye eske túsiriwler formasinda jazilǵan. K.Kamalovtiń kóp jillar dawaminda respublikani basqarǵan waqittaǵi tariyxiy faktler, tariyxiy da`wirler, tariyxiy adamlar, shaxslar, haqqinda bayan etedi. «O`zbek xalqiniń danishpan perzentleriniń biri Sh.Rashidovti men ózim ulli ha`m

bas ustazim dep ta`n alaman. Rashidovtay a`jayip insan menen zamanlas bolǵanim, onin danaliq sózlerin tińlaganim ha`m kóp jillar dawaminda oniń basshiliǵinda hizmet islegeni ushin sheksiz baxitliman. Sharaf Rashidovti ózleriniń jan kiwer jol basshisi, ta`lim bergen ta`rbiyashisi ulli ustazi sipatinda eske alatuǵina meniń imanim ka`mil.(39-str.)», «men bul kitabimda ózime ustaz tutqan úsh aqsaqal haqqinda eske túsirip ótpekshimen. Olar qaraqalpaq xalqiniń ulli úsh bayteregi, tuwǵan elimiz tariyxiniń betlerinde atlari altin siyya menen jaziwǵa miyasar Pirjan aǵa Seytov, Mateke aǵa Jumanazarov Nawriz aga Japaqov edi. Bul jas úlkenler 30-jillardiń aqirinda, ekinshi ja`ha`n uris da`wirinde ha`m uristan sońǵi qayta tiklew jillarinda Qaraqalpaqstanǵa basshiliq etken elimizdiń ardaqli aqsaqallari. Ha`mmege ma`lim bul da`wir qan tógispe, uris sebepli xaliq gúyzeliske ushirap turmis sharayati tómenlegen, ma`mleketlik tamiynat óǵada az bolǵan mashaqatli awir jillar edi. Mine usinday waqitlarda elge basshiliq etiw, xaliqtiń nanin tawip berip, tamaǵin toydiriw múshkil is edi. Bul jillarda tapqanlar ógiz qos penen, tapqaǵanlar eshek qos penen jer súrip yamasa ketpenlep egin ekken, qista qaziwda japtiń irashina toń arqalap shiǵarip suw a`kelip shiǵir menen jer suwǵarǵan. Bul úsh aqsaqal usinday awir jillarda» qiyin sharayatlarda Qaraqalpaqstanniń gúllenip, rawajlaniwi ushin xadal xizmet isledi, xaliqti ash-jalańash qilmay, eldiń birligin saqlap turdi, olardiń xaliqqa islegen hizmetleri haqqinda biz qatarli ha`m bizge óksheles zamanlaslarimiz jaqsi biledi.

Pirjan Seytov Qaraqalpaqtiń eń a`welgi intelegentleriniń, elge aǵaliq etken da`slepki aqsaqallariniń biri. Ol eki ma`rtebe oblastliq partiya komiteteniń birinshi sekritari, Respublika Ministriler Keńesiniń basliǵi. O`zbekstan Respublikasi Ministirler Keńesi basliǵiniń orinbasari, Qaraqalpaqstan Sovnarxozdiń basliǵi, Qaraqalpaqstan sali kompleksin ózlestiriw basqarmasiniń da`slepki basliǵi.

Ma`teke Jumanazarov qaraqalpaqlardiń tariyxinda ayiriqsha orni bar, xaliqtiń ishinen shiqqan, ataqli, abroyli, úlken aqsaqallarimizdiń biri. M.Jumanazarov sol da`wirdiń termini menen aytqanda qarapayim batraktan Prezident da`rejesine shekem ósip jetisken. Qalin xaliqtiń ishinde turmis qazaninda

qaynap pisip shiqqan, omirawli, Góruǵliday sawlatli, gúrildigen a`jayip bir adam boldi, ol shin ma`nisinde qaraqalpaqtiń Axunbabaevi edi desek ǵa`let bolmas dep oylayman. Ma`teke aǵa 18-jil Qaraqalpaqstan Joqarǵi soveti Prezidiuminiń basliǵi bolip isledi.[21]

Men uristan aldinǵi jillari-aq Nawriz aǵaniń atin estip oniń jazǵan qosiqlari menen maqalalarin gazetalarda oqiǵan edim. Mektepte «Budyonniy jawǵa atlandi» degen ha`m taǵida basqa qosiqlarin aytip júrer edik. Al, da`slepki ushrirasiwin men oblastliq komsomol komitetiniń sekretari lawazimina jumisqa ótkende júz bergen edi. Ol ha`r sózin oylanip aytatuǵin, salmaqli, a`lpayim, óziniń bilimine, kúshine isenetuǵin, sin-sinbati kelisken, arislanday aybatli kisi edi. Soń ol Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministirler Sovetiniń basliǵi bolip islep atirǵanda men 1951-jili oniń orinbasari bolip birge islesiwge miyasar boldim. Nawriz aǵa meni balasinday kórip, bawirina tartip, aqil-nasiyatlarin aytip, tarbiyalap, júda` siylaytuǵin edi. Kóp jillar dawaminda gazetalarda islep, jaziw-siziwǵa qoli jatliqqan Nawriz aǵa maǵanda ha`r qiyli tapsirmalar berip, maqalalar jaziwdi, bayanatlardiń tekstlerin tayarlawdi úyretti.[22]

«Diyqan jerdi toydirsa, jer eldi toydirar»-degen bóliminde Q.Kamalov Qaraqalpaqstanda 30-40-jillardaǵi xaliq turmisi, diyxanshiliqtiń rawajlaniwi xaliqtiń islegen awir miynetleri kanallardiń qaziw awil-xojaliǵindaǵi diyqanshiliq, sha`rwashiliq jumislar, uris da`wirindegi xaliqtiń awir turmisi, paxta egisin rawajlandiriw, sol waqittaǵi Respublikani basqarǵan Arzi Maxmudov, Nasir Maxmudov, Miynet qaharmani Ma`tnazar Masharipov, K.Nurimbetov, D.Ojraev, P.Xalmuratov, suw ushin gúres, Respublikani suwlandiriw mashqalalari haqqinda sóz etiledi.

«Qollasqan júk jolda qalmas»-degen bólimde Q.Kamalov penen birge islesken Respublika azamatlari Xayratdiyn Matkarimov, Músiren Kinbaev, Sawqim Jamanqaraev, Jaqsiliq Palwanov haqqinda olardiń birewleri «sali sekretar`», sharwa, eldiń bas murabi, saligershilik sovxozlarinda qurilis ha`m

[21] K.Kamalov. El hizmetinde. No`kis. Qaraqalpaqstan. 1995. 44-b
[22] Q.Kamalov. El xizmetinde. No`kis. Qaraqalpaqstan. 1995. 50 b.

jerlerdi injenerlik ózlestiriw jumislarina basshiliq etkeni haqqinda, sol salalarda xaliqqa kórsetken xadal miynetleri bayan etilgen.

«Qaraqalpaq hayal-qizlari»-degen bóliminde qaraqalpaq hayal-qizlariniń xaliq aldindaǵi úlken xizmetleri xaqqindaǵi eske túsiriwler berilgen olardan Miynet Qaharmani Ayim Kamalova, Amangúl Saparbaeva, Enejan Ma`tsapaeva, Raygúl Jumamuratova, Miynet Qaharmanlari Toxta Yakubova, Túrdigúl Sultanova, Rawshan Sultanova, Da`wlet Qirqabaqova, Perdegúl Rozumova, ataqli salikeshler Gúlay Qoshshanova, Ayzada Túndikbaeva paxta, sali ha`m basqada awil xojaliq óndirisinde islegen miynetlerin kórsetip jazadi. Sonday-aq usi bóliminde Qaraqalpaqstanniń kózge túsken, za`berdes, aqil-parasatli, sheber shólkemlestiriwshi hayal-qizlari el ishinde A`liyma G`ayipova, Raxima Qalbaeva, Ulbosin Allamuratova, Na`siyba Jalalova, Klara O`tambetova, Raisa Jabbarova, Baǵdagúl A`bibullaeva, Sa`liyma Yusupova, Farida Jumaniyazova, Biybaysha Ketebaeva ha`m taǵi basqalardiń Respublika xalqina islegen miynetleri haqqinda bayan etilgen.

«Qurilis rawajlanbay el rawajlanbaydi»-degen bóliminde Respublikamizdaǵi temir jol qurilisi, avtomobil` jol qurilisi, olardi shólkemlestiriwde Sh.Rashidovtiń jaqinnan bergen ja`rdemi usi tarawda ushirasqan qiyinshiliqlar ha`m tabislar haqqinda sóz etilgen. Sonday-aq Nókis qalasinda jay qurilisi jańa imaratlardiń payda boliwi bul tarawda basshiliq etken Q.Seytmuratovtiń, X.A`bdambetovtiń, Abduxamid Kayumovtiń ha`m taǵi basqalardiń úleslerin kórsetip jazǵan.

«Bilim aqil shiraǵi»-degen bóliminde bilimlendiriw salasindaǵi islengen jumislar jańa mekteplerdiń ashiliwi olardiń qurilisi bul tarawda Atabay Palwanovtiń miyneti, pedagog kadrlardi tayarlaw ma`seleleri ustaz pedagoklardiń kórsetken hizmetleri sóz etiledi.

«Ilimli elge nur jawar» - degen bóliminde Respublikaniń Ilimler Akademiyasiniń jumislari, akademik M.K.Nurmuxamedov, akademik J.Bazarbaevtiń, akademik Ch.Abdirovtiń olar menen islesken ilim tarawindaǵi qiyinshiliqlar. Ilim tarawinda islengen úlesi haqqinda bayan etiledi.

«Universitetti ashiwǵa baylanisli mashqalalar» - degen bóliminde 1970-jildan baslap Respublikadagi joqari oqiw ornin Qaraqalpaq Ma`mleketlik Universitetin ashiwdaǵi islengen jumislar kórilgen tayarliqlar N.Xudayberdiev, A.Bekmanov, S.Shermuxamodov, V.P. Elyutin, Sharaf Rashidov, T.Izimbetov ha`m t.b. basqalar menen islegen hizmetleri, fakul`tetlerdiń ashiliwi, usi niyetke jetiwdegi Q.Kamalovtiń islegen kóp xizmeti xaqqinda bayan etilgen. Juwmaqlap aytqanda Q.Kamalovtiń «El xizmetinde» atamasindaǵi eske túsiriwleri memuar janrindaǵi eń jaqsi, a`jayip dóretpelerdiń bir dep esaplaymiz, bul shiǵarmadan keleshek a`wlad keshe jaqindaǵi XX-a`sirdegi qaraqalpaq xalqiniń basip ótken tariyxiy jollarin respublikaniń ha`zirgi ǵa`rezsizlik da`wirine shekemgi basqishlarda bolip ótken waqiyalar qubilislar haqqinda maǵliwmat aladi. Q.Kamalovtiń «Ilimli elge nur jawar» dep atalǵan dóretpesinde oniń el basqarǵan jillarindaǵi ja`mlengen ilim-bilimlendiriwdi rawajlandiriw ta`jiriybeleri ha`m qa`driyatlardi qasterlew haqqindaǵi za`ka`watli oy-pikirleri menen fundamental ilim izertleniwine sholiw jasaǵan, xalqimizdiń Watan da`rti menen jasaǵan N.Da`wqaraev, Q.Ayimbetov, T.Jumamuratovtay tulǵalarin a`diwlep eske aladi.

O`zbekstan Qaharmani A.Adilovtiń «Bilgenińnen bilmegeniń kóp dúńya» atli eske túsiriwler dóretpesinde óziniń ómir bayani, ata-anasi tuwǵan jeri Taxtakópir rayoni tuwisqanlari, Taxtakópir sovxozina direktorliq lawazimina isenim bildirip jumis baslaǵani T.Sherbekov, K.Kamalov, sol kúnnen baslap xojaliqta jumis baslaǵan usillari adamlardiń miynetke bolǵan imtasin artiriw, paxta egis islerin xa`wij alip rawajlanǵani adamlar menen qatnasi jetim jesirge miriwbet haqqinda kúndelik formasinda eske túsiredi. Bul shigarma memuar janriniń ja`ne bir formasi júda` qiziqli ha`m ta`rbiyaliq a`hmiyeti bar. A.Adilovtiń bul shigarmasindaǵi baplardiń atamasinan kórinip turǵaninday «A`keńdi kórgen ólmesin» (5-bet), «Anali jetim» (17-bet), «Anam irza – quda irza» (23-bet), «Keleshekke tuńǵish qa`dem» (29-bet), «Isenim» T.Sherbekov, Q.Kamalov. (34-bet) «Meniń direktor boliwim haqqinda ma`sele» «Kóptiń kewilin tappasań…» (37-bet), «Miriwbet» (42-bet). joqari shinlarga shiǵiw ushin kóp miynet, anani siylaw kópshiliktiń isenimin aqlaw, mehir

miriwbetti tutiw ha`m t.b. arqali óz mańlay terir menen, xaq kókrekligi menen ha`m jumistiń kózin taniwi menen jetisiwge múmkin ekenligin kóremiz[23].

A`debiyatshi ilimpaz Q.Bayniyazovtiń ilimiy biografiyaliq ocheklerinde 1858-1859-jillardaǵi Bózataw kóterilisi ha`m 1916-jilǵi xaliq azatliq kóterislerine belsene qatnasqan A`jiniyaz shayir,Molla Pirim, Mashtaq batir, Jazliqbay batir, O`tesh batir, Eskene batirlardiń ómiri ha`m ma`rt isleri sóz etiledi sonday-aq usi kitapshada ekinshi ja`ha`n uris ha`m miynet veteranlariniń kolxoz qurilisiniń baslawshilari, ilim ha`m ma`deniyat ǵayratkerlerinen Kóptilew Nurmuxamedov, Turdimurat Bekimbetov, Tilewbergen Jumamuratov, Mirzamurat Abdullaev, Karamatdin A`met ullariniń, ómir jollari súwretlenedi.[24] «Bozataw awiliniń adamlari (Tariyxiy ocherk)». A`jiniyaz shayirdiń ómirbayanina baylanisli maǵliwmatlar. «Jer ha`m el bila`ndur, el ha`m jer bila`n». «Bir taqiwani izlep…». «Xaliq batirlariniń izinen». «Bozataw qorǵaninda». «Yaqip baǵmanniń baǵinda». «Jazliqbay batirdiń a`wladlari». «O`tesh batir haqqinda haqiyqatliq». «Kóptilew Nurmuxamedov – 82-bet». 1937-jili 20-sentyabr`de kórnekli ma`mleketlik ǵayratker Kóptilew Nurmuxamedov «xaliq dushpani dep» nahaqtan ayiplanip, qamaqqa alindi. «Turdimurat Bekimbetov – 94-bet». Nókis pedagogikaliq institutiniń direktori Q.Bayniyazovqa islegen ǵamhorliǵi haqqinda. «Tilewbergen Jumamuratov – 116-bet». Avtordiń shayir T.Jumamuratov penen bolǵan ushirasiwlari birge barǵan dóretiwshilik saparlari haqkinda

Jaziwshi O`.O`tewlievtiń «Dúńyaǵa bir kelgen insan» dep atalǵan hújjetli ocherkinde[25] belgili isbilermen, kóp jillar respublika tutiniwshilar ja`miyetiniń basliǵi bolip isegen el azamati S.Matchanovtiń xalqimizǵa kórsetken qayir-saqawatli xizmetleri haqqinda sóz etiledi. Ocherkte Matchanovtiń júrip ótken qirli soqpaqarinan uzaq ha`m jaqin ótmishti birme-bir kóz aldimizǵa keltiriwge boladi.

---

[23] A.Adilov. «Bilgenin`nen bilmegenin` ko`p du`n`ya». (Eske tu`siriwler ha`m turmis ta`jiriybeleri). No`kis. Bilim. 2004.
[24] Q.Bayniyazov. Elim dep en`iregen erler. (Ilimiy-biografiyaliq ocherkler). No`kis. Qaraqalpaqstan. 1993
[25] O`.O`tewliev. Du`n`yag`a bir kelgen insan. No`kis. Qaraqalpaqstan. 1995.

Kóp jillar awil xojaliǵi tarawinda xizmet etken, ekonomika ilimleriniń kandidati M.Kinbaevtiń basip ótken ómir jollari, zamanlaslari, ka`siplesleri haqqinda «O`mir jolim» dep atalǵan eske túsiriwlerinde sóz etiledi. M.Kinbaevtiń óziniń ómir joli haqqinda jazilǵan bul miynetinde awilda ósip, toliq emes orta mekteptiń jetinshi klassin pitkerip jumisin brigadaniń tabel`shiginen baslap Respublika Ministirler Keńesiniń basliǵiniń birinshi orinbasarliǵina shekem kóterilgeni ha`m kóp jillar jemisli islegen, húrmet-izzetke miyasar bolǵan insan ekenligi bayan etilgen[26].

Jaziwshi A.A`bdievtiń «Ataqli alim» dep atalgan ilimiy kórkem biografiyaliq ocherkinde filologiya ilimleriniń doktori Respublikadaǵi belgili alimlardiń biri, xaliq araliq akademiyaniń akademigi, professor A`.Paxratdinovtiń ómiri ha`m ilimiy, pedagogikaliq hizmeti, ilimiy metodikaliq ha`m kórkem a`debiy dóretpeleri haqqinda bayan etiledi.

70-80-jillarǵa kelip romanshiliq ja`ne de bir qa`dem alǵa ilgeriledi. Bul jillarda roman janri 50-60-jillardaǵiday jekke-jarim avtorlardiń qa`lemine tiyis qubilis da`rejesinde emes, massaliq tús alip rawajlaniw jolina tústi. J.Aymurzaevtiń 30-jillardaǵi Qizketken kanaliniń qaziliw waqiyalarin súwretleytuǵin «Qizketken», militsiya xizmetkerleriniń óz ka`siplerine pidayiliǵin ha`m ka`siplik iskerliklerin sóz etetuǵin «Muhabbatim adamlar», O.Bekbawlovtiń ulli babamiz, jerlesimiz A`biw Rayxan Beruniydiń ómirin súwretleytuǵin «Beruniy», XX a`sirdiń 20-30-jillarindaǵi tariyxiy waqiyalarǵa baylanisli jazilǵan Q.Ermanovtiń «Oyaniw», X.Seytovtiń «Ha`wirli samal», I.Qurbanbaevtiń salikeshler turmisina baǵishlanǵan «Altin masaq» tiń jer ózlestiriwshilerdiń pida`kerli miynetin sóz etetuǵin A.Bekimbetovtiń «A`jayip a`wladlar», sharwalar ha`m sharwa jaslariniń ómirinen óz ornin izlew temasina arnalǵan T.Na`jimovtiń «Qizilqum qoyninda», Sh.Seytovtiń «Iǵbal soqpaqlari», ma`mleketlik qa`wipsizligimizdi qorǵawshilar turmisinan alip jazilǵan da`slepki detektiv shiǵarma A`.Paxratdinovtiń «Qiraǵi kózler» romanlari usi da`wirdiń romanshiliǵiniń ósiw da`rejesinen da`rek berip turdi.

[26] Musiran haji Qiyinbaev. O`mir jolim. No`kis. Qaraqalpaqstan. 1998. 5 b.

Bul jillarda romanshiliqta tariyxiy tema tiykarǵi diqqat orayinda boldi. T.Qayipbergenov «Qaraqalpaq da`stani» roman trilogiyasiniń ekinshi, úshinshi kitaplari «Baxitsizlar» (1971) menen «Túsiniksizler» (1976) romanlarin jurtshiliqqa usindi.

Solay etip, 70-jillar qaraqalpaq a`debiyatinda birinshi roman-epopeyaniń dóreliw da`wirine aylandi. T.Qayipbergenov bul roman epopeyani progressiv milliy da`stúrlerdi tereń ózlestiriw, G`MDA xaliqlari romanshiliǵi menen ja`han romanshiliǵiniń jetiskenliklerin óziniń jaziwshiliq ustaxanasinda tiǵiz ja`mlestire alǵan sheber novatorliq ha`reketleri arqali dóretti.

T.Qayipbergenov óz romaninda roman-epopeya janriniń nizamliqlarina boysinǵan halda qaharman obraziniń jańa tipin-tiykarǵi qaharmanlar obrazi menen bekkem baylanistaǵi XVIII-XIX a`sirlerdegi qaraqalpaq xaliq massasiniń obrazin, yaǵniy usi a`sirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń turmis ta`riziniń obrazin jaratip berdi.

T.Qayipbergenov roman-epopeyasi tariyxiy da`wirdi sa`wlelendiriwdegi epikaliq keń qamtimliliǵi, xaliq baxti, azatliǵi ushin gúresken qarama-qarsiliqlarǵa toli xaliq batirlariniń obrazin jaratiw ma`seleleri boyinsha tek ǵana tariyxiy romanshiliqqa ǵana emes, al roman-epopeya jenriniń ózine úlken formaliq jańaliq-jańa belgiler kirgizdi.

Turmistiń tazaliǵi ushin gúres 80-jillardaǵi G`MDA xaliqlari prozasiniń bas maqseti boldi. Progressiv baǵittaǵi jaziwshilar biziń elimizdiń turmisinda sońǵi waqitlari ayirim unamsiz qubilislar ha`wij alǵan payitta da «turmistiń tazaliǵi ushin gúres» talabina sadiq qatnas jasadi.

Buringi awham kóleminde massaliq túrde bolmasa da, negativ qubilislarǵa qarsi gúreske shaqiratuǵin Shińǵis Aytmatovtiń «Bir kúnim bir a`sirdey», Nodar Dumbadzeniń «Ma`ńgilik zańi», Yuriy Bondarevtiń «Oyin» romanlari ruwxinda bir neshshe onlaǵan epik polotnodaǵi, ideyaliq-kórkemlik jaqtan jetilisken, qunli shiǵarmalar payda boldi. Eger, bul maǵliwmatlardi qaraqalpaq a`debiyatiniń misallari menen toliqtiratuǵin bolsaq, qaraqalpaq jaziwshilariniń da óz

turmisimizda júz bergen unamsiz tendentsiyalarǵa qarsi gúreste quri qol qalmaǵanliǵin kóremiz.

Bul tarawda, a`sirese, T.Qayipbergenovtiń «Kózdiń qarashiǵi» (1986) romani qaraqalpaq a`debiyatindaǵi da`slepki da`stiyarli shiǵarmalardan boldi, desek qa`telespegen bolar edik. Jaziwshi bul shiǵarmasinda xaliqliq kóz-qarasqa súyene otirip, respublikamiz turmisinda biraz waqitlardan berli orin alip kiyatirǵan, sol totalitar da`wirde keń kólemde en jayǵan xaliq múlklerin talan-taraj qiliw, byurokratizm, paraxorliq, aǵayinpazliq, jirip jewshilik, kóz boyawshiliq usaǵan illetlerdi ayawsiz a`shkara etedi. Avtor, soniń menen birge, romanda búgingi kúnniń eń aktual` mashqalalari bolǵan jer, suw, ta`biyat ma`selelerin de batil túrde ortaǵa tasladi.

A`lbette, ha`r qanday shiǵarma tek ortaǵa qoyǵan mashqalasi menen ǵana bahalanip qoymastan, sol ma`selelerdi avtordiń qalayinsha kórkem oy ja`rdeminde sheship bergenligi menen de pikirlenedi. Bul ushin, birinshi gezekte, avtordiń ómir qubilislarina realistlik kóz-qarastan baha beriwi kórkem shiǵarma ushin hawa menen suwday za`rúr. «Kózdiń qarashiǵi» romaniniń tabisi da avtordiń, mine, usi ómir shinliǵin boyamastan ta`biyiy halatinda shinshilliq penen súwretlew sheberliginen kelip shiqqan. Sebebi, jaziwshi shiǵarmada unamsiz ha`diyselerdi ótkir sinǵa aliw menen bir qatarda, sol ha`diyselerge qarsi gúresiwshi, az bolsa da saz, tetik yadro-progressiv kúshlerge úlken poetikaliq ma`ni júklegen. Bul bolsa shiǵarmada optimistlik ruwxtiń kúshli húkim súriwine alip kelgen. Mine, búgingi kúnde bul optimistlik ruwx penen ortaǵa qoyilǵan mashqalalar óziniń jaqsi ta`repine qaray sheshiliwin tawip otir. Duris, bul roman da`slepki ja`riyalanǵan waqtina qaray 80-jillardiń ekinshi yariminda dóretilgen romanlar dizimine kirgizilmese de boladi.

Bul kitap da`slepki «Zobalań» ha`m «Topalań» dep atalǵan eki kitaptiń dawami bolip, Taǵaymurattiń aqliǵi Amanliqtiń 1723-jili ba`ha`rde Buxaraǵa elshi bolip barǵan jerinen baslanadi da ha`m ol jerde jungar basqinshilariniń

qaraqalpaqlarǵa hújim jasap, posqinliqqa ushiratqanin esitip, óz eline qaytqan jeri waqiyasi menen tamamlanadi.

Romandaǵi waqiyalar elinen ayirilǵan Amanliqtiń óziniń ha`m a`kesi Ha`kim biydiń xaliq turmisi menen baylanisqan ómirin eske túsiriwleri arqali bir a`sirlik Túrkstandaǵi waqiyalar aship kórsetiledi.

Al tórtinshi kitap «Sergizdan»da bolsa jungar basqinshilarinan aman qalǵan jalǵiz uli Jiyen jirawdiń ómiri Jańada`r`ya boyindaǵi xaliq turmisi menen tereń baylanistirilip, sońinan A`bilqayir xan basqinshiliǵi na`tiyjesinde 1743-jili xaliq penen birge posqinshiliqqa ushiraǵani ha`m bul xaliq tragediyasina shayirdiń bolǵan kóz-qaraslari tiykarinda kórkem súwretlengen.

Bul eki romanda da xaliqti súyiw, patriotizm eń basli orinǵa kóterilgen. Xaliq tragediyasi oǵada ayanishli súwretlenedi.

T.Qayipbergenovtiń qaraqalpaq jaziwshisi sipatinda biziń a`debiyatimizǵa alip kelgen iri úlesi ha`m jańaliǵi - qaraqalpaq xalqiniń eski tariyxin birinshi bolip kórkem a`debiyatta, soniń ishinde prozaniń iri formasi bolǵan romanda jaratti. Dúńya a`debiyati tariyxi menen salistirǵanda T.Qayipbergenovtiń qaraqalpaq xalqiniń tariyxin keń formada kórkem sózde jaratip, qaraqalpaq tariyxiy romanina tiykar saliwdaǵi xizmeti antik a`debiyatindaǵi Esxildiń, XIX a`sir Batis Evropa a`debiyatindaǵi Val`ter Skottiń, XIX a`sirdegi rus a`debiyatindaǵi Lev Tolstoydiń kórkem a`debiyattaǵi orinlari menen bir qatarda turadi. Soniń ushin da ol «Qaraqalpaq da`stani» trilogiyasi ushin burinǵi Awqamniń ma`mleketlik siyliǵiniń laureati boldi. Jaziwshi T.Qayipbergenov Maman biy, Aydos biy, Qumar analiq ha`m basqa da qaharmanlardiń obrazlarin joqari da`rejedegi kórkemlik-sheberlik penen dóretken.

A`lbette, a`debiyattaǵi qaharman xarakteri turmistaǵi adam xarakterinen ma`lim da`rejede ajiralip turadi. Jaziwshi xarakterdi dórete otirip, onda haqiyqiy real` tariyxiy adamniń belgilerin sa`wlelendiriwi múmkin, biraq, a`debiy xarakter - ideologiyaliq qubilis, ol jaziwshiniń fantaziyasinan dóretiledi ha`m

xarakter arqali turmisti izertlew, oni bahalaw haqqinda obrazli kóz-qaras sa`wlelenedi

Akademik J.Bazarbaev óziniń «Milliy ideya-biziń ideyamiz» dep atalǵan monografiyasinda «milliy xarakter-millettiń ózligi», -dep belgileydi[27].

«Milliy forma - deydi A.Fadeev,-xaliqtiń psixologiyaliq emotsialliq ózgesheligi, ha`r bir milliy iskusstvoniń qaytalanilmaytuǵin túrin, iyisin beretuǵin xaliqtiń milliy xarakteri». Ha`r bir xaliqtiń milliy ózgesheligin, ruwxiyatin, oniń millet sipatindaǵi belgisin (mentalitetin) ashiw formasi-milliy xarakter boladi.

A`debiyattiń milliy ózgesheligin belgilew qaharmanniń individual` xarakteri arqali sheshiledi, aqiri a`debiyattiń bas predmeti adam, al ha`r bir xaliq a`debiyatiniń ózinshelligi, sol súwretlep otirǵan adamniń ózinshelligi bolip tabiladi.

Kórkem a`debiyattiń ózgesheliklериniń biri olardaǵi belgili da`wir menen baylanisli bolǵan mazmundi, belgili forma arqali júzege shiǵariw bolip esaplanadi. Shiǵarmaniń formasi ha`m mazmuni haqqindaǵi túsinikler ha`zirge shekem ha`rqiyli bolip túsinilip kelmekte. Ma`selen mazmun dese, shiǵarmaniń syujetiń aytip beredi, al forma dese, shiǵarmaniń tili, oniń ózgesheliklerin aytiw menen qanaatlanadi. Bul natuwri túsinik. Kórkem shiǵarmaniń mazmuni belgili bir da`wirdiń sotsialliq turmisi menen baylanisli júzege keledi. Sotsialliq turmis mazmundi keltirip shiǵaradi. Sońliqtan ja`miyetlik turmistiń sirtqi kórinisi bolǵan waqiyalar, waqiyalardi tildegi sózlerdiń ja`rdemi menen súwretlew kórkem shiǵarmaniń formasi bolip tabiladi. Kórkem shiǵarmaniń formasindaǵi barliq ha`diyseler mazmundi shiǵariwǵa, mazmundi tereńlestiriwge hizmet qiladi. Kórkem shiǵarmalardiń mazmuni menen formasi arasindaǵi birlikti biliw-shin ma`nisinde kórkemlik penen jazilǵan shiǵarmalardi belgilep aliwdiń nishani bolip

[27] J.Bazarbaev. Milliy ideya-bizin` ideyamiz. No`kis. Bilim. 2003. 42 b.

tabiladi. Sebebi a`debiyatimizda ha`rqiyli temalar emes bir qiyli temalarǵa arnaw jazilǵan bir neshe shayir-jaziwshilardiń shiǵarmalarin bir-biri menen salistirip qaraǵanimizda shiǵarmaniń mazmuni menen formasi arasindaǵi birlik, bir-biri sa`ykes keliw baylanislari júda` aniq kózge taslanip turadi. Kórkem shiǵarmaniń mazmuni menen birligi kórkemlikke qoyilǵan talaplar arqali maydanǵa keledi.

## Juwmaq

Solay etip biz magistrlik dissertatsiya jumısımızda Ǵárezsizlik dáwir qaraqalpaq prozasınıń janrlıq hám formalıq ózgeshelikleri boyınsha bahlawlarımızdıń hám tallawlarımızdıń nátiyjesinde tómendegi juwmaqlarǵa keldik.

XX ásir qaraqalpaq ádebiyatında epikalıq janr yaǵnıy proza payda boladı qáliplesedi hám rawajlanadı. Prozanıń formaları fel`eton, ocherk, gurriń, povest`, roman, dilogiya, trilogiya, tetralogiya, roman-epopeya, roman-esse, roman-interv`yu bolıp rawajlanǵan. Biz bul izertlew jumısımızda gárezsilik dáwirindegi qaraqalpaq ádebiyatındaǵı epikalıq formalardıń qáliplesiw tariyxına sıpatlı ózgesheliklerdi kórsetip turǵan avtorlardıń T.Qayıpbergenov, K.Karimov, K.Allambergenov, M.Nızanov, A.Ábdiev shıǵarmaların talqıǵa aldıq. Bul avtorlardıń shıǵarmaların saylap alıwımızdıń sebebi, fol`klorlıq dásturlerden baslap qáliplesken qaraqalpaq kishi epikalıq formaları, keyingi dáwirlerdi ápiwaylıqtan quramalıqqa, jetilisken jolların kórsetedi. T.Qayıpbergenovtıń , «Qaraqlpaqnama», “Qaraqalpaqpan tawekelshimen” , K.Allambergenov “Dariya tartılǵan jıllar”, M.Nızanovtıń “Aqshagúl”, “Aqıret uyqısı” povestleri, K.Karimovtıń “Aǵabiy”, “Ullı dasht bórileri”shıǵarmaları biziń milliy qaraqalpaq prozasındaǵı epikalıq formadaǵı jańa dásturlerdi alıp kelgen dóretpeler bolıp tabıladı.

Prozanıń úlken bir bólegi romanlardıń turleri hám tariyxına da toqtalıp óttik. Qaraqalpaq romanı XX ásirde payda boladı, qáliplesedi hám hár turli janrlıq

formalarda rawajlanadı. Dáslepki A.Begimov, J.Aymurzaev, Ó.Ayjanovlardıń romanlarınan baslap T.Qayıpbergenov, K.Sultanov, Sh.Seytov, K.Mámbetov, A..Paxratdinov, K.Allambergenov, G.Esemuratova, S.Bahadırova, K.Karimov, M.Nızanovtıń dóretken romanlarında qaraqalpaq epikalıq iri janar formasınıń qálipleskeniń bayqadıq. Romannan baslap, roman-dilogiya T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq qızı», S.Bahadırovanıń, «Tágdir», roman-trilogiya T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq dástanı», K.Mámbetovtıń «Posqan el», roman-tetralogiya Sh.Seytovtıń «Xalqabad», roman-esse A.Paxratdinov «Sóylenbegen tariyx», roman-interv`yu T.Qayıpbergenovtıń «Qálbimniń qamusı», «Qaraqalpaqtıń óz qalpağı menen sırlasıwı» dórepetpeleri payda bolǵan. Solay etip birinshi qaraqalpaq romanlarınıń avtorları A.Begimov, J.Aymurzaev, Ó.Ayjanovtıń, paydalanǵan fol`klorlıq dásturlerin dawam etip jańa suwretlew formasın tapqan. jazıwshılar Sh.Seytov, K.Mámbetov, G.Esemuratova h.t.b bolıp tabıladı.

Ǵárezsizliktiń jıllarında qaraqalpaq prozası burın kórilmegen tabıslardı qolǵa kirgizdi. Bul tabıs birinshi gezekte onıń tematikalıq ráńbáráńliginde kórindi. Burınnan kiyatırǵan tariyxıy tema óziniń burın sáwlelenbegen jańa qırları menen kózge taslandı. (Á.Paxratdinov. Sóylenbegen tariyx. Q.Maqsetov. Turkstan. K.Karimov “Ullı dasht bórileri”, “Aǵabiy”, Zardúsht)

Ádebiyatta ekologiya teması jańa sıpatlarǵa kóterilip T.Qayıpbergenovtıń “O dun`yadağı atama xatlar”, K.Allambergenovtıń “Dár`ya tartılǵan jıllar”, Ó.Ótewlievtiń “Teńizdiń jini”, Sh.Seytovtıń “Jaman shıǵanaqtan aq tuba” roman, povestlerin payda etti.

Repressiya qurbanlarınıń táǵdiyri teması ádebiyatqa jańa tema sıpatında enip, prozada A.Sultanovtıń “Dóhmet” romanı sıyaqlı kóp ǵana roman, povest`ler payda boldı.

2000-jıllardağı qaraqalpaq romanları usı on jıllıqtağı romanshılıqtıń tikkeley jalǵası sıpatnda XXI ásir ádebiyat tariyxı saxnasına kelip kirdi.

Bul romanlardan T.Qayıpbergenovtıń "Qaraqalpaqpan. Táwekelshimen" shıǵarması xalıq tariyxı, ómir qubılısları haqqındaǵı tolǵanıslar temasına qurılsa, ekinshisi - K.Raxmanovtıń "Tuńǵısh muhabbat" romanı máńgilik muhabbat temasına baǵısh etildi. Al, A.Ábdievtiń "Jin-jıpırlar uyası" romanı bolsa tubalawshılıq dáwiri jıllarındaǵı unamsız illetlerdi hár tárepleme sáwlelendirgen shıǵarma boldı.

2010-jıldan keyin dóregen romanlardıń janrlıq formaları har qıylı boldı., M.Nızanov, G.Esemuratova, S.Bahadirova, A.Ábdiev óz shıǵarmalarında turmıstıń real kelbetin shıp beriwge urınsa, K.Karimov tariyx betlerin qayta túrtkilep bir qatar tariyxiy romanlar jarattı.

Jazıwshı K.Karimovtıń «Ullı dasht bórileri» tariyxıy romanı jaslardı ana watandı qásterlep asırap-abaylawǵa shaqırıwshı, ulıwma insanıylıq paziyletlerge tárbiyalawshı, milliy xalıqlıq ideyalar jámlengen keń kólemli shıǵarma bolıp, kórkem ádebiyatımızdı janrlıq, formalıq hám ideyalıq baǵdarın bayıtıwshı ǵárezsizlik dáwirindegi elewli dóretpelerdıń biri. Roman ele de tereńnen úyrenilip hám tallıqlaw jasawlıwı lazım bolıp turǵan shıǵarmalardıń biri, sonday-aq roman ósip kiyatırǵan jas áwladtı ata-babalardıń ibratlı isleri, qaharmanlıqları, gúressheńligi, tózimligi menen tanıstırıp, jarqın keleshek ruwxında tárbiyalawǵa xızmet etedi.

Sonıń menen birge K.Karimovtıń "Aǵabiy" romanı qaraqalpaq xalqınıń XVIII –XIX ásirlerdegi tariyxı hám onıń belgili azamatlarınıń xalıqtı jámlestiriw ushın alıp barǵan gúresleri hám qıyın táǵdirleri haqqında sóz etiledi. Kitaptıń ekinshi basılımı 2017-jılı jariyalanılıp, kitapqa I hám II tomları kiritilgen. Birinshi kitap Kósh dep atalıp xalıq turmısı sáwlelendiriledi. Ekinshi kitabı Atajurt..

Jumistin` izertlew barisinda memuarliq janrg`a sonin` menen birge ocherk ha`m avtobiografiyaliq do`retpelerdin` de tiyisli ekenligin aniqladiq.

Kompozitsiyaliq ha`m ko`rkem til o`zgesheligi jag`inan ko`rkem memuarlar avtobiografiyaliq povest`ke jaqinlasadi. Bul eki janrdi geyde ayriwg`a

mumkinshilik bolmaydi, biraq povest`te oydan toqilg`an waqiyalar ha`m qaharmanlar qatnasadi.

Juwmaqlap aytqanda qaraqalpaq a`debiyati prozasi tariyxinda memuarliq janr XX-a`sirdin` 60-jillarinan baslap payda bolg`an ha`m ha`zirgi XXI-a`sirde jan`a sipatli mazmung`a toli, tariyxiy magliwmatlarg`a ken`irek toqtag`an, ta`rbiyaliq a`hmiyetke iye g`a`rezsizlik da`wiri a`debiyatinin` jan`a formaliq izlenisi bolip tabiladi.

## Paydalanǵan ádebiyatlar dizimi


**1.**Мирзиёев Ш. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз: –Тошкент.: Ўзбекистон, 2017, 208-209-,231-б.

**2.** Мирзиёев Ш. Танқидий таҳлил, қатъий тартиб-интизом ва шахсий жавобгарлик ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак: – Тошкент.: Ўзбекистон,2017-й.

**3.** Karimov I.A. Joqarı mánáwiyat-jeńilmes kúsh.–Tashkent.: Mánawiyat, 2008, 30-31-b.

**4.** Axmetov S . Ádebiyattanıw terminleriniń qısqasha sózligi,-Nókis: Qaraqalpaqstan, 1971, 108-б.

**5.** Axmetov S, Bahadirova S. Folklorlıq terminlerdiń qısqasha sózligi.-N:Bilim, 1992,87-b

**6.** Axmetov S, Sultanov Q. Ádebiyattanıw-Nókis.:Qaraqalpaqstan, 1987.

**7.** Айтмуратов Д.Тюркские этнонимы.–Н.:Қарақалпақстан,1986

**8.** Баскаков Н.А. Модели тюрксих етнонимов и их типологическая классфикация.–Кн:Ономастика Востока.Москва, 1980.

**9.** Bazarbaev J. Ádebiyat-ibrat mektebi,-Nókis.:Bilim.2015.

**10.** Bekbergenova Z. Qaraqalpaq romanlarında kórkem sóz poetikası.-Nókis.:Bilim,2016.

**11.** Елеўкенов Ш. От фолклора – до романа – эпопен. –Алма-Ата.: Жазыўшы, 1987 350 с.

**12.** Xudaybergenov E. Adabiyotshunoslikka kirish. Tashkent.:Oqtuvchi.1995.

**13.** Хотфмов Н, Саримсоқов Б. Русское-узбекский толковый словарь литературоведческих терминов (на узбекском языке ). –Т.:Ўкитувчи.1983.-с.201

**14.** . Худайбергенов Н. Правда жизни и художественный образ.-дис докт. Филол наук –Ташкент, 1976, 63 с.

**15.** Jarımbetov Q.//Lirikadan romanǵa.// Ámudarya//, 2015, 3-san,87-, 96-б

**16.** Karimov K. Ullı dasht bórileri.–Nókis.Bilim, 2014, 5, 6, 14, 16, 20, 45, 50,57,170,228,259,260,261-б.

**17**. Kamalov S. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám onıń mámleketliginiń tariyxınan. Nókis ÓzR Ilimler akademiyası Xabarshı jurnalı.2001.

**18.** Karimov K. Aralıqlar.–Nókis.: Qaraqalpaqstan,1980.

19. Karimov K. Waqıt minarası.–Nókis.: Qaraqalpaqstan.1982.

**20.** Karimov K. Umıtılmaǵan yarım ay.– Nókis.: Qaraqalpaqstan.1984.

**21.** Karimov K. Meniń terezelerim.– Nókis.: Qaraqalpaqstan.985.

**22.** Karimov K.Araldan keldim.– Nókis.: Qaraqalpaqstan.1985

**23.** Karimov K. Kóńlim múlki.– Nókis.: Qaraqalpaqstan.2005.

24. Karimov K. Aǵabiy I II.-Nókis.:Bilim.2017..

25. Karimov K. Aǵabiy IV Qısıwmet.-Nókis: Bilim 2017.

26. Karimov K. Zardúsht. -Nókis: Bilim 2018.

**27.** Qosnazarov Q, Pazilov A, Tilegenov A. Pedagogika. – Nókis Bilim,2010. 212-213-214-b.

**28.** Sultanov Q. Prozanıń rawajlanıw jolları. – Nókis.: Qaraqalpaqstan. 1977.

**29.** Mambetov Q. Ádebiyat teoriyası.–Nókis.:Bilim, 1995.

**30**. Qurbanov D, Mamajanov Z. Sheralieva M. Adabiyotshunoslik.–Tashkent.:Akademnashr2013

**31**. Nurjanov P. K.Karimovtıń Aǵabiy romanı haqqında oylar. //Ámuwdarya jurnalı,// 2014, 2-san.

**32.** Ótemuratova H. Qaraqalpaq tariyxiy romanınıń poetikası.– Nókis.: Qaraqalpaqstan. 1997,24-б.

**33.** Paxratdinov Á. Pedtexnologiya tiykarları.– Nókis.: Qaraqalpaqstan, 2009.

**34**. Paxratdinov Á, Allambergenov K, Bekbergenova M. XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı.– Nókis.: Qaraqalpaqstan.-2011.

**35.** Rozaeva D, Usmanbaeva M, Holiqova Z “Interfaol metodlar mohiyatı va qullanishi”. –Toshkent.:TDPU nashiryoti, 2013.

**36.** Salijanov I. Nutq hám uslb,–Tashkent. ZCholpan.,2002.

**37.** Yusupov I.  Tariyxiy roman-xalıqtıń ótmish turmısı. Qaraqalpaq ádebiyatı. 2016-ж, 2- (62),